

**Фидараты Фидар.** *Хæдзармæ*

Индекс 73247

12+

МАХ ДУГ

12
2019

# МАХ ДУГ



12
2019

# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Оксана ХЕТАГУРОВА

**Редакция**
Ответственный секретарь – Асланбек КАСАЕВ
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2019

# МАХ ДУГ

12

2019

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Бæрнон секретарь – КАСАТЫ Аслæнбег
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2019

# НОМЫРЫ ИС:

**РЕДАКТОРЫ НЫХАС** ....................................................................5

**ПРОЗÆ, ПОЭЗИ**
КАСАТЫ Батрадз. Ног азы къæсæрыл. *Æмдзæвгæ* ............................7
ДЗЕСТЫ Куыдзæг. Иу ногбон æхсæв. *Радзырд* ................................8
ЧЕРЧЕСТЫ Хъæсполат. *Радзырдтæ* ..................................................16
ГÆБÆРАТЫ Феликс. Мад. *Радзырд* ..................................................22

**НОГ ÆМДЗÆВГÆТÆ**
ГОДЖЫЦАТЫ Нелли. *Æмдзæвгæтæ* ...............................................29

**САНАТЫ УАРИ: 135 АЗЫ**
САНАТЫ Уари. Чермен. *Таурæгъ* ......................................................36

**НÆ ЮБИЛЯРТÆ**
ДЫГЪУЫЗТЫ ТЕНГИЗ: 60 АЗЫ
ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз. *Радзырдтæ, æмдзæвгæтæ* ..........................63

**ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ**
ГАБОЛАТЫ Зауырбег. *Æмдзæвгæтæ* .................................................76

**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ** ..............................................................81

**КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ**
ХЪАНТЕМЫРАТЫ Æхсар. Цæссыгæхсад бæрæгбон. *Уац* ............97

**КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ**
БОЛАТАТЫ Фатимæ. Некоторые ракурсы символистского мышления в искусстве Азанбека Джанаева ...................................110
ГАСАНТЫ Валери. Фыстæг Хъазиты Мелитонмæ ........................125

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**
МУРАСТЫ Эльбрус. Этюдтæ ..............................................................128

**«МАХ ДУГ» 2019 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА** .....................136

## РЕДАКТОРЫ НЫХАС

# ФАРН УÆ АЛКÆЙ ХÆДЗАРЫ ДÆР!



Алы адæймаджы зæрдæ дæр Ног азы къæсæрыл дзаг вæййы уæлмонц æнкъарæнтæй. Фенхъæлмæ кæсы, йæ царды йыл чи нæма æрцыд, ахæм хорз хъуыддæгтæм. Иу ахæм хорздзинад Ног азы къæсæрыл æрцыд нæ журналыл дæр. Йæ мадæлон æвзагыл иузæрдион чи у, уыцы хæрзгæнджыты руаджы йæ тираж, цы уыд, уымæй дыууæ хатты фæфылдæр. Дзæвгар фæпарахатдæр сты йæ кæсджыты географион арæнтæ дæр.

2020 азы журнал нæ республикæйæ уæлдай фарны къах авæрдзæн Италимæ, Германимæ, Швейцаримæ, Туркмæ, Сыбырмæ, Мæскуымæ, Санкт-Петербургмæ, Тулæмæ, Кисловодскмæ, Владивостокмæ, Томскы облæстмæ, Красноярскмæ, Хъæрæсе-Черкесты æмæ Кæсæг-Балхъары республикæтæм, Стъараполмæ, Хуссар Ирыстонмæ, бахойдзæн республикайы фæсхъæутæй бирæ ирон хæдзæртты дуæрттæ æмæ сын ракæндзæн ирон таурæгътæ, радзурдзæн радзырдтæ, новæллæттæ, романтæ, пьесæтæ, æмдзæвгæтæ, цардæй ист хабæрттæ. Базонгæ сæ кæндзæн æрыгæтты æрмдзæфимæ. Сæ зæрдыл сын æрлæууын кæндзæн, ирон литературæйæн йæ цард чи снывонд кодта, уыцы арфæйаг фысджыты сфæлдыстад. Мидбылхудгæйæ, «æгасцуай» зæгъдзæн, цæрæццаг кæй уды фарн æмæ дзыппы бæркадæй у, уыдонæн: РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Битарты Вячеславæн, Джусойты Альбертæн (Мæскуы), Гæджиты Альбертæн (Китай), Гойаты Константинæн (Кисловодск), Пухаты Залейæн (Турк), Хуыбецты Денисæн, Багаты Русланæн (Тулæ), Цоциты Феликсæн (Томскы облæст), Джагаты Альбертæн (Владивосток), Зассеты Болатæн (Къуайса), Хъозиты Алексейæн (Мæскуы), Пухаты Альбертæн (Мæскуы), Наниты Радиславæн (Мæскуы), Гæджиты Олесяйæн (Мæскуы), Джусойты Леонидæн (Красноярск), Æлдаттаты Хъазыбегæн (Санкт-Петербург).

Ацы номхыгъд адарддæр кæнæн ис нæ журналкæсджытæй алкæй номæй дæр. Уыдон иууылдæр равдыстой се стыр уарзондзинад сæ райгуырæн Ирыстонмæ ныхасæй нæ, фæлæ хъуыддагæй. Сæхицæн сойтæ нæ домынц, фæлæ зæрдиагæй аудынц ирон æвзаджы сомбоныл.

Фæзæгъынц, Ирыстон дардæй æнцон уарзæн у, зæгъгæ. Фæлæ уыцы уарзондзинад километртæй баргæ нæу. Уый адæймагæн йæ удыхъæдæй аразгæ у.

Алкæмæн дæр нæ йæ сæйраг нысан царды у хорз фæд ныууадзын, йæ алыварс цæрæг адæмæн исты хæрзты цæуын æмæ сын цин хæссын. Уый та уыдзæн æрмæстдæр уæд, æмæ адæймагæн йæ дадзинты туг дуджы улæфтимæ æмдзæф куы кæна, искæй хæрæмттæм кæсгæйæ, хъусзæрдæйæ лæугæйæ куы нæ баззайа, фæлæ йе 'нкъарæнтæ йæ риуы денджызы уылæнтау куы сабухой.

Цы хъæуы амондæн лæджы? Мулк, æхца, фыды бынтæ, бирæ хæлæрттæ, стыр бынат, уæлæнгай цинтæ? Æрмæстдæр – æнкъараг зæрдæ! Йæ бон лæджы хъыг æмæ рис кæмæн у бамбарын, лæджы цинил цин кæнын æнæ хæлæгæй, цæстуарзонæй, ахæм зæрдæ. Уымæй хайджын сты, уæлдæр кæй кой скодтон, уыдон æмæ ма, Ирыстоны цæргæйæ, йæ адæмы фарсмæ æрмæст хус ныхасæй нæ, фæлæ, сомбонил хъуыды кæнгæйæ, хъуыддагæй йе 'мварс чи балæууы, уыдон иууылдæр.

Нæ зынаргъ журналкæсджытæ! Бузныг уын, афæдзы дæргъы не 'мцæдисонтæ кæй уыдыстут, уый тыххæй! Кæй цин кодтат суанг нæ гыццыл æнтыстытыл дæр! Журналы дыууадæсæм номыры цал дамгъæйы ис, уал хорздзинады уыл æрцæуæд ног 2020 азы.

Нæ размæ сæвæрдтам фылдæр хæстæ, цæмæй уын уæ зæрдæтæ барухс кæнæм ног æрмæджытæй. Фидæны нæм æнхъæлмæ кæсы цымыдисаг рауагъдтæ Гæдиаты Секъайы, Барахъты Гинойы, Джусойты Нафийы, Джыккайты Шамилы, Хаджеты Таймуразы æмæ нæ иннæ зындгонд фысджыты мысæн бонтæм. Уæ размæ рахæсдзыстæм, ныронг джиппы уагъд чи нæма уыд, ахæм цымыдисаг æрмæджытæ. Сæрмагонд арфæ – нæ автортæн. Уæ алы уацмыс дæр журналæн ахады йæ цæрæнбонил!

Ног азы къæсæрыл уын нæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад æмæ фæрныгад! Дуджы хорзæхтæй хайджын ут!

# ПРОЗÆ, ПОЭЗИ

*КАСАТЫ Батрадз*

## НОГ АЗЫ КЪÆСÆРЫЛ

Бадын, кæсын дæм æнхъæлмæ,
Рæстæг дыууадæс у тагъд,
Фæлæ кæм дæ?
Кæд æрбарвыстай дымгæйы барæй,
Цæмæй
Ма зона зæрдæ ‘нцой,
Æмæ уымæн ныххойы мæ дуар.
Фæлæ уæд мæ хъустыл
Куыд нæ уайы фæндыры зæл?..
Æви фестадтæ митын гæбына
Æмæ дæ фаззон хотимæ
Ахсæв мæ рудзынг рæвдаут.
Уæгъды алидзгæ рагбонтау
Уайтагъд атайут ме ‘нгасæй.
Ногбон æхсæв нæ фæфæччы сайын.
Курын, мæ сыгъдæг уарзт
Ацы бæрæгæхсæв
Амондмæ кувæджы сагъæстæй бахиз.
Урс уарзты цæхæрмæ,
Царды сыгъдæг удтæм –
Сабиты амондмæ,
Фидыд, рæстдзинадмæ
Бакувæм иумæ,
Мидæмæ рахиз.

*ДЗЕСТЫ Куыдзæг*

# ИУ НОГБОН ÆХСÆВ

*Радзырд*

1

Фæцис зымæгон цыбыр бон. Æрталынг. Гæмсырæн йæ кусарт сцæттæ, æмæ ныртæккæ æххуыс кæны йæ ус Косерæн.

– Пец мæхи бар уадз, акæс-ма та! – дзуры Косер йæ лæгмæ æмæ йын æртысгæн райста йæ къухæй.

– Гъо, дæумæ гæсгæ мæ акастæй тагъддæр æрбахæццæ уыдзысты,– тызмæггомау загъта Гæмсыр, фæлæ уæддæр сыстад æмæ рацыд уынгмæ.

Кæсгæ нæ, фæлæ хъусгæ дæр ма акодта алырдæм, искуыцæй кæд машинæйы уынæр цæуы, фæлæ – никуы æмæ ницы. Йæ хъæбысы – сугтæ, афтæмæй æрбаздæхт хæдзармæ. Сугтæ пецы бын бавæрдта æмæ æнæдзургæйæ æрбадт бандоныл.

– Никуыцæйма зынынц? – афарста йæ Косер.

– Дæлæ дуармæ лæууынц, фæлæ сæ æз не ’рбауагътон,– дзуапп радта Гæмсыр ноджы тызмæгдæрæй.

– Цавæр бындз та дыл фæхæцыд?

– Æмæ уæдæ æдылы фæрстытæ цы кæныс? Искуыцæй куы зыниккой, уæд сын хæдзар амонын хъæуы!

– Омæ мæсты та цæмæн кæныс, мæсты? Абон нæ фидауы маст кæнын. Афтæмæй дæ куы ’рбаййафой, уæд та уыдон дæр фенкъард уыдзысты.

– Æз мæсты нæ кæнын, фæлæ мæ ды цы баййардтай, ды? Нырма аст сахаты йеддæмæ нæу, æмæ ма Ногбонмæ æнæхъæн цыппар сахаты ис...

– Мæ фыдбылызтæ – дæ хай, кæд дын Ногбоны зæдтæ сæ цонджы сахæттæм нæ кæсынц! Æхсæвæрафон у, мæ кæрдзынтæ ныууазал уыдзысты.

Æддаг дуары хъæр аскъуыдта ус æмæ лæджы ныхас. Уый уæлвæд къæсæрæй æрбазынд хистæр фырт Дзамбол – районы МТС-ы агроном.

– Цæй, уе ’хсæвтæ хорз, фæлæ... Баба, хыл кæнын ма сфæнд кæ,

ахсæв дын дзы ницы рауайдзæн! – зæгъгæ, лæппу фæраздæр, йæ фыды цæсгоммæ куы бакаст, уæд.

– Хыл нæ кæнын, фæлæ, аипп ма уæд, кæм уыдтæ ныры онг?

– Нæ директоры машинæмæ æнхъæлмæ кастæн æмæ уый тыххæй бафæстиат дæн. Стæй уæзласæн машинæйæ рацыдтæн æмæ фыдæбонæй амардтæн.

– Уæддæр ма удæгасæй кæй æрбахæццæ дæ! Къулбадæг! Æнæ «Победæ» мын къахдзæф дæр нал кæнынц...

– Уазал у, баба, уазал! Æнæхъæн сахат афтæмæй фæцу, уый дæм ницы кæсы?

– Æз дæр ма ууыл дис кæнын, бынтон куыд нæ ныссалдтæ!

– Рауай-ма, нана, мæнæ баба хыл кæны! – ахъæр кодта Дзамбол æддаг уатмæ йæ мадмæ.

Косер æрбакаст къæсæрæй.

– Уый ныхæстæм ма хъус, фæлæ чындз æмæ сывæллон та цæуылнæ æрбацыдысты?

– Ныртæккæ сæ ардæм хъæуы. Хъасбол сæ йæ машинæйæ раласдзæн.

– Уыдон дæр та «Победæ»-мæ æнхъæлмæ кæсдзысты, уæдæ цы! – йæ ныхас та баппæрста Гæмсыр.

– Дæ дзыхыл ма фæхæц! – йæхи йæм нал баурæдта ус, стæй уæд йæ фыртмæ: – Хъусгæ дæр æм ма кæ! Ай адджын цайыл дæр иучысил бырц куы'нæ акæна, уæд ын ад нæ кæны...

– Ды та цæхджын джитъритæ дæр мыдимæ уарзыс, фæлæ ма бамбарын кæн дæ цотæн: дыууиссæдз азы размæ, хохы ма куы цардыстæм, уæд-иу Ногбонты размæ зымæгон æфцæгыл мæ нартхоры уаргъимæ куыд æрхæццæ дæн, уый...

– Омæ уый раджы уыди, бын бауай, æмæ ма адон дæр афтæ хъуамæ хæссой?

– Адоны хæссыны сæр ницæмæн хъæуы, фæлæ скъулбадæг сты æмæ ницæуылуал æрвæрсынц, æгъгъæд сæм ницыуал кæсы. Уæдæмæ хъæбæрхоры кæрдзынæй дæр сæ гуыбын куы не 'фсæдид, уæд æндæр ныхæстæ кæниккой.

– Ферох сæ кæ, баба, уыцы фыдæбæттæ, æгъгъæд сын у!

– Нæ сæ рох кæнын, нæ! – хъæрдæр æмæ мæстыдæрæй райдыдта Гæмсыр. – Раджы цы уыд, уый чи рох кæна, ахæм адæймаг, ныр цы ис, уымæн аргъ кæнын никуы базондзæн...

2

Æнхъæлмæ кæмæ кастысты, уыдон дæр æрбахæццæ сты: Гæмсыры астæуккаг фырт Хъасбол – индзылер, йæ ус æмæ йæ астаздзыд лæппу Валерик, стæй хистæр фырты ус æмæ чызг.

– Уæдæ та кæстæр лæппу ацы аз дæр не ссыд, и, – фæрсæгау сдзырдта Гæмсыр æмæ, Хъасбол дзуаппы бæсты йе уæхсчытæ куы базмæлын кодта, уæд ма йæ ныхасыл бафтыдта: – Гъеныр уый дæр къæбæда нæу! Ацы аз дæр та нæ фыдæнхъæл фæкодта.

– Хабаровскæй ардæм афтæ æнцон суайæн нæу, баба.

– Æмæ дзы зынæй та цы ис? Айфыццаг мæхæдæг кастæн газеты. Мæскуыйæ, дам, Хабаровскмæ иу активнæй хæдтæхæг...

– Реактивный...

– О, ахæм ног цыдæр, фараст сахатмæ ныххæццæ вæййы.

– Уый æцæг афтæ у.

– Æмæ афтæмæй дыууæ боны цыд йеддæмæ ма у?

– Нæ зонын... – æндæр дзуапп нал ссардта фырт.

– Уæдæмæ уый дæр скъулбадæг ис, æмæ уый зæгъай...

Косер «къулбадæджы» кой куы фехъуыста, уæд уайтагъд фæмидæг фырт æмæ фыды астæу æмæ сæ фæхицæнтæ кодта.

Гæмсыр цалынмæ чындзыты къухтæ иста, сывæллæттыл цин кодта, уæдмæ йæхи фæурæдта. Мидæмæ, хæдзармæ, куы бацыдысты, уæд та нал фæлæууыд:

– Цæй, аипп ма уæд, уæ мад дæр мын бафæдзæхста, фæлæ уæддæр куыд æрæгмæ цыдыстут?

– Баба, æз бæргæ раджы срæвдз дæн, фæлæ мæнæ сылгоймæгтæн нал æмæ нал æнтыст, æмæ бафæстиат стæм, – загъта Хъасбол.

Хистæр лæппуйы чызг сфæнд кодта йе стыр маст Гæмсырæн радзурын, стæй иннæты дæр сраст кæнын.

– Зоныс, дада, абон æмбисбонæй нырмæ горæты магазинты фæзылдыстæм æмæ дзы иунæг тъорт дæр не ссардтам. Уый дæм диссаг нæ кæсы?

– Уæу, мæнæ царциаты диссаг! – йæ армытъæпæнтæ ныццагъта Гæмсыр.– Ау! Æмæ дзы бирæ куы вæййы?

– Бæгуыдæр дзы вæййы, фæлæ бæрæгбонмæ алчидæр фелхæны, æмæ дзы нал уыд.

– Æмæ уæдæ ныр æнæ тъортæй нæ бабын стæм?– æцæгхуызæй фæрсы Гæмсыр.

– Æз ма фыр мæстæй кæугæ дæр скодтон, ардæм дæр нал куымдтон, фæлæ мæ уæддæр ракодтой, – зæгъта чызг æмæ йæ цæстытæ доны разылдта.

– Гъе, æмæ, зæгъын, амæй ма бæллæхдæр исты уыдзæн? – зæгъгæ, Гæмсыр йæ цæст ахаста бинонтыл фæрсæгау.

Лæппутæ схудтысты. Чызг дæр ныр фембæрста, Гæмсыр хъазгæйæ кæй дзырдта, уый.

– Ды та, дада, иууылдæр худгæ фæкæныс!– зæгъгæ, чызг азгъордта иннæ уатмæ.

– Уыимæ дæр та фæхыл дæ, баба,– хъазгæйæ сдзырдта Дзамбол.

– Æмæ ма æндæр кæимæ фæхыл? – фæрсы Хъасбол.

– Мæнæн алывыд акалдта, скъулбадæг, дам, стут, æнæ «Победæ» къахдзæф дæр нал кæнут.

– Æмæ цы! Раст нæ зæгъын? Айфыццаг де ’мбæлттимæ ам æхсæвбонмæ куы фæбадтыстут æмæ дын афтæ куы загътон, иучысыл уал дæхи æруадз, кæннод хуыссæгхъæлдзæгæй дæ куыстмæ куыд бацæудзынæ. Æмæ ды афтæ: «Мæнæ машинæйы цæугæ-цæуын афынæй кæндзынæн». Цымæ зымæгон æфцæгыл, дыууæ путы нартхор де ’ккой, афтæмæй, астæумæ миты лæгæрдгæйæ та цæугæ-цæуын куыд фынæй кæнис? Науæд а фæззæджы горæты сымахмæ куы уыдтæн, уæд дын кæсын, æмæ дæ чызг цæуылдæр тъизы. Бацыдтæн æм, зæгъын, цы кæныс? Æмæ, дам, скъоламæ цæуын, æмæ, мæ къæхтыл цы скæнон, уый нæй. Афтæмæй йæ разы цыппар фæлысты дзабыртæ. Зæгъын, адонæй цæуылнæ исты скæныс? Æмæ мын сæ ранымадта: сæ иутæ сæрдыгон туфлитæ сты, иннæтæ зымæгон батинкæтæ, æртыккæгтæ – хæдзары мидæг дарынæн, цыппæрæм фæлыст та, дам, быдыры куы фæкусын, уæд сæ скæнын. Кæсут уымæ! Æз та, зæгъын, дæ цахъхъæнæй дæс азы дæргъы сæрдæй-зымæгæй уыцы иу фæлыст дзабыртæ фæдардтон. Сайыс, зæгъы, дада, иу фæлыст дзабыртæ дæс азы нæ фæлæууынц. Нæ сайын, зæгъын, ныртæккæ дæр мæ уæлæ сты, фæлæ æддæмæ нæ зынынц. Уайтагъд мын мæ цырыхъхъытæ ласыныл фæхæцыд. «Кæм сты, уæдæ?» – фæрсы мæ, мæ цъындатæ мын куы раласта, уæд. Æз ын мæ гом къæхтæ равдыстон, зæгъын, афтæ бæгъæмвадæй цыдтæн, дæу цахъхъæн куы уыдтæн, уæд. Фæтæргай та мын уæддæр. Кæсут æм ныр! Тъорт не ссардта æмæ фæкуыдта...

– Æвæдза, раст зæгъы баба... – райдыдта Хъасбол йæ фыды

ныхасмæ гæсгæ. Уый йæхæдæг дæр ма æрæййæфта уыцы цард сæ ралидзыны агъоммæ, йæ цæстытыл ма дзæбæх уадысты революцийы размæ царды нывтæ. Æмæ ныр дзырдта, уæд куыд уыди æмæ ныр куыд фендæр цард.

Гæмсыр нæ хъуыста йæ фырты ныхасмæ. Æрмæст-иу хицæн дзырдтæ ауадысты йæ хъустыл, æмæ уыдон дæр ныгъуылдысты йæхи хъуыдыты бын. Йæ зæрдыл та æрлæууыдысты рагон царды нывтæ...

...Зымæгон изæр. Хæххон сæгæйдзаг хæдзар. Хæдзары бæстастæу къонайыл хуылыдз бæрз цъыхырытæ цъысцъысгæнгæ фæздæг калынц. Æхсæвæрафон. Мад æмæ йе ’нахъом лæппу бадынц арты фæйнæ фарс æнкъардæй. Кæдæй нырмæ æнхъæлмæ кæсынц сæ фыдмæ. Хъуамæ изæрæй æрхæццæ уыдаид... Фæлæ мæнæ æрхæццæ йæ уаргъимæ фæсæфцæгæй. Йæхи хуызæнæй йæм ницыуал ис. Йæ рихитæ æмæ йæ зачъетæ ихын къæцæлтæй ныхъхъандзал сты. Салд æрчъитæ нæ комынц ласын.

Мад цуайнаджы афыхта нартхор... Цæкуытæ... Цы диссаджы адджын уыдысты!

Бирæ нал ацард фыд. Гæмсыры ныуагъта фыййаухъомæй. Фыдцард ноджы фæфыддæр. Азтæ, сæ иуæй иннæ мæллæгдæрæй, ныддаргъ сты кæрæдзи фæстæ.

Мад дæр ма тыхтæй-амæлттæй йæ фыртæн ус æрхаста, стæй йæ удхары царды таг аскъуыд...

«Ау! Æппын куыд ницы амал хъуамæ уыдаид хуыздæр цæрынæн?» – хъуыды кæны Гæмсыр уæды царды тыххæй æмæ йæхиуыл дæр куыддæр дызæрдыг кæнын байдыдта. Цыма йæ нал уырны... Æниу, цы фадат уыдис? Стыр дурцæндты ’хсæн нарæг зæххы гæбæзтæ азæй-азмæ ноджы къаддæр кодтой, æмæ цард та зæххæй цыди.

Цыдысты азтæ. Германы хæст. 1917 аз. Октябры революци. Советон хицауад. Быдыры бæстæм ралыгъд.

Дзадджын æмæ парахат саумæр зæхх. Цас фендæрхуызон цард! Æмæ уый диссаг куыд нæу, фæлæ ма ноджы цас гæнæнтæ ис, цас! Цæйбæрц бирæ хорз мадзæлттæ ма ис цард ноджыдæр фæхуыздæр кæнынæн, фæлæ зæфцы фыдæй къуылымпы цас кæны!

Фæстаг хъуыдытæ фæуæлахиз сты рагон царды нывтыл, æмæ Гæмсыры раз æрлæууыдысты йæ абон æмæ йæ райсом.

– ...Иу къахвæндаг йеддæмæ нæ хъæумæ никæуылты уыд æрбацæуæн, ныр та дзæбæх сосæвæндагыл дæ тæккæ хæдзары раз рахиз машинæйæ, – йæ ныхас дарддæр кодта Хъасбол. Уыцы ныхасмæ Гæмсыр йæ сæрыл бæрзонддæр схæцыд æмæ бакаст йæ фыртмæ.

– Дæумæ гæсгæ, уый дзæбæх фæндаг у, и?

– Ома, дзæбæх, зæгъгæ, фæлæ уæддæр, хохы куыд уыди, уыимæ абаргæйæ...

– Хохы кой мауал кæ, фæлæ, мæнмæ гæсгæ та уый хуыйны фæндаг нæ, фæлæ дзыхъхъытæ-мыхъхъытæ.

– Алы хъæумæ асфальт фæндаг ацаразын æнцон нæу паддзахадæн...

– Æмæ дын чи зæгъы асфальт? Æнæ асфальт хорз фæндаг нæ вæййы? Стæй паддзахады кой цæмæн кæныс? Æз æй банымадтон æмæ, нæ хъæуы цы хъомыл нæлгоймæгтæ ис, уыдонæй алкæмæ дæр хауы фондз кæнæ фылдæр-фылдæр дæс метры. Цас диссаг дæм кæсы уал метры саразын? Стæй афтæ арæзт куы фæуа, уæд паддзахадмæ дæр бадзур: йæ апп ын мах сарæзтам, йæ цъар та сымахæй фæуæд, и?

– Афтæ бæргæ хорз уаид...

– Бæргæ нæ, фæлæ кусын хъæуы, кусын! Уæлæ-ма нæ цырагъмæ скæс! Йæ цæст фæныкъул-фæныкъул кæны æмæ хаттæй-хатт йæхи фенынй фаг дæр нал фæрухс кæны. Уый та дын нæ электростанцæ...

– Хъæдын цырагъæй дæр та фыддæр у? – йæ ныхас баппæрста Дзамбол.

– Хъæдын цырагъы кой мауал кæ... Мæнæ амæн исты мадзал хъæуы. Фондз азы размæ фаг уыди, фæлæ ныр нал æххæссы. Æз фарстон, зæгъын, цæмæн афтæ мæнг рухс кæны, æмæ, дам ын дон нæ фаг кæны, йæ уаргъ та æгæр бирæ сси. Æмæ, зæгъын, уыцы дон кæцæй рауагътам, уый фарсмæ иннæ комы дон дæр йæ тæккæ фæрсты куы цæуы. Уымæн та, дам, къанау къахын хъæуы. Æмæ уый цас диссаг у? Æгас хъæу лæгæй, усæй иу-æртæ боны куы ауаиккой, уæд сын фæуаид куыст.

– Нæ сæ ’вдæлы колхозонты дæр, быдыры куыстытыл дæр не ’ххæссынц, баба, уыдоны аххос нæу,– загъта Хъасбол.

– Уæдæмæ скъулбадæг сты, æмæ уый зæгъай. Науæд уыдон ма ’вдæлæд, дæуæн дæхи дæр не ’вдæлы?

– Æз та дзы цы дæн?

– Куыд цы дæ? Горæты стыр заводы кусыс, æмæ дын иу-дыууæ

километры дæргъæн æфсæн хæтæлтæ зын ссарæн сты?

– Уыдон та цæмæн?

– Нæ хъæумæ дон рауадзиккам комæй, æмæ адæмы цард фенцондæр уаид...

– Æгæр дæрдтыл ахæцыдтæ, баба! – йæ ныхас та баппæрста Дзамбол.

– Фæлæуу! Дæумæ дæр мæ хъæуы... Фæрсгæ дæ кæнын: нæ разы ацы фынгыл нæхи колхозы конд сæн цæуылнæ ис?

– Мæн дзы фæрсыс?

– Уæдæ кæй? Агроном нæ дæ? Нæхи цæхæрадоны цалдæр къутæры ныссагътай сæнæфсиртæ, тынг хорз æрзайынц, фаг сты харынæн дæр, фæлæ дæм уый æгъгъæд кæсы? Колхоз цæуылнæ кæны сæнæфсиры куыст? Колхозонтæй алкæй цæхæрадоны дæр цæуылнæ ис сæнæфсир сагъд?

Куыдфæстæмæ хъæрдæр кодта Гæмсыры ныхас. Йæ дыууæ фырты ныхъхъус сты. Йæ ныхас нал фæуд кодта. Йæхæдæг у колхозы мыдгæс. Æртæ азы дæргъы колхозы мыды чыргъæдты нымæц дыууæ хатты фæфылдæр кодта. Фæлæ ма цас гæнæнтæ ис, цас! Тæккæ хъæугæрон хуссарварс æртиссæдз гектары бæрц зæхх дзæгъæлы сæфы, хус какон сындзæй урс-урсид дары, сæрвæтæн дæр ма ницы ахъаз у. Дыргъдонæн ма хуыздæр цы уа!

Дзырдта Гæмсыр, æмæ цæстытыл уад: рæсугъд даргъ сырх автобус асфальтцъар хъæууынгты ленкгæнæгау фæуайы. Фæйнæрдыгæй хæдзæртты къултæй, æмбондты сæртæй разындысты ставд цупал сæнæфсиртæ æмæ цыкурайы фæрдгуытау тæмæнтæ калынц хурмæ. Æрæджы дæр ма æрмæст нартхор æмæ картоф конд цы цæхæрадæтты уыд, уырдыгæй сæ къабæзтæ радаргъ кодтой сырхварс фæткъуытæ æмæ бурбын кæрдотæ...

Косер зыдта йæ лæджы ахаст æмæ сфæнд кодта уыцы «хъуыддаджы» ныхас фæцыбыр кæнын. Йæ дыууæ чындзы къухты фæйнæ тæбæгъы фæсагъта – уæливыхтæ æмæ гогыз, йæхæдæг та – сæ разæй, афтæмæй бахызт къæсæрæй. Тæккæ уыцы рæстæджы Гæмсыр кодта сæ хæдзары кой. Сæ дыууæ зæрондæн фагæй уæлдайдæр ма у, фæлæ бинонтæ се ’ппæт куы æрæмбырд вæййынц, уæд нал фæфаг кæны, æмæ ног хæдзар аразын хъæуы, зæгъгæ.

Косер къæсæргæрон йæ къух бæрзонд сдардта, йæ мидбынаты

ныллæуууыд, афтæмæй. Лæппутæ сæ каст скодтой сæ мадмæ. Гæмсыр йæ усы куы ауыдта, уæд цæхгæр фæурæдта йæ ныхас.

– Цы хабар у?

– Табуафси, докладгæнæг, ныхасы бар!

– Гъы, дæ хорзæхæй!

– Алцыдæр ранымадтай, фæлæ ма дæ иу цыдæр ферох. Дæ разы ма дæ зачъетæм бакæс. Иунæг сау æрду дзы нал ис. Æмæ дæ фæрсгæ кæнын: кæдмæ цæринаг дæ, мæлынмæ никуы хъавыс?

Гæмсыр ахæм фарст æнхъæл нæ уыд æмæ куыддæр æгуыппæгæй аззад. Хистæр лæппу йæ худын нал баурæдта. Уалынмæ иннæтæ дæр ныххудтысты. Гæмсыр йæ цæст ахаста йæ бинонтыл, йæ мидбылты бахудт æмæ дзуры:

– Сымахардыстæн, гъе уый мæ, æцæг, ферох, мæ хъуыдыйы никуы ’рцыд...

– Уæдæ, цалынмæ Ног аз Мæскуыйæ расидой, уæдмæ уал зæронд азы афæндараст кæнут! – загъта Косер æмæ чындзытæн æрæвæрын кодта сæ тæбæгътæ.

Гæмсыр куывта, фарон чи ’рцыд æмæ ныртæккæ чи фæцæуы, уыцы азæн; куывта, зæронд аз йæ фæдыл цы Ног аз æрбакæны, уый амондæн. Бинонтæ хъуыстой æмæ зæрдиаг «оммен» кодтой Гæмсыры бæллицтæн. Астаздзыд Валерик дæр хъуыста хистæры куывдмæ, æмæ йæ цæстытыл уади, мæнæ сывæллæтты журналты цы нывтæ вæййынц, уыдон: даргъбоцъоджын зæронд лæг стыр урс кæрцы мидæг бæрзонд наз бæлæсты хъæды æрбацæуы, арф миты лæгæрдгæ, худæнбылæй æмæ йæ фæдыл æрбакæны Валерикæн йæхи йас лæппуйы. Сабийæн йе ’фцæгыл – даргъ лент æмæ йыл фыст: НОГ АЗ – НОГ АМОНДИМÆ!

*ЧЕРЧЕСТЫ Хъасполат*

# НОГБОНЫ ТЪОРТ

Мæбегæй афтæ зæгъæн нæй, æмæ уый, мæнæ иуæй-иу æнæджелбетт сиахстау æхсæвæй-бонæй йæ каистæм къахихсыд бацис æмæ сын сæ хæдзары рудзынгæй рагудзи-рагудзи фæкæны. Цæуы сæм æгъадауыл: куы – цины, куы та – æндæр хъуыддæгты фæдыл.

Фæстаг рæстæг йæ каис, йæ бинойнаджы мад Мисурæт, уæззау рынчын у, сынтæгæй фылдæрхатт зынтæй расты – æмæ йæ уымæ гæсгæ арæхдæр абæрæг кæны Мæбег. Уæдæ цы кæна. Сиахсæн афтæ æмбæлы. Хорз сиахсы та каистæ сæхи бинойнагыл фæнымайынц, æмæ уыцы кады аккаг уæвынил зæрдиагæй архайы Мæбег дар.

Мисурæт йæхæдæг куыд фæзæгъы, афтæмæй Мæбег йæ уарзондæр æмæ адджындæр сиахс у. Хуыцау ын цы иунæг цъæхдзаст чызг Зæирæйы балæвар кодта, уый цардæмбал у. Мисурæтæн йæ зæрдæ æрмæстдæр адоныл лæууы, йæ уæззау низыл дæр, йæ кæстæрты циныл цингæнгæйæ, уæлахиз кæны. Ам, горæты, йæ хæдзар æмæ йæ рæбыны цыдæриддæр дзаумайæ, мулкæй ис, уыдон иууылдæр йæ чызг æмæ сиахсыл бафæдзæхста. Арвæй зæххы ‘хсæн йæ уд уыдоныл лæууы. Куы амæла, уæддæр йæ ныгæнын адонмæ кæсы, æмæ сын ницы æвгъау кæны, райгонд æмæ сæ зæрдæрухс у алцæмæй дæр.

Мæнæ та иннæ хæттытау Мæбег æмæ Зæирæ сфæнд кодтой ацы Ног аз дæр Мисурæтимæ иумæ сбæрæг кæнын. Мæбег Мисурæтæн балхæдта диссаджы рæсугъд дидинджыты баст æмæ стыр тъорт.

Мисурæт зыдта, йæ чызг æмæ йæ йе сиахс ацы хатт дæр æнæ бабæрæггæнгæ кæй нæ фæуыдзысты, æмæ йын кæд цыфæнды зын уыд сынтæгæй растын, уæддæр йæхи фæхъæддых кодта æмæ ма суанг чъиритæ æмæ фыдджынтæ кæнынæн хыссæ дæр скодта. Ныр уартæ арынджы йæ конд хыссæ хæрдмæ уыцы хæмпусæй снæрсти. Бастыгъта нурытæ, æрцæттæ кодта фыдджинаг, цæттæ у йæ цыхт дæр, æмæ æнхъæлмæ кæсы, хуры скастау ын адджын цы хъæбул æмæ сиахс сты, уыдоны фæзындмæ. Уæлдай тынгдæр та фæмысы йæ хъæбулыхъæбул чысыл Зæлинæйы. Мисурæтæн уый йæ удлæууæн, йæ удыгага у.

Мæнæ байгом Мисурæты фæрныг хæдзары дуар. Мидæмæ, фыццаджыдæр, æрбазгъордта чысыл Зæлинæ æмæ уайтагъд февзæрд йæ нанайы хъæбысы.  Мæбег, Зæирæ Ног азы арфæтæ ракодтой Мисурæтæн æмæ сæ лæвæрттæ – дидинджыты баст æмæ стыр тъорт – æрæвæрдтой стъолыл. Цинтæн, хъæбыстæн нал уыд кæрон дæр. Уыдонмæ кæсгæйæ, Мисурæтæй ферох сты йе 'ппæт низтæ дæр, æмæ райдзаст мидбылхудт нал æмæ нал цух кодта йæ цæсгомæй. Уазджыты æрбацыдыл уæлдай тынгдæр та цин кодта Мисурæты гыццыл куыдз Пушок. Дæргъмæ цалдæр уыдисны бæрц йеддæмæ нæу, фæлæ-иу уазджытæм, цингæнгæйæ, хæрдмæ сгæпп кодта. Пушок хъазынæй не 'фсæст Зæлинкæмæ.

Зæирæ Мисурæтæн загъта, фыдджынтæ æз мæхæдæг ракæндзынæн, ды та уал Зæлинкæимæ   телевизормæ кæс, зæгъгæ.

Мисурæт дæр дыууæ нал загъта йæ чызджы ныхасыл, не схъæр кодта, йæ сæр кæй зилы, йæ астæуыстæг æй срæхой-срæхой кæй кæны, уый дæр æмæ сындæггай йæхи диваныл æруагъта. Зæлинкæ йæ мадмæ бауад æмæ йын лæгъстæгæнæгау афтæ: "Мамæ, цалынмæ ды чъиритæ кæнай, уæдмæ уал ма нанайæн йæ тъортæй иу хай радтæм".

– Гъы, мæнæ гæды рувас, тъортмæ дæхи мондæгтæ уайынц, æмæ йæ нанайы æфсон кæныс, и... – бахудт мад.

Зæирæ тъортæй цалдæр  кæрдихы ралыг  кодта. Мæбег тъорты иу карст Зæлинкæйæн радта, иннæ цалдæр хайы та бахаста Мисурæтæн.

Мисурæт дзы  куы скомдзаг кодта, уæд йæ сиахсæн зæрдæбын арфæтæ ракодта:

– Бузныг, стыр бузныг уын... Мæныл ныр цыппарыссæдз азæй фылдæр цæуы, æмæ ахæм адджын, хæрзад тъорт фыццаг хатт хæрын... Ацы тъортау адджын цард фæкæнут, мæ хъæбултæ...

Тъорт тынг фæцыд Зæлинæйы зæрдæмæ дæр. Ногæй та дзы бацагуырдта дыккаг, æртыккаг хай дæр... Зæлинкæ  куыд зæрдиагæй хордта, уымæ кæсгæйæ, æвæццæгæн, сцыбæл Пушок дæр æмæ йæ тæнæг даргъ æвзагæй йæ былтæ астæр-астæр кодта.

Мæбег фæтæригъæд кодта куыдзæн, бафарста Мисурæты, Пушок адджинаг фæхæры, зæгъгæ.

– Пушокæн къафеттæй, печенитæй æмæ æндæр адджинæгтæй фылдæр мацы ратт, тынг бирæ сæ уарзы,  –  дзуры Мисурæт.

– Æмæ тъорт дæр бахæрдзæн?

– Искуыдæр ма нæ,– бахудт Мисурæт.

Мæбег дзы уæд иу карст ралыг кодта æмæ йæ радта Пушокæн.

Уый йæ уайтагъддæр уыцы зыдæй ахордта, æмæ йæ цæстæнгасæй бæрæг уыд, ноджыдæр ма йæ кæй хъæуы, æмæ йæ къæдзил ратилбатил кодта.

Фæлæ уый та циу? Тъорты иу карст куыддæр ахордта, афтæ Пушокæн йæ къæхтæ йæ бынаты фатасыдысты, ныдздзой-дзой кодта, цыдæр æнахуыр хъæрзт ныккодта æмæ, хъист-хъистгæнгæ, иннæ уатмæ сынтæджы бынмæ балыгъд. Уырдыгæй хъуыст йæ тыхулæфт æмæ нæтын. Мæбег фæтарст. Йæ цæсгом афæлурс. Тарст цæстытæй кæсы йæ каис Мисурæтмæ. Йæ дзыхы ныхас нал бады. Ризæг ыл бахæцыд. Алы уæззау хъуыдытæ йæ сæры февзæрдысты: æвæццæгæн мын, бирæ чи фæлæууыд, ахæм тъорт рауæй кодтой, фæхæццæ йæм цавæрдæр маргхъæстæ, æмæ ныр куыдз дæр йæ уд уымæн исы. Куыдз ма цы фæуинаг у, уый фæуæд, фæла мын Мисурæт æмæ Зæлинкæ дзæбæхæй куы аирвæзиккой...

Уыцы рæстæг райхъуыст Мисурæты хуыфын. Мæбег бынтондæр старст. Зæирæмæ фæхъæр кодта, æмæ йын уый агуывзæйы дон раскъæфта. Зæронд ус уæддæр нæ банцад йæ хуыфынæй.

«Оу, мæнæ цы бæллæхы бахаудтæн», – бынтондæр скатай Мæбег. Фырадæргæй ма дзуры йæ бинойнагмæ: «Зæ... Зæирæ... Рæвдздæр ма фæдзур тагъд æххуысмæ!.. Дохтыртæм!..»

Мисурæт не 'мбары, цы хабар у, уый æмæ йæ алыварсмæ кæсы æнæмбаргæ цæстытæй.

Мæбеджы сæры та февзардысты алыхуызон сау хъуыдытæ: «Фыдзæрдæ йæм чи дары, уыдон ныр дзурдзысты, Мæбег, цæмæй йæ каисы бынтæ, йæ хæдзар тагъддæр йæхирдæм фæкæна, уый тыххæй ын тъортыл барæй марг ныккодта, æмæ...»

Уыцы хъуыдытæ йын æнцой нæ дæттынц, афтæмæй Мæбег тарст цæстытæй нымдзаст вæййы Мисурæты фæлурс цæсгоммæ. Йæ зæрдæ æхсайы Зæлинкæмæ. Зæирæ дæр мадæй чызджы 'хсæн дыууæрдæм разгъор-базгъор кæны. Уалынмæ чысыл Зæлинкæ, цингæнгæйæ, ныхъхъæр кодта: «Ура!... Ура!... Пушокæн гыццыл къæбылатæ фæзынд!..»

Зæирæ дохтыртæм нал адзырдта. Телефоны хæтæл фæстæмæ йæ бынаты æрæвæрдта æмæ мидæггаг уатмæ Мæбегмæ базгъордта. Уым

Зæлинкæйы раз фæкомкоммæ сты æртæ чысыл къæбысмæ. Сæ иу дзы уыд бурхъус, иннæ – урсхъулæттæ, æртыккаг та – бынтон сау. Пушок фырцинæй йæ къæбылаты былтæ йæ тæнæг сыр-сырхид æвзагæй астæр-астæр кодта æмæ йæ пух къæдзил дыууæрдæм тылдта.

Мæбег æмæ Зæирæ фембæрстой хъуыддаг, дыууæйæ дæр ныххудтысты æмæ кæрæдзийæн ныхъхъæбыс кодтой. Пушокы хабар радзырдтой Мисурæтæн дæр, загътой йын, Зæлинкæима сын мæлынæй куыд старстысты, æмæ зæронд ус дæр семæ хъæрæй фæхудтис.

Зæирæ фыр цинæй арт фестади, уайтагъд чъиритæ, фыдджынтæ кæнынмæ февнæлдта. Ног азы райдайæнмæ уайтæккæ ацæттæ кодта бæрæгбоны фынг. Хистæрæн сбадын кодтой Мисурæты, æмæ, куыддæр телевизорæй Кремлы сахаты куранттæ ныццагътой, афтæ Мæбег фегом кодта шампайнаг авджы сæр, сыр-сыргæнаг сæнæй байдзаг кодта бинонтæй алкæй агуывзæ дæр, æмæ сæхи Стыр Хуыцауыл бафæдзæхсыны фæстæ зæрдиаг «æгасцуай» загътой Ног азæн. Хицæн сидт рауагътой, хæдзары цы ног къæбыстæ фæзынд, уыдоны тыххæй дæр.

## АЛАНЫ УРСХЪУЫР УАСÆГ

…Сæумæрайсом. Урсхъуыр уасæг æфтуанхъæдыл йæ базыртæ бацагъта æмæ цъæхснаг хъæлæсæй ныууасыд: «Хъу-хъри- хъу-хъу!.. Райхъал ут! Рай-хъал!»

Чысыл Алан йæ цæстытæ ауæрста, хъæццул иуварс фехста æмæ тыргътæм разгъордта. Йæ мад Замирæт йæ размæ рауад. Фелвæста йæ йæ хъæбысмæ æмæ йын йæ сæр фæлмæн æрсæрфгæйæ, мидбылхудгæ, сдзырдта:

– Куыд раджы та фестадтæ, мæ къона, куыд?

– Æмæ мын дæхæдæг куы фæзæгъыс, хуры скаст хуысгæйæ кæй æрæййафа, уымæй лæг никуы рауайдзæн, – фæцырд æм Алан.

– Афтæ, афтæ, мæ къона, – йæ хъæбысы йæ æрбакæнгæйæ, загъта мад.

– Цом, дæ дзаумæттæ акæн, хъарм æхсыр ануаз æмæ – скъоламæ.

– Цæуын, æна! – йæ фæстæ разгъоргæйæ, сдзырдта Алан.

Мад ын уайтагъд фынг авæрдта. Алан йæ дзыхмæ къæбæр дæр нæма схаста, афтæ та иннæ хæттытау хъарм дзулы кæрдих баскъæфта

йæ урсхъуыр уасæгæн. Нæ дзы ферох сты дон æмæ нартхоры нæмгуытæ дæр. Уасæг зыдæй ныхъуырдта йæ хæринаг, не ‘нцад йæ хъуыр-хъуырæй:

– Хъо-хъо-хъо! – Хъæуы- ма- мæ! Ноджы-дæр!..Ноджы-дæр!..

Чысыл фæстæдæр Алан йе ‘мбæлттимæ бадтис райдзаст къласы. Дзаг цæстытæй каст ахуыргæнæджы рухс цæсгоммæ. Цыппæрæмтæм цæуы Алан. Хорз скъоладзауыл нымад у. Сыгъдæгзæрдæ, æмбалуарзаг. Абон сæм фыццаг урок ирон литературæйæ ис. Ахуыргæнæг сын уый размæ куыд загъта, афтæмæй абон фысдзысты сочинени: «Хæдзарон фосæй, кæнæ маргъæй фылдæр кæй уарзыс?».

Уайтагъд ахуырдзаутæ базмæлыдысты. Тетрæдты сыфты сыбар-сыбур, скъоладзауты сусæг рафæрс-бафæрс сиу сты. Чи фыста йæ куыдзыл…чи йæ гæдыйыл…чи та?..

Арф хъуыдыты анығъуылдис Алан дæр. Тыхсы. Нæ зоны, кæуыл ныффысса, кæмæй раппæла… Йæ куыдз Милайыл ныффыссид, фæлæ æгæр дзæгъæлкъах у. Уæдæ сæ хъулон сæныкк та тынг æнаккаг у. Йæ гæдыйыл ныффыссид, æмæ уымæй дæр куыд раппæла, кæд æмæ зивæггæнаг у, уæд. Бон-изæрмæ пецы сæр хуыссын йеддæмæ ницы зоны. Мыстытæ сæ хæдзары къæбæрты муртæй «хоккейæ» фæхъазынц.

Цы акæна, цæмæй райдайа, нæ зоны Алан. Рæстæг та размæ згъоры. Фæлæ уалынмæ йæ цæсгом фæрухс. Йæ цæстыты раз фæстад йæ урсхъуыр уасæг. Уайтагъд тетрады урс сыфыл пъеройы фындз афæд кодта:

«…Æз æппæтæй фылдæр уарзын мæ урсхъуыр уасæджы. Уымæн æмæ уый у хъæбатыр æмæ рæсугъд. Ничи йыл тых кæны нæ сыхы уасджытæй. Суанг ма цæргæсæй дæр нæ тæрсы. Уыимæ, кæрчыты хъахъхъæны хорз. Æгас сых дæр æй уарзынц тынг бирæ…».

Хуыцаубоны сæхимæ уыдис Алан. Дæллаг сыхы лæппутимæ сын бацайдагъ футболæй хъазт. Хъазт куыддæр йæ тæмæны бацыд, афтæ хæдзарæй райхъуыст йæ мад Замирæты цъæхахст:

– Алан!.. Разгъор-ма рæвдздæр! Уæртæ нын цъиусур нæ кæрчыты бабын кодта!..

Уыцы рæстæг сæ цъиуджын карк цæхæрадоны уыд. Кæрдæгыл хызта цъиуты. Уыдон бур гæлæбутау зындысты дардмæ. Фæхæст сыл тугдзыхы цæст.

Цъиуты мад ма сæ йæ базыры бын бæргæ анорста, фæлæ йын сау бырынкъджын маргъ йæ сæр хойын байдыдта. Йæ сæры туг фемæхстис цъиуты мадæн. Йæ дзых ма фæстаджы фæхæлиу-фæхæлиу кодта.

Аланы урсхъуыр уасæг дæр уæд цъиуты мады фарсмæ бæргæ уыд, фæлæ тугдзых маргъы куыддæр ауыдта, афтæ сыхæгты быруйы сæрты агæпп кодта æмæ къудзиты бын абырыди.

Бæргæ ма базгъордта Алан. Фæлæ уæдмæ карк, йæ туджы мæцгæ, амард. Йæ чысыл дзибаты йын Алан нымæтхуды æвæрдта, афтæмай, кæугæйæ, дзырдта, урсхъуыр уасæг кæм бамбæхст, уыцырдæм:

– Тæппуд! Тæрсаг чи у, уый! Йæхи сæр бафснайдта, мæнæ ацы гыццыл дзибатæ та дæу аххосæй сидзæрæй баззадысты...

Æхсæвы æрæгмæ  бафынæй ис Алан. Мæт кодта, тыхстис, куыд цæрдзысты ныр гыццыл дзибатæ æнæ мадæй, ууыл.

Дыккаг бон сын ахуыргæнæг æрбахаста сæ фысгæ куыстытæ. Ахуырдзаутæ иууылдæр цымыдисæй æнхъæлмæ кастысты сæ бæрæггæнæнтæм. Алан та æнкъардæй рудзынджы 'рдæм сарæзта йæ цæстæнгас. Уæззау хъуыдытæ ленк кодтой йæ сæры...

Раппæлыд ахуырганæг Аланы куыстæй. Сæвæрдта йын иттæг хорз

бæрæггæнæн. Æрмæст ыл Алан нæ бацин кодта. Нæ аивта йæ æнкъард цæстæнгас.

– Алан, цæмæн афтæ æнкъард  дæ? – бафарста йæ ахуыргæнæг. – Æви дын раст бæрæггæнæн нæ сæвæрдтон?

Ницы дзуры Алан. Æрмæст йæ тыппыр рустыл гæргæрæй згъордтой хъарм цæссыгтæ. Æмæ, кæугæйæ, дзырдта:

– Æз... Æз мæ сочиненийы цы уасæгæй æппæлыдтæн, уый æппындæр хъæбатыр нæ разындис... Уый... Уый тынг тæппуд у... Мæнæн фондз нæ, фæлæ дыууæ æвæрын хъуыд... – Æмæ та Аланы цæстытæ   ногæй айдзаг сты мæты цæссыгтæй.

Ахуыргæнæг йæ мидбылты бахудтис, скъоладзауы сæр фæлмæн æрсæрфта æмæ йын рæвдаугæ хъæлæсæй загъта:

— Алан! Уæддæр дын иттæг хорз бæрæггæнæн æвæрын. Уымæн æмæ дæ сочинени сыгъдæгзæрдæйæ ныффыстай... Басастæ дæ рæдыдыл дæр.

*ГÆБÆРАТЫ Феликс*

# МАД

Нæ мад Цуца Дзагъинайы хъæуæй уыди. Дзагъина нæу быдираг хъæу, хæххон рахонæн дæр ын нæй. Зындгонд хъæу у канд Знауыры районы нæ, фæлæ æнæхъæн Хуссар Ирыстоны æмæ уый æдде дæр. Уæлдайдæр – йæ фыдæлтыккон фондзæддæгуæлæ рæсугъд мæсыг æмæ къуырттыбадæг карчы хуызæн, пæлæхсар гæнахæй, стæй хъæуы астæу миназдзыд сусхъæд Цацхуыйæ – хъæубæсты ныхас, улæфæн бынат. «Цацхви» сусхъæды ном у гуырдзиагау, æмæ ацы бæласыл «Цацхуы» ном куыд ныййичъи ис, уый диссаг у, ардæм Гуырдзыстон дард куы у, уæд ?!

Мæсыгæй гæнахы ‘хсæн фæзуаты ма сæ фæд зыны рагон хæдзарадон арæзтæдтæн, зæххы бын та – æвæджиау дынджыр цъæл быркуытæ, сæрбахъуыды рæстæджы-иу кæмæй пайда кодтой раджы кæддæр. Ацы архитектурон цыртдзæвæн зындгонд у æрмæст Знауыры районы нæ, фæлæ æнæхъæн Хуссар Ирыстоны дæр. Ам æрцардысты иу-дыууæсæдæ азæй фылдæры размæ Къуыдаргомы Хъеуселтæй ралидзæг Хъæцмæзтæ æмæ, æндæр ирон мыггæгтимæ хæларæй цæргæйæ, фæллой кодтой, царды бастдзинæдтæ нывæзтой азæй-азмæ. Ам райгуырди нæ мад Цуца дæр Хъæцмæзты Залыкъайы æмæ Чилæхсианы бирæбинонджын хæдзары – дыууæ лæппу æмæ цыппар чызджы кæстæр. Цыппар азы йыл куы цыди, уæд йæ фыд амарди, æмæ, йæ ингæны дурыл куыд фыст и, афтæмæй нæ мад райгуырди 1904 азы. Уæды рæстæджы адæм, стæмтæй фæстæмæ, æнахуыргонд уыдысты. Нæ мад Советон дуджы бæргæ афæлвæрдта ликбезтæм цæуын, фæлæ сыл талынг æхсæнад худти, критикон цæстæнгасимæ сæм æфхæрæн дзырдæппарæн кодтой, æмæ йæ ныууагъта. Нудæсаздзыдæй йæ чындзы арвыстой, цот ын рацыд, æмæ ма йын цæй ликбезмæ цæуыны фадат уыди!

Зондæй та, æрдзон зондæй, хайджын фæци. Гайлаг, дам, родæй бæрæг вæййы. Æнахъомæй, хæрз æвзонгæй дæр дзурынмæ, ныхъхъуыды кæнынмæ, хъуыдыйæдтæ кæрæдзи фæдыл равæрынмæ, сæ бабæттынмæ хорз арæхсти. Ас адæймаг уæвгæйæ дæр йæхæдæг

куыд дзырдта, стæй йæ дыууæ ‘фсымæрæй дæр куыд хъуыстам, афтæмæй йын-иу йæ мад Чилæхсиан бабар кодта исты ахæссын, кæнæ æрбахæссын сыхæгтæй, рагацау ын бамбарын кæнгæйæ, цы зæгъын хъæуы, уый. Йемæ та йын æрвыста хистæр хойы, цæмæй сабийыл мацы ‘рцæуа, стæй, истытæ хæссынхъом кæй нæма уыди, уый тыххæй. Саби æппæтдæр бæстон кæй бамбарын кæндзæн фысымтæн, ууыл та мад йæ зæрдæ дардта.

Уæдмæ, куыд хæдзары хистæр нæлгоймаг, куыд хæдзары хицау, нæ мады чындзы арвыста йæ хистæр æфсымæр Шакро – Максим Горькийы халдих. Æз æй хорз хъуыды кæнын æмæ йæ зыдтон сабыр, æмбаргæ, хæларзæрдæ зæронд лæгæй, фæлæ, дам, æрыгонæй тынг карз æмæ ‘нæрæмон уыди, уый тæсæй сæм цыппар хойы фæдыл минæвæрттæ дæр цæуын сæ ныфс нæ хастой.

Нæ мад чындзы æрцыд мæгуыр хæдзармæ. Æфсин иттæг нæ арæхсти бинонты исбон бабæстон кæнынмæ. Нoджы ма мæгуыртæн æгæр тæригъæдгæнаг уыди æмæ хъæуа-нæ хъæуа сæ мæгуыр къуымы бæркад æнæвгъауæй æддæмæ ивылди. Хойраг-иу сæм нал баззади сæрдмæ. Нæ нанайы цæгат дæр феххуысы бæсты сæхи кой кодтой, къухы цы æфтыди, уымæй. Хæдзары, дам, лæг уазæг у, уымæй дæр нæ фыдыфыд йæ каистæй æфсæрмы кодта, æмæ уый хорз у, фæлæ æгæр ницæмæй бæззы…

Иу уалдзæджы та, куы схорхъуаг сты бинонтæ, уæд нæ мад, худинаг æмæ сæрыстырдзинады сæрты æвæндонæй ахизгæйæ, бацыд цæрæг сыхæгтæм æмæ сæ иу голладжы дзаг мæнæу æфстау ракуырдта. Фæззæджы сын сæ голлаг мæнæумæ, куыд дзырд уыдысты, афтæ дыууæ голладжы барвыста йæ мæнæуы хуыздæрæй. Бузныг сын загъта, йæ къух ын кæй ацарæзтой, уый тыххæй. Дыккаг бон ын æфстау раттæг бинонты æфсин бауайдзæф кодта: æз дын, зæгъы, æвзаргæ мæнæу радтон, ды та мын цъæмæлтæ æрбарвыстай, æмæ ма мæм ацы хатт курæг куы æрбацæуай, уæд æй зон, кæй дын ницыуал ратдзынæн, зæгъгæ.

Нæ мадæн тынг хъыг фæци сылгоймаджы æнæбындур æфхæрд, æмæ расомы кодта йæ разы:

– Æз мæ мадæн чызгæн ма сбæззон, дæумæ ма хоргур куы æрбацæуон!

Уыйадыл йæ хъус бæстондæр æрдардта хæдзары æфтиæгтæм,

ænæ хъæлæбайæ, цадæггай æрæхгæдта сæ сысæн-ивылæн фæндæгтæ, æмæ гыццылгай æртæ-цыппар азмæ хæдзар йæ къахыл слæууыди. Нæ мад хоргур никæдæмуал ацыди; уый нæ, фæлæ ма йæм фæстæдæр уыцы ус йæхæдæг æрбацыди, цард, дам, тæбæгъы донау у, кæцырдæм фæкъул уыдзæн, уый бæрæг нæу. Хæдзарон фос, мæргътæ фæфылдæр сты, сарæзтой дыууæуæладзыгон хæдзар, скодтой дыргъдон, сæндон, æмæ хъæубæсты нымад æрцыдысты цæрæг хæдзар-бинонтыл.

Куыд фæрæзта уыйбæрц та: хæдзары куыстытæ, махæн къахыдзаума, уæлæдарæс хуыйын-бийын, сæндон-цæхæрадонмæ зилын, колхозы кусын. Гæнæн æмæ амалæй йæм мах дæр не ‘ххуысы къух дардтам, æниу уым дæр «цырв» нæ мад йæхæдæг уыди. Æрыгон рæзгæ адæймаг райсомæй фынæйуарзаг у, æмæ-иу нæ хъавгæуæлгæ хъал кодта: «Сыстут-ма, уæ нывонд фæуон, сыстут-ма, цалынмæ хур не скасти, уæдмæ нæ хъæдур ратонæм уымæлæй, науæд хур куы ныккæса, уæд нын хусæй ныэгъæлдзæни. Сыст-ма, цард дын фестон, нæ сæнæфсиры бынтæй абæттæм, æмæ та стæй афынæй кæндзынæ». Æмæ-иу мах дæр, хуыссæгхъæлдзæгæй нæ цæстытæ æууæрдгæ, æвæндонæй хылдыстæм нæ уæттæй. Алкæуыл дæр нæ æххæссыд баузæлынмæ йæ фæлмæн, рæдау, зæрдæмæ хъараг ныхасæй, йæ куыствæллад уæзæгæвæрд къухтæй нын нæ сæрыхъуынтæ даугæ, лæгъзытæ кæнгæйæ. Нæ мад-иу искуы-иу хатт искæдæм куы ацыд хъуыддаджы фæдыл, йæхи дзæбæх кæнынмæ санаторимæ (рынчынтæ арæх кодта), уæд-иу нæ хæдзар сæрдыгон дæр «уазалы тæф» кодта.

Нæ фыд Ясон комбæсты нымад, æхсæнадон лæг уыди: куы хъæусоветы кооперативы куыста, куы – колхозы æфтауцдоны гæсæй, сæрдарæй, парторгæй, æмæ йæ хæдзары куыстытæм иттæг не ‘вдæлди нæ мадæн йæ къух фæрог кæнынмæ. Уый нæ, фæлæ, йæ фæдыл цы бирæ уазджытæ цыди хъæубæстæй, районæй, облæстæй, уыдонæн дæр нæ мад æнæсцухæй лæггад кодта æнафонтæм, мидбылхудгæ, рæдауæй, йæ цардæмбалæн аргъгæнгæйæ.

Кæд сæм ахуыргонддзинад фаг нæ уыди, уæлдайдæр – нæ мадмæ, уæддæр курдиатджын педагогтæ уыдысты зонд æмæ зæрдæйы æнкъарæнтæй. Схъомыл нæ кодтой æмæ нын уæлдæр ахуырад райсын кодтой цыппар æфсымæр æмæ дыууæ хойæ.

Нæ иу хо, хистæрæй фæндзæм, æнахъомæй фæрынчын æмæ æртæаздзыдæй йæ цардæй ахицæн. Нæ мад-иу æрæджиау дæр ма, ас адæймаг уæвгæйæ, уый æрымысгæйæ, йæ цæссыгтæ сæрфгæ, дзырдта, æвæццæгæн, мын æм фаг хъусдард не ‘рцыди, зæгъгæ, … Æниу, уæды рæстæджы (1935 азты) Хуссар Ирыстоны цас бирæзонæг дохтыртæ уыдаид, уæлдайдæр горæтæй иппæрд дард хъæуты!

О, сылгоймагæн йæ æрдзон, иууыл тыхджындæр æмæ табуйагдæр миниуæг у хъомылад, йæ хъæбултæм æнувыд уарзт. Цалынмæ нæ мад лæггадхъом уыди, уæдмæ-иу нæ хæдзар, нæ кæрт сывæллæтты рæвдауæндоны хуызæн уыди – дæсгæйттæ æмæ фылдæртæй-иу æрæмбырд сты йæ цотыцот, ноджы ма – сыхы сывæллæттæ, æмæ-иу сæ цины хъæр-хъæлæбайæ бæстæ сæ сæрыл систой. Нæ мад дæр-иу сæ фыр цинæй йæ дæллагхъуыирты тыхта, «дæ нывонд фæуон», «мæ удлæуæн», «мæ цæсты рухс», «дæ сæрыл хаст æрцæуон» дзургæ. Йæ къух цы амыдта хæринаджы хорзæй, уымæй сæ хынцыдта. Стæй нæ мад куы нал уыди, уæд «сывæллæтты рæвдауæндон» дæр йæхигъæдæй цадæггай æхгæд æрцыди…

Иууыл диссаг æмæ æрдхæрæн та уыди йæ сыгъдæг уарзт æмæ æгæрон сагъæс йæ цæгатыл. Уымæн ирд æвдисæн – ахæм цау. Фыдыбæстæйы Стыр хæст – йæ тæккæ карзыл. Хъæуты нал баззад нæлгоймаг фæсивæд. Йæ къухмæ хæцæнгарз райсынхъом чи уыди, уыдон иууылдæр фæцыдысты тохы быдырмæ. Постхæсджытæ дæр зындоны арты сыгъдысты – сау гæххæттытæ сау халæттау фронтæй тæхынц, æмæ сæ уыдон дæр адæмыл, бинонтыл, маройгæнгæ, æмбæлын кæнынц, цы бон сæ ис?!. Иугай бинонтæй дарддæр фыдохы уац кæй кулдуар нæ бахоста, ахæмтæ нал баззади, кæмæн та – дыууæ-æртæ хатты дæр. Æмæ адæм иууылдæр зианджын æмæ æрхæндæг уыдысты кæд хи бинонтæй нæ, уæддæр æввахс хион, къабазы ‘рдыгæй.

Адæм тарстысты фыдохы уацæй. Нæ мадæн дæр йæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси фыр тас æмæ катайæ – йæ цоты хистæр Никъалайы йын æвддæсаздзыдæй хæсты райдианы фронтмæ арвыстой (фидæны – профессор, филологон зонæдты доктор, цыппартомон «Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат» саразæг), æмæ-иу уый

мæтæй йæ дзыхмæ къæбæр дæр нал иста, йæ хъуыры хæринаг нал хызти, мæ сывæллон, дам, кæд уазалы æххормагæй искуы баргъæвсти, уæд æз куыд хæрон, зæгъгæ, æмæ-иу сусæгæй йæ цæссыгтæ асæрфта. Уымæй уæлдай ма йæ цæгаты иунæг бындар – йе 'фсымæры лæппу, цыппар хойы иунæг æфсымæр (фæсхæст – Фæскавказы æфсæддон округджы политхайады хистæры хæдивæг, булкъон Хъæцмæзты Захары фырт Сергей) дæр уыцы хæсты удуæлдай тох кæны, йæ дыууæ æнахъом чызджы йæ æрыгон цардæмбалимæ йæ мад æмæ йæ фыдæн бафæдзæхсгæйæ. Куыд æппæт цæгат, афтæ нæ мад дæр зæрдиагæй бæллыди уымæн лæппуйы райгуырдмæ, бындармæ.

Уыцы уавæры нæ хъæу Куатетрийы цыдæр фынгæвæрды тыхст, æрхæндæг адæм бадынц. Зæронд лæгтæ бæлццæттæн дæр ракуывтой, хъæдгомау сæ риссагдæр фарстайæн… Нæ мад дæр йæ дондзаст цæстытæй арвмæ скасти æд агуывзæ æмæ скуывта:

– О, Стыр Хуыцау, батæригъæд кæн! Мæ иунæджы мын сæрæгасæй йæ хæдзарыл сæмбæлын кæн!..

Йæ цуры бадæг устытæ йæ сæ уайдзæфты бын фæкодтой:

– Де 'гæр фæкалай, Хъæцмæзон, дæ цæст та куыд бауарзта дæ фырты «иунæг» рахонын, йæ фæдыл ма дын дæ хæдзары дыууæ чызджы æмæ æртæ лæппуйы куы ис, уæд?!

Нæ мад йæ цæссыгтæ йæ кæлмæрзæны тигъæй асæрфта æмæ сын æнкъардæй афтæ зæгъы:

– Æз мæ фырттæн нæ куывтон. Ме 'фсымæры иунæг лæппу дæр уыцы цæхæры ис, æмæ æз уымæн куывтон.

Хуыцаумæ фехъуыст, æвæццæгæн, йæ дудгæ катай, æмæ йын сæ дыууæйы дæр сæ хæдзæрттыл сæмбæлын кодта хæрзиуджытимæ. Тынг бæллыди йæ цæгаты иунæгæн бындармæ, фæлæ ма сын фæсхæст Мадымайрæмы цæст бауарзта ноджыдæр дыууæ чызджы, лæппу та – нæ. Амонд тыхæй исгæ нæу!..

Хæст адæмæн бирæ дудгæбонтæ бавзарын кодта. Нæ фыдыхо хæсты размæ æрыгонæй ахицæн йæ цардæй, æмæ йе ´нахъом лæппу æмæ чызг баззадысты сæ фыды æвджид. Уæдмæ хæст райдыдта, æмæ сын сæ фыды дæр фронтмæ арвыстой, æмæ сабитæ уæзæджы къæйыл æнæхицауæй баззадысты. Нæ мад æмæ нæ фыд бауынаффæ кодтой, æмæ сæм æвæстиатæй нæ фыд галуæрдоныл

фæцыди, æмæ сæ йæхимæ æрласта. Нæ мадимæ сæ хъомыл кодтой, куыд сæхи цоты. Нæ, – фылдæр узæлдимæ. Нæ мад алцæмæй дæр бацархайдта, сæ мады рæвдыдæй цы фæцух сты сидзæртæ, уыцы уарзт æмæ рæвдыд сын бавзарын кæнынил. Уый – дыууадæс бинойнаджы ‘хсæн: нæ зæронд дада æмæ нана, мад æмæ фыд, мах, фондз сывæллоны, æртæ хæрæфырты æмæ ма уыдон уæлдай, фылдæр хъару исæг – йæ хистæр хæстон фыртыл сагъæс. Афтæ æппæт хиуæттæ, хæстæджытыл узæлыд.

Хæст куы фæци æмæ сидзæртæн сæ фыд цæфтæ æмæ низæфхæрдæй йæ афтид хæдзарыл куы сæмбæлд, уæд сæ нал ныууагъта æмæ сæ йæхимæ акодта. Се скъола дæр та сæхимæ баххæст кодтой. Фæлæ сын уæддæр нæ мад æмæ нæ фыд се ‘ххуысы хай уыцы мæгуыр дуджы уырдæм дæр кодтой.

Фыд хæдзары астæуцæджындз у, бинонты дарæг, бинонтæй адæммæ, хъæубæстæм минæвар. Йæ ныхас – закъон, конституцийау æххæстгæнгæ у. Уый махæй, тызмæгæй сдзурынæй уæлдай, ныдзæвгæ дæр никæуыл акодта бафхæрыны охыл, фæлæ дзы тарстыстæм. Нæ, тæрсгæ нæ, аргъуыц дзы кодтам æмæ афтæ архайдтам, цæмæй нæм ма фæхæрам уа, йæ зæрдæ ныл ма фæхуда. Æмæ уым дæр  уыди нæ мады архайд.

О, махæн нæ мад ахæм уыд. Цы арæзта, цы дзырдта, уый-иу кæд йæхи хорз фæнд уыди, уæддæр æй нæ фыды номæй дзырдта æмæ арæзта, æмæ йын уымæй йæ кад нæ цæсты ноджы бæрзонддæр кодта. Уымæй йæхицæн дæр хорзы цыди.

Нæ мад бынтон куы нырраууат ис уæззау низæй æмæ йæ дохтыртæ рынчындонæй хæдзармæ куы рафыстой, уæд мах, йæ цот,  æдзух йæ уæлхъус лæууыдыстæм дыгæйттæй, æртыгæйттæй радгæс. Æнхъæлмæ кастыстæм йæ фæндонмæ, цæттæ уыдыстæм йæ алы фезмæлдмæ, йæ цæстытæй кæд æмæ куыд ракæсдзæни. Уколтæ йын кодтой йæ рыстытæ фæкъаддæр кæныны тыххæй. Фыр адæргæй, йæ тыхст, йæ тæригъæдмæ кæсгæйæ, нæ цæстысыг нæ рустыл хъуызыди. Иу ахæм бон та нæм нæ мады цур абадынмæ æрбауадысты æртæ сыхаг усы: дыууæ Нинæйы – чындзытæ æмæ Настъа – не ‘рвадæлты чызг, нæхи хъæумæ чындзыцыд. Мах æрхæндæгдзинад уынгæйæ, Нинæтæй иу арф ныууынæргъыдта æмæ йæхиимæ дзурæгау афтæ бакодта:

– Ехх! Уæдæ мæныл дæр афтæ батыхсиккой искуы мæ сывæллæттæ! Мæнæн Хуыцау уыцы амонд нæ радта.

Ацы Нинæ раздæр ацыд сæхимæ, æмæ йæ фæстæ иннæ дыууæ усы дзырдтой: йæ кæстæртæй, дам, хъарм зæрдæйы ахаст домы, йæхæдæг та, зæгъынц, хæринаг скæны йæхицæн æмæ дзы йæ фырты цотæн нæ фæдæтты. Уыцы ныхæстæ хъусын мын тынг зын уыди, уыдон мад худинаггæнæг уыдысты. Мæ миднымæр афæлвæрдтон нæ мады ахæмæй фенын, фæлæ мæ бон нæ баци, ме уæнгтæ баризæгау кодтой. Хуыцау бахизæд! Макуы сызмæст уæд мады уарзты дзæм-дзæмы суадон!

Нæ мад дыууиссæдз азы дзæнæты бады (23.02.1977), мæхæдæг та, кæд зæрæдты хыгъды рагæй дæн, кæд уый карæй фондз азы хистæр дæн, уæддæр мæ арæх фæфæнды, йемæ куы аныхас кæнин, куы йæ афæрсин царды иуæй-иу вазыгджын фарстатæй. Абон дæр мын нæ фаг кæны.

Кæд æй зондæй фембарæм, уæддæр, цалынмæ нæ мадæлтæ æгас вæййынц, уæдмæ афтæ фенхъæлæм зæрдæйæ, цыма нын никуы амæлдзысты, æдзух дæр немæ уыдзысты, уымæн æмæ нæ афтæ фæфæнды. Йæ ныв ын кæй никуы скодтон, нывгæнæг уæвгæйæ, ууыл ма цы дзурон, фæлæ йын бæстон портрет кæй никуы систон утæппæт «уæлæнгай» къамтимæ, уый мæ æфсæрмы æппары, æмæ йыл фæсмон кæнын. Уыцы рæдыдтытæ мæ уæлдай тынгдæр бандæвтой, йæ цыртмæ йын барельеф сурæт куы кодтон, уæд. Мæ зæрдыл-иу æрæфтыдысты зарæджы ныхæстæ: «Опустела без тебя земля…»

*2017 аз*

# НОГ ÆМДЗÆВГÆТÆ

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли*

## НАЛ ДЫЛ МАСТ КÆНЫН

Нал дыл маст кæнын, Ирыстон!
Æз дæ рыстæй дæн æлгъæд.
Æз цы рæнхъытæ фæфыстон,
Уыдон сагъæсæн – æгъгъæд.

Ма тæрс, зæрдæ демæ дзуры,
Дæ мын раздæрау зынаргъ.
Фæлæ ныр Хуыцауæй курын –
Айс мæ рыст зæрдæйы уаргъ.

Ныр æрæджийау æмбарын –
Йехх, куы бамбарин æххæст, –
Æз дæ низæн хос нæ арын,
У мæ цæстытæй æмбæхст.

Ды мæнмæ кæсыс æнкъардæй,
Цыма бамбарыс мæ фæнд…
Тынгдæр мысдзынæн дæу дардæй.
Мæн уырны, ды дæр æууæнд…

## ИУ ХÆЛАР МЫН НАЛ БАЗЗАД

Иу хæлар мын нал баззад зæххыл.
Карды комау бауынгæг мæ фæндаг.
Дуне мемæ раст цыма фæхыл,
Адæм мæм – тæргай æмæ нæуæндаг.

Сбадын æмæ сагъæстыл фæуын.
Уагæры цы ракодтон нæ дугæн?
Уый фæндæгтыл нал зонын цæуын,
Нал зонын æмдзæгъд кæнын йæ дугъæн.

Ехх, мæ боныл, иунæджы хъысмæт
А зæххыл куыд зынтæй æз фæразын.
Адæм дын æцæгæлон суæнт,
Дунейыл æвæгæсæг ды разын!

Иу хæлар мын, иу хæлар мын уæд…
Радзурин ын сусæгæй мæ зынтæ.
Науæд царды куы айсæфа мæ фæд,
Уæд зæххыл кæмæн уадзын мæ бынтæ!..

## ÆЗ ТА …

Æз та мæхи дæр никуы уагътон уарзын –
Мæ уды фарн уыд дзыллæйæн æгъгъæд!
Куыд бафæрæзтон уал сайд æмæ уал зын!
Мæ зæрдæ ныр мæ фыдцардæй – æлгъæд.

Æмæ ныр та дæумæ кæнын тæхуды,
Мæнг лирæйæ куы самоныс дæ зард…
Нымад дæ ды мæнг дунейы æнуды,
Æз та – мæгуыр, æнæхицау ‘мæ тард!

Цымæ цы уыд мæ цыбыр цард нæ зæххыл?
Рæстаг уыдтæн, æмæ мæ ласта дон.
Æнæрвæссон мæнгард æмæ фыдæхыл,
Нæ дзыллæйы рæстдзинадмæ хуыдтон.

Ныр мын мæ цæстмæ дары уый мæ рæдыд:
Рæстæй цæрын мæнг дунейы зын у!
Æмæ дæуæн ныр хай кæны йæ рæвдыд.
Фæрнæй мын цæр, хуыздæр фæтæг ын у!

## ТÆХУДЫ

Ехх, тæхуды, искуы ма куы скæсин
Сау арвмæ сыгъзæрин хортæй дзаг,
Уæд мæ бæллиц стъалытæм фæхæссин,
Æмæ мыл узæликкой, хæрзаг.

Науæд мæнæ ацы зæххон тары
Нал исын мæ цæстæнгас бæрзонд.
Зæрдæмæ дзы рухсы цъыртт нæ хъары,
Рухс бæллицтæм нал фæтасы зонд.

Бонæй-бонмæ сау мæрмæ æмдзастæй
Сагъæсæй нæ цух кæны мæ риу.
Ехх, тæхуды, дунейы цъыфдзастæй
Чи фæлыгъди, уыдонæн та циу!

Уыдон ныр сцух сты нæ мæтæй,
Нал уынынц фыдæх æмæ фыдбон.
Фæлæ кæд иппæрд сты дзæнæтæй,
Уæд фæлтау рæстæгмæйы фыдбон!..

## РÆСТДЗИНАД

Рæстдзинадæй æгъатырдæр цы ис!
Цы йæ хъæуы, цæуыл домы нæ удты?
Цæмæн хæссы хъæбатыр удтæн рис,
Цæмæн цæвы йæ уайдзæфтæй тæппудты?

У ахæмтæн цагъайраджы къæлæт,
Зæххон дунейы чи нæ цæры растæй.
Тæригъæдджынæн расиды мæлæт,
Æнæрхъуыдыты уый ныууадзы састæй.

Æмæ кæны æгъатырæй тæрхон,
Нæ ауды, йæ мæстытæ нæ сисы.
Цæмæн нæ удæй афтæ тынг уый риссы?
Нæ рыст æм хъары – æз дæуæн зæгъон!

Уæдæ зæххыл æнамонд у рæстаг –
Хуыцауы раз йæ алы дзырд дæр барст у.
Нæ зоны ‘рмæст – фыццаг æмæ фæстаг
Рæстдзинад нæу нæ дун-дунейы – уарзт у.

## МÆН ТЫХХÆЙ

Мæн тыххæй мастыхай фæдæ.
Æнхъæлдтай, æз дæуæн мæсыг дæн.
Мæнæн мæ бæллицтæ – сæдæ,
Æмæ мыл мауал кал цæссыгтæ.

Дæ мæт – мæ фидæныл æрмæст,
Æдзух мæ амондыл – дæ сагъæс.
Фæлæ Хуыцаумæ азым ма хæсс.
Зæгъын дын, амондджын дæн æз.

Зæгъыс – «Дæ хорз амонд кæм ис,
Дæ фæдыл чи разындзæн райсом?»
Æз та мæ балцы хызын райсон,
Кæннод мын агайыс мæ рис.

Цæуын, мæ фæсмонæй мæлын.
Мæ удæн иу зын та дæ фарст у…
Хуыцау, кæд м‘ алы цæссыг барст у,
Уæд фен мæ рыст уды бæллын.

## ЗÆХХЫЛ МÆ УДЫ ЙАС КÆЙ УАРЗТОН

Зæххыл мæ уды йас кæй уарзтон,
Йе уый мын бадомдта мæ уд.
Мæ цард йæ сæрвæлтау æрхастон,
Фæлæ мыл аивæй уый худт.

Уый загъта: «Додойаг дæ къона,
Йæ удæн чи нæ зоны аргъ!
Мæ бæсты чи кæны тыхтона,
Сæркъулæй чи хæссы мæ уаргъ!»

Æз ын йæ хъуыдытæ æмбæрстон,
Фæлæ дзы н‘ агуырдтон мæ мызд.
Фæндыд мæ уый уды æрбæстон,
Цæмæй фыдбылызæй уа хызт.

Ныр ын мæ тæригъæд дæр барст у,
Фæлæ нæма банцад мæ рис.
Кæмæн нæ йе ‘намонд йæ уарзт у,
Кæмæн та хи уарзын – йæ низ.

## ФÆЗЗÆГ

Фæззæг та мæ рыййафы Цхинвалы:
Бур сыфтæр мæм минæвар фæци!
Хъарм дымгæ мæ зæрдæмæ æвналы
Æмæ мын лæвар кæны йæ цин.

Ныр цы кæнон – фæззæджы къæсæрыл
Нал фæнды мæн ивгъуыдмæ кæсын.
Уадз, згъæлой сыфтæртæ мæ сæрыл,
Кæд сæ цинæй айсæфид мæ зын.

Фæлæ нæй, сæ цин дæр мæ нæ тавы.
Уагæры куыд басыди мæ уд…
Уал азы мæн худгæ хур æндавы,
Дуне мæм уæддæр кæсы æнуд.

О, мæ горæт, азымы мæ ма дар.
Мæ мæм фæу, бур сыфтæр, тæргай.
Курын дæ, мæ сусæг рыст мын бамбар –
А зæххыл мын ницæмæй ис хай…

## ЦÆЙ, ÆМÆ ДЫН МАУАЛ КÆНОН УАЙДЗÆФ

Цæй, æмæ дын мауал кæнон уайдзæф,
Алыбон дæ мауал кæнон хъаст.
Сонт риуæй тæрхоны зæрдæ айсæф –
Нал мæ фæнды, а зæххыл уон раст.

Нæй, мæ уд, нæй адæмæн æвзарæн –
Амонд дæ бынтон фæлидздзæн дард.
Нæй зæххыл рæстдзинадæн ссарæн,
Фæлæ циу æнæрастæй та цард.

Уадз, нæ ивгъуыды мæстытæ
Фыр мастæй нæ зæрдæтæй уой рох.
Ма дзурæм кæрæдзийæн рæстытæ,
Æмæ кæд æрæнцаид нæ тох.

Кæннод хæсты айсæфы нæ цинад,
Æмæ тохы бабын вæййы уарзт.
Удæй фылдæр бауарзтам рæстдзинад,
Фæлæ амонд уымæй кæд фæтарст…

# КÆД УЫД ÆНЦОН…

Кæд уыд æнцон – дæ уæйгæнæджы уарзай,
Фæлæ æнæ уарзт зæрдæ у мæгуыр.
Хуыцауы ды дæ рæстдзинадæй ма сай –
Дæ удæн уый у хинæйдзаг æнгуыр.

Æз дæр кæсын – мæ зæрдæйы рæбын
Уæйгæнæджы мæ ахæсты куыд дарын.
Зын мын у уымæн, уарзгæйæ, ныббарын,
Цыма мæм амынд нал хъары æппын.

Æмæ цы у зæххон лæджы тæрхон,
Йæхæдæг уый кæд тæрæзтыл æвæрд у.
Ахъаз ныккæндзæн – æз дæуæн зæгъон!
Йæ уайдзæф – маст, йæ хатыр та æфхæд у.

Уæдæ мæ сæрæн агурон сæрфат.
Мæ марæг чи у, уыдонæн ныббарон.
Кæдмæ хæссон мæ удрæбын дæр фат.
Æнæзæндтæн мæ тæригъæд цы хъарон.

# САНАТЫ УАРИ: 135 АЗЫ



**(1884 – 1968)**

*САНАТЫ Уари*

# ЧЕРМЕН

*Таурæгъ*

Чермен райгуырди Хъобаны. Йæ фыд Бестолаты Мадзу æмæ йæ мад Агуыдзон уыдысты хæххон фæрссаг адæмæй. Уыцы иунæг лæппу йеддæмæ сын ницы уыди. Тыхст цард кодтой æмæ, Черменыл дыууадæс азы куы рацыди, уæд æй радтой уæлыгæс Бытъаты Мырзабегмæ. Уый уыди уыцы заман æхсарджын, мулкджын лæг. Мырзабег тынг бауарзта Чермены йæ цæрдæг æмæ йе нæзивæджы тыххæй.

Иубон Хъобаны уæлыгæстæй Дæллагхъæуы Зиугæрсты зæнгыл бирæгъ аскъæфта уæрыкк. Уæлыгæстæн сæ хистæр уыди Къубалты лæппу. Чермен та – сæ кæстæр. Афтæ сæм дзуры:

– Цомут, бирæгъ нын нæ уæрыччы хæры дæлæ æрхы, æмæ иын æй байсæм.

Уæд сæ хистæр, Къубалты лæппу, афтæ зæгъы:

– Уæдæ, уæдæ, ныццу, æмæ ма дын дæхи дæр бахæра!

– Бын бауай, – бафидис ын кодта Чермен, – æгас дынджыр лæг куы дæ, хъама дæм куы ис, ды та дзы цæмæй тæрсыс?

Къубалты лæппу хъама фелвæста æмæ йæ Черменмæ бадаргъ кæны:

– Дæ мады роны йæ бакæн, Чермен, ай дын хъама, æмæ йæ куы нæ амарай!

Черменæн йæ къухы хъама куы бафтыд, уæд дурдзæгаты ныхъхъуызыд бирæгъмæ, йæ фæстаг къæхтæй йæ æрцахста æмæ йæ барæхуыста. Бирæгъ цæхгæр фæзылдис æмæ дзагъырцæстæй фæлæбурдта йæ марæгмæ.

Фæлæ Чермен Чермен дæр уымæн уыди, æмæ тыхы ныхмæ тыхджын уыдис. Куыддæр цæф бирæгъ йæ дзых фæхæлиу кодта, афтæ йын йе ’фсæртæ ацахста æмæ йын сæ фæйнæрдæм афаста.

Раст уыцы афон йæ уæрыччытæ бæрæг кæнынмæ бацыди æмæ Чермены бирæгъ маргæ баййæфта Бытъаты Мырзабег. Изæры уæлыгæстæ куы æрæмбырд сты, уæд сæ Мырзабег бакодта Тлаттаты хистæр Тотырадзы цурмæ. Зæронд Тотырадзæн Мырзабег

радзырдта, Чермен бирæгъ куыд амардта, уый. Тотырадз фырцинæй йæ урс зачъетыл йæ къух æруагъта, стæй Чермены йæ хъæбысы ныккодта.

– Цæр дæ мады фæндиаг! – загъта уый, стæй къулæй райста йæ рагон хъама æмæ йæ балæвар кодта Черменæн.

– Мырзабег, – загъта Тотырадз, – фæдзæхсын дын: ацы сабийы мын макуы бахъулон кæн, арфæ йын ракæн мæ номæй йæ фыд Мадзу æмæ йæ мад Агуыдзонæн, бирæгъдзарм та мын мæ уаты Чермены лæварæн байтындзут.

* * *

Иуахæмы Тлаттаты фæсивæд уыдысты балцы. Сындзыхъæуы сæрмæ бадилаты фæсивæд сæ размæ бабадтысты, æмæ сын хæст бацайдагъ ис. Мырзабегæн йæ фыдыфсымæры лæппу Æмзор уыдис Тлаттаты фæсивæдимæ æмæ мард фæци уыцы ран. Йæ хотыхтæ базадысты знаджы къухы. Стыр худинаг уыдис уыцы заман хотыхтæ искæмæн ныууадзын. Мырзабег бавзæрстытæ кодта иукъорд хатты сæ байсын, фæлæ йæ ницæмæй сразы кодта йæ амонд.

Уыцы рæстæджы Черменыл цыдаид ссæдз азы бæрц. Никæй зыдта Мырзабег Черменæй сæрæндæр лæппу æмæ баныхас кодта йемæ Æмзоры хотыхты тыххæй.

Чермен сразы ис, æмæ ацыдысты дыууæйæ. Бабадтысты Æмзоры марæджы размæ, уæдæ цы, æмæ йын иухатт йæ фæндаг алыг кодтой. Хæст сын бацайдагъ ис.

Чермен исдуг хъавыдис йе знаг бадилоны удæгасæй æрцахсынмæ, фæлæ Мырзабег нал фæлæууыд, батагъд кодта æмæ йæ фехста топпæй. Уый дæр ын радта дзуапп.

Мырзабегæн йæ бæх фæмард ис. Уаед æй Чермен басырдта кардæлвæстæй. Бадилон лидзынил сбæндæн ис, фæлæ йæ Чермен баййæфта æмæ йæ Тотырадзы лæваргонд хъамайæ сриуыгъта. Ныдздзойтæ кодта бадилон, уæдæ цы, æмæ йæ Чермен æрфистæг кодта йæ бæхæй. Лæг уыдис мæлæтдзаг цæф, æмæ йæм Чермен нал бавнæлдта.

Раластой йын йæ бæх æмæ йæ хотыхтæ – топп æмæ кард[1].

[1] Уыцы кард абон дæр ма сæфт нæу. Фыдыбæстæйы хæсты 1941 азы уыдис Мырзабеджы байзæддаг Мæхæмæты фырт Исмелмæ, хистæр лейтенантмæ. Разынди Хъуыбатты Хъайсыны кард *(Автор).*

* * *

Чермен йе ’ххæст лæджы granted кармæ бацыдис зондæй дæр, хъаруйæ дæр. Цас ын фылдæр æнтысти, цас йæ кад фылдæр кодта, уыйас æм Тлаттаты уæздан æмæ хъал фæсивæд хæлæгæй мардысты. Афтæ-иу бакодтой: «Нæ хорз номдзыд Мырзабег нын Агуыдзоны фырты æлдарæн хъомыл кæны! Бестолы фыртæн цы фæндиаг радта Мырзабег, уый йæхи мыггаджы фæсивæдæн йæ цæст нæ бауарзта. Цæй æмæ йын фыддæрагæн иу зæххы гæбаз дæр ма раттæм!»

Хъайсын æмæ Майрæмыхъо æфсымæртæ уыдысты, кæсгон кънйæзтæ Астемыраты хæрæфырттæ, Тлаттатæн та сæ зынгæдæртæ.

Иухатт, Чермен балцы куы уыди, ахæм заман, йæ ныхмæ фыдвæнд ныккодтой Майрæмыхъо æмæ Хъайсын æмæ сæ сусæг фæнд æххæст дæр бакодтой. Уыдон байуæрстой зæххытæ æмæ дзы Чермены ном не ссардтой.

Мырзабег ма кæд дзырдта, Чермен иннæтыл нымайгæ нæу, ссарын ын хъæуы йæ ном, зæгъгæ, уæддæр ын нæ радтой фæндаг.

– Кæд фыдвæндаг фæуид Чермен,– дзырдтой Тлаттатæ. – Фæндагыл куы ис, кæд æй исчи амарид, нæмыг хохы дæр куы хизы.

Фæлæ, Тлаттаты æнамондæн, Чермен æрбаздæхти сæрæгасæй æмæ дзагармæй. Балцæй-иу Чермены æрбаздæхт Хъобаны адæмæн уыди стыр бæрæгбонау. Чермен-иу æлдæртты фос ратардта æмæ-иу уыцы фосæй мæгуыр адæмы кодта хайджын: кæмæн-иу лæвæрдта гал, кæмæн хъуг, кæмæн бæх. Чермен хъæздыгзинадмæ нæ тырныдта, мулкмæ нæ хæлæг кодта, фæлæ мæгуыр лæджы тыхстмæ нæ фæрæзта кæсын. Уый йæ фыднизау кодта тыхсын.

Чермены æрбаздæхтмæ бирæ адæм касти æнхъæлмæ. Йæ фæллад суадзын дæр ын нæма бантысти, афтæмæй кæрт байдзаг адæмæй. Адæм кæрæдзимæ уадысты хæрзæггурæггаг, Чермен нын дзæбæхæй фæзынди, зæгъгæ.

Адæм æрæмбырд сты æмæ, кæрæдзийæн бар нæ дæтгæйæ, Черменæн кодтой сæ хъæстытæ:

– Фехъуыстай, Чермен, Тлаттатæ та нын цы бакодтой, уый? Зæхх байуæрстой æмæ дзы махæн хай нæ бакодтой. Æмæ мах сахуыр стæм фыдбонтыл, æвадат æмæ цыбыр къухæй цæрыныл. Фæлæ нæ цæугæ хох, нæ лæугæ мæсыг, не ’хсæвы стъалы, нæ боны

Бонвæрнон ды дæ, Чермен, æмæ нын дæ ном дæр не ссардтой, сæ бон ныккалой!..

Æрæнкъард ис Чермен, адæмы ныхæстæм хъусгæйæ.

Тынг мæсты сси Тлаттаты æнæраст хъуыддæгтæм. Фæкасти Хъобаны Ныхасмæ æмæ дзы бадгæ ауыдта Мырзабеджы, уый алыварс та – Тлаттаты хистæрты æмæ кæстæрты. Райста Чермен йæ лæдзæг æмæ араст ис Ныхасмæ. Æрбалæууыд Тлаттаты цур, æмæ йæм Мырзабег дзуры:

– Æгас æрцæуай, Чермен! Цы хабæрттæ хъуысы нæ алыварс? Цы ис ногæй? Истытæ нын радзур. Куыд уыди дæ балц?

Æгъдау радта Чермен, уæдæ цы, стæй афтæ зæгъы:

– Мæ балцæй рахъаст кæнинаг нæ дæн. Ног хабарæй мæнмæ ницы ис. Ног хабæрттæ уæхимæ куы ис.

Тлаттатæ бамбæрстой Чермены ныхас, фæлæ сæ сыбыртт дæр ничи скодта. Уæд та Чермен афтæ зæгъы мæстæйдзагæй:

– Мырзабег, зæххытæ куы байуæрстат... Иу мурæй дзы уæд та мæ ном ссардтаиккат... Æппын ницы, фæлæ уын уæ марды бон йæ сынтыл дæр никуы схæцыдтæн? Йе уæ фынджы уæлхъус кæстæриад никуы акодтон? Уæд та мын зæронд мад куы ис, уе ’хсæн хæларæй куы арвыста йæ бонтæ. Куыннæ уæм разынд иу уæздандзинад? Хъыг мын у, афтæ æцæгæлон мæ кæй схуыдтат, уый. Канд мæхи тыххæй нæ дзурын, фæлæ, йæ райгуырæн домбай бонтæ уæ хæдзæртты цума æмæ фæдджифæсронæй чи бахардз кодта, уыдонмæ дæр уæ зæрдæ куыд ницы тæригъæддзинад ссардта? Мырзабег, арвы бын зæхх бирæ ис, æз мæ хай, Хъобаны куы нæ уа, уæддæр искуы ссардзынæн. Фæлæ, Тлаттатæ, уе ’ппæтмæ дæр дзурын, уæхи цæмæй сраст кæндзыстут, уæ къухы цы мæгуыр адæм ис, уыдоны раз? Уыдон, сымахæн кæстæриуæг кæнгæйæ, сæ тыхджын бонтæ уæ фæсдуæртты куы батыдтой! Уæдæ сын цæмæй дзуапп дæттут? Лæг искæй гал цæдисы куы акæны, уæд ма уый дæр куы бафсады. Сымах адæмæн уыцы фосы аргъ дæр куы нæ скодтат!.. Куыд раст уæм кæсы уый, гормæттæ? Фыдæй-фыртмæ æдыхы кæнут уæ быны, æвадат мæгуырæй аразут цагъар æмæ фæсдзæуин. Нæ зонут тæригъæд. Уæдæ уæм æуууæнкæй дæр цы зыны? Ницы! Кæм ис уæ уæздандзинад?..

Чермен йæ лæдзæг зæххыл афтæ хоста, æмæ дзы фæйнæрдæм схъистæ хаудта. Мырзабег ма йæ сабыртæ кодта, ма тыхс, Чермен, дæлæ дын мæхи æрдузы цур зæхх ратдзыстæм, зæгъгæ, фæлæ Чермен нал куымдта сабыр кæнын:

– Уæ лæвар бирæ уæд, Мырзабег, – загъта сын, – æз мæ хай дзывыры бырынкъæй мæхæдæг рахицæн кæндзынæн.

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ, Чермен æрæвналы, нæрв кæуыл уыди, уыцы хъæдмæ, сисы йæ лæдзæгау æмæ дзы амоны:

– Дæлæ Майрæмыхъо йæхицæн барæвзарæй цы хай равзæрста, уыцы æрдуз уынут, Тлаттатæ? Уыцы хай кæд æхсарæй уæхи бакодтат, уæд æз дæр æвзарын ме ’хсар...

Чермен уыцы сахат уыди цæф арсы хуызæн. Йæ размæ æрлæууæнтæ нæ уыди. Тлаттатæ æргом ницы фæрæзтой Черменмæ дзурын.

– Майрæмыхъо! – дзуры Чермен. – Адон дæ фæндтæ æмæ дæ кæстæрты фæндтæ сты. Райсом сымах мæн ссардзыстут дæлæ уыцы зæхх кæнгæйæ. Сымах хуызæн æз мæ фæндтæ сусæгæй нæ кæнын.

Уæд Майрæмыхъо афтæ бадзуры:

– Цы нæм æртхъирæнтæ кæныс, Бестолы-фырт?

Æгас мыггагæй нæ дæ фæдджийы бын цы кæныс?

– Æртхъирæнтæ нæ, – дзуапп ратты Чермен, – фæлæ, мæ зæрды цы хъуыддаг ис, уый та искæй тæссæй басусæг кæнын мæ зæрды нæй. Дыккаг хатт уын æй зæгъын, хъал Тлаттатæ, мæн райсом ссардзыстут дæлæ уыцы æрдузы дзывыримæ. Лæгдæр чи у, уый-иу рацæуæд, æмæ бавзардзыстæм нæ хъару!

Уыцы ныхæстæ судзгæ æхсидæвтау хаудысты Чермены дзыхæй.

Чермен уыцы сахат уыдис иттæг рæсугъд: йæ сæрæй йæ къæхты бынмæ калдта лæгдзинады цæхæртæ.

Стæй раздæхти сæхимæ. Мырзабег баззади ныхасы.

– Фехъуыстат æмæ федтат, уæ дзырд кæимæ у, уый? – загъта Мырзабег Тлаттатæн. – Тынг рæдийут, Черменæн аргъ кæй нæ кæнут, уымæй. Æз бирæ фæхаттæ алыхуызон адæмимæ, фæлæ ахæм хъаруджын, æхсарджын æмæ æуууæнкджыныл абоны онг нæма сæмбæлдтæн. Цы йын дзурæм йæ хъаруйыл! Уынут, уæ цуры цы хъæд систа, уый! Сымах æй йæ бынаты сæвæрын дæр нæ бафæраздзыстут. Чермен иу нæу, æнæхъæн æфсад у. Уый

ныхмæ цæуæнтæ нæй.

Уæд Майрæмыхъо загъта:

– Дæ хорзæхæй, Мырзабег, Агуыдзоны фырты нын æлдар кæныс? Æви йын йæ идон йæхи бар ауадзæм?

– Йæ бартæ йын куы нæ раттат, – дзуапп ратты Мырзабег, – уæддæр уын сæ йæхæдæг нæ ныууадздзæни.

Хъайсын мæстыхуызæй сдзуры Мырзабегмæ:

– Хистæр дæ, фæразын дæм дзурын, Мырзабег, фæлæ нæ Агуыдзоны фыртæн æгъдæнцойыл хæцæг кæныс? Æмæ уæд, Чермен цы адæмы сæрыл дзуры, уыдон райсом нæ уæле куы æрбаддзысты æмæ нæ сугхæсджытæ æмæ донхæсджытæ куы скæндзысты!

– Ницыуал зæгъын æз,– загъта Мырзабег,– æмæ, æвæццæгæн, рæдийын, фæлæ иу хъуыддаг курын: ма рæдиут, ма тых кæнут Черменæн.

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ, Мырзабег сыстади йæ бандонæй æмæ æфхæрдхуызæй рараст ис сæхимæ.

Фæсивæд иунæгæй куы аззадысты, уæд райдыдтой дзурын:

– Мырзабег мæлæты уæллоз кæны Чермены!

– Цæуылнæ йæ кæна, цæуылнæ?– дзуры Мæхæмæт Хъайсынмæ.– Нæ мадырвадæлтæ Астемыраты нын Кæсæджы сæ дыууæ мæгуырæй ныууагътой, сæ рæгъæуттæ сын фæтардтой. Уый тыххæй нын нæ кæсгон мадырвадæлтæ рагæй лæгъстæ кæнынц: «Кæнæ нын Мырзабеджы, кæнæ Чермены нæ къухы бафтын кæнут». Æмæ Мырзабег базæронд ис, фæлæ ма нын Чермен та кæдæм ирвæздзæн? Кæд æмæ йыл нæхи бон нæ цæуа, – мах та йæ кæсæджы амæттаг фæкæндзыстæм. Уыдон Чермены амарыны мондагæй цъæх арт куы уадзынц.

Чермен кæд Тлаттаты цурæй цыфæнды мæстыйæ рацыдис, уæддæр иттæг хъæлдзæгæй сæмбæлд йæ адæмимæ. Худгæ, хъазæн ныхас кæнгæйæ, балæууыд се ’хсæн æмæ афтæ зæгъы:

– Гъæтт, ме ’фсымæртæ, мæ хотæ! Уæ зынтæн кæрон æрцæуы, Тлаттатæ уын ралæвар кодтой сæ зæххæй йæ тæккæ ахсджиагдæр: дæлæ Майрæмыхъойы æрдуз, дихтæ та уын æй мæхæдæг акæндзынæн райсом. Тег,– фæдзырдта Чермен,–азил уæртæ нæ дзывырмæ, рæвдз куыд хуым кæна, афтæ. Темырби, ды та галтæн хос авæр, райсом æфсæст куыд уой, афтæ.

Темырби æмæ Тег уыдысты, гыццылæй уацары чи бахауд Тлаттатæм, ахæмтæ. Лæджыхъæд æмæ æхсарæй хъуаг не ’ййæфтой, фæлæ сын сæ зын фадæттæм гæсгæ аргъ нæ уыдис нæдæр се ’хсарæн, нæдæр сæ лæгдзинадæн.

Дыккаг бон, куыддæр æрбарухс, афтæ рабадтис Чермен, йæ астæуыл æрбабаста Тотырадзы лæвар хъама æмæ загъта:

– Мæнæ хъама, Тотырадз дæ фæдардта номимæ, мæнæн дæр дæ цæст ма зæгъæд мæрдтæм мæ æнæ номæй барвитын.

Уый фæстæ Чермен йæ рон абаста йæ астæуыл, йæ топп æрцауыгъта йе уæхскыл æмæ æддæмæ рацыд.

Чермен æмæ Тег æрлæууыдысты Майрæмыхъойы æрдузы. Чермен дзывыр куы æрсадзы, уæд скувы:

– Уæ, ме Сфæлдисæг Хуыцау! Абон нæ дзывыр кæны фыццаг хахх адæймаджы номыл, æмæ нын æй рæстмæ фæкæн! Цæй, мæ дзывыр, дæ ауæдз нын фæуæд уæлахизы фæдисон!

Уыцы ныхæстимæ Чермен адардта йæ дзывыр Тлаттаты Майрæмыхъойы зæххыл. Иттæг рæвдз цыдысты æфсæст галтæ дæр æмæ ног арæзт дзывыр дæр. Тлаттатæ куы федтой Бестолыфырты дзывыры адард, уæлдайдæр та Майрæмыхъойы æрдузы, уæд уый уыдонæн уыди арв æрхаудау. Рафæлдæхти сыл сæ дуне. Майрæмыхъомæ æрæмбырд сты. Хъайсын нал ары йæхицæн бынат:

– Уынут, Агуыдзоны фырт нæ удæгасæй баныгæдта йæ дзывыры бын. Ие ’ртхъирæнтæ æмæ йæ ныхæстæ æххæст кæны: нæ мыггаджы зæхх нын йæхицæн, заргæйæ, фæлдахы. Мырзабеджы фæндиаг фестæм...

Майрæмыхъотæн иннæ мыггагæй сæ уæлхъус æрбалæууæг нæ фæцис, æмæ æд мæстæй тъæппытæ хаудтой, уæддæр Чермены ныхмæ æхсарæй æрлæууын сæ ныфс нæ бахастой. Чермен ма йæхимидæг дис дæр кодта, куыд ничи сæ зыны, ууыл. Фæлæ Тлаттатæ нæ фæзындысты, æмæ Чермен афæлдæхта Майрæмыхъойы æрдуз.

Зæхх фæлдæхт куы фæци, уæд Чермен адæмæн фæхабар кодта, тауинаг рамбырд кæнут, тауын хъæуы, зæгъгæ. Адæм рамбырд кодтой сæ мыггаг, кæмæн цы йæ къухы æфтыди, уый æмæ рацыдысты тауынмæ. Уыцы бон сын бантысти хорз бакусын, уымæн æмæ – ус уæд, лæг уæд–равдз февнæлдтой.

Диссаджы рæсугъд бон скодта, арвыл мигъы къæм нæ уыди. Чермен хъæлдзæгхуызæй адæммæ дзуры:

– Арв дæр æмæ зæхх дæр нæ фарс сты. Кæсут, куыд худы бон!

Уæд æм адæмæй чидæртæ афтæ дзурынц:

– Чермен, цæр нын, уый йеддæмæ дæ фæдыл зындоны артмæ бацæуынмæ дæр разы стæм.

Чермен бахуды:

– Атæппæт иууылдæр зындоны артæй фервæзыны тыххæй куы сты!.. Нæ, зындон мах нæ хъæуы, мах хъæуы уæлæуыл дзæнæт, æмæ, иузæрдион куы уæм, уæд æй аргæ дæр скæндзыстæм.

* * *

Хъайсын тынг архайдта Чермены ныхмæ. Уый дзырдта:

– Чермен канд Майрæмыхъоты хай нæ афæлдæхта, уый судзын кæны стыр тар хъæд, æмæ йæ ссудзын кæнын куы бафæраза, уæд уыцы арт хуыссын кæнын нал суыдзæн нæ бон.

Фæлæ кæд Хъайсын хус сугтыл фæтæген калæгау кодта, уæддæр нæ фæци йæ фарсхæцæг. Уæд Майрæмыхъойы цот иунæгæй бамбырд сты æмæ сæхимидæг байдыдтой тæрхæттæ кæнын.

Хъайсын дзуры:

– Нæхуыдтæг ын куы ницы саразæм, уæд нын искæмæ æнхъæлмæ кæсгæ нæу. Кæсут, не ’рвадæлтæ дæр æмæ иннæ уæздæттæ дæр сæхи ныхъхъус кодтой. Уый афтæ æмбарын хъæуы, зæгъгæ, цы уæ фæнды, уый кæнут, махæй уын æмбал нæй. Мæнмæ ахæм фæнд ис: змæнтæг адæм залиаг калм сты, Чермен та йæ сæр у уыцы калмæн. Калм сæрæй марын хъæуы!

Æмæ ныффæнд кодтой Тлаттаты уæздæттæ Чермены Кæсæгмæ, сæ мадырвадæлтæм æууæнкæй асайын, цæмæй йæ уым амарой. Æрмæст æй цы æфсонæй асайдтаиккой, уый ма нæ ардтой, фæлæ сын фæстагмæ фæцис ахæм мадзал дæр.

Черменæн уыдис уарзон æмæ адджын æмгар – Хъæлтураты Сæхмæрза. Уый уыдис цуаны йæ фырт Алиханимæ. Сæхмæрзайыл Гуыдзы дзуары цур сæмбæлдысты кæсгон кънйæзтæ æмæ йын истой йæ гæрзтæ. Хъæлтуры-фырт Сæхмæрза топп агъудæй æххæст нæ фæхицæн кодта, афтæмæй йæ ’ргъæвдæй дæтты кънйазмæ æмæ йæм дзуры:

– Ай дын, къняаз, ӕнӕрохгӕнгӕ лӕвар Хъалтуры-фыртӕй! –йӕхӕдӕг топп ӕркъӕпп лӕста. Гӕрах фӕцыд, ӕмӕ кӕсгон къняаз фӕмард. Хъалтуры-фыртӕн амардтой йӕхи дӕр, йӕ фынддӕсаздзыд фырт Алиханы та йын семӕ уацары акодтой.

Сӕхмӕрза уыди Баймӕтаты хӕрӕфырт. Бестолы-фырт Чермен та уыди Баймӕтатӕн се сиахс. Баймӕтаты Баймӕты чызг Госӕгъа уыди Черменӕн куырд.

Тынг сагъӕс кодтой Чермен дӕр ӕмӕ Госӕгъа дӕр

Алиханы фервӕзын кӕнынил. Бирӕ сыл нӕ ацыди, Алиханы кой кӕд нӕ ракодтой, ахӕм бонтӕ. Афтӕ-иу загъта Госӕгъа:

– Сӕхмӕрза лӕг уыдис ӕмӕ лӕджы мард акодта, фӕлӕ йӕ гыццыл Алихан уыцы фыдзӕрдӕ тугдзых ӕлдӕртты къухы цагъарӕй, фыддомдӕй йӕ адзал куы ссара, уӕд мӕ мӕрдтӕм ницы бахӕццӕ уыдзӕни. Уый мӕ куы нӕ тыхсын кӕнид, уӕд мӕхицӕй амондджындӕр ӕппӕт дунейыл дӕр никӕй хонин, – ӕмӕ-иу уыцы ныхӕстӕ кӕнгӕйӕ, Госӕгъа сыгъдӕгзӕрдӕйӕ бакасти Чермены цӕстытӕм.

– Фервӕзын ӕй кӕндзыстӕм,– загъта-иу Чермен. – Мӕнӕн Кӕсӕджы ис иу ӕрдхорд. Уый сӕ къняӕзтӕй нӕу, фӕрссаг лӕг у, йӕ ном Хаджи-Паго. Иттӕг ӕхсарджын ӕмӕ ӕууӕнкджын у. Уый мын зӕрдӕтӕ ӕвӕры, ӕмӕ, кӕд Хуыцау зӕгъа, уӕд тагъд фервӕздзӕн Алихан.

Кӕсӕджы иу ӕмбырды сӕмбӕлдысты Хъайсыны кӕстӕр ӕфсымӕр Мӕхӕмӕт ӕмӕ Черменӕн йе 'рдхорд Хаджи-Паго. Хаджи-Паго куы базыдта, Мӕхӕмӕт хъобайнаг у, Тлаттатӕй, уӕд ӕй зӕрдиагӕй фӕрсын байдыдта Чермены тыххӕй. Мӕхӕмӕт ын хӕстӕджы дзуӕппытӕ дӕтты, цыма сын Черменимӕ иу хӕдон дӕр уӕрӕх у, кӕрӕдзиуыл цыма ӕрхъӕцмӕ дӕр нӕ хъӕцынц, уыйау.

– Куыд у зӕронд Мырзабег та? Ӕгас ма у? Ӕвгъау уыди базӕрондӕн. Мырзабегимӕ та куыд хӕстӕг стут фыдӕлты ´рдыгӕй? – бафарста Хаджи-Паго.

– Дыууӕ 'фсымӕры цот стӕм, – дзуапп радта Мӕхӕмӕт.

– Ӕз ӕнхъӕл дӕн уӕдӕ, – загъта Хаджи-Паго,– ӕмӕ мын мӕ фӕздӕггӕнаг къуым самондджын кӕндзынӕ: фысым дын уыдзынӕн зӕрдӕйӕ. Саккаг кӕн хӕдзармӕ, ссар Мырзабег ӕмӕ Чермены ном, кӕннод мӕ Чермен хъаст кӕндзӕни.

Мæхæмæтæн дæр ма Хуыцау хуыздæр хорз цы ракæна!

Бирæ тухитæ æмæ йæ хъуыдытæ цы хъуыддаджы фæдыл хъуыди, уый æнцонæй æфты ныр йæ къухы.

«Æгас цæуай» йын загъта Хаджи-Паго, цæхх-кæрдзынæй йæ тынг сбуц кодта. Афтæ йын зæгъы нуазæн дæтгæйæ:

– Нæ сæмбæлды аххос Чермен у. Уый мæнæн у ме ’рдхорд-æфсымæр. Стæй канд мæнæн æмæ дæуæн нæ, фæлæ уый у нæ алкæй æфсымæр дæр. Сымах, ир, уæлдайдæр та Хъобан, хæлæггаг уымæй стут, æмæ уыцы хорззæрдæ сахъгуырд уæ риуыл кæй схъомыл ис. Гъемæ дын, Мæхæмæт, уый тыххæй мæ нуазæн дæттын. Дидинæг æфтауæд Хъобан, Чермены хуызæттæ дзы фылдæр куыд æнтыса, уыцы боны фарн æй уæд!

Хаджи-Паго Мæхæмæты сбуц кодта, цы йæм уыди, уымæй, стæй рахаста дыууæ хорз ехсы, дыууæ зæнгойы рæсугъд хуыйæндагæй хуыдæй æмæ дыууæ та хæрзнад æрчъиаг дзабыртæ.

– Мæхæмæт, мæнæ дын мæ лæвар: ехс сæгуыты хуыйæндагæй, мæхи конд. Æвдисæн фæуæд нæ фыццаг сæмбæлдæн. Адон та мын мæ ном-æй Черменæн ратт.–Æмæ, уыцы ныхæстæ кæнгæйæ, кæрæдзийæн хæрзбонтæ ракодтой.

Мæхæмæтæн уыцы лæвæрттæ йæ къухы куы бафтыдысты, уæд йæ хъæлдзæгæн ныккæнæн дæр нал уыди:

– Фæлæуу, бирæгъ, къæппæг дын мæ къухы ис ныр, тагъд дзы бахаудзынæ! – æртхъирæн кодта йæхинымæр Черменмæ.

Рараст ис Мæхæмæт Хъобанмæ. Тындзыдта, цæмæй тагъддæр бахæццæ уа Хъайсынмæ, сæ сау хъуыддагæн уынаффæ кæнынмæ. Æхсæв ыл бон нал кодта, бон та æхсæв, афтæмæй Хъобаныл куыд сæмбæлд, уый æмбаргæ дæр нæ бакодта.

Хаджи-Пагойы лæвæрттæ Хъайсыниты афтæ фæхъæлдзæг кодтой, цыма сын, ныронг кæмæй тарстысты, уыцы стыр ивылд доны сæрты хид фæзынд, уыйау.

Мæхæмæт лæмбынæг бамбарын кодта Хъайсынæн, Хаджи-Пагойыл куыд сæмбæлд æмæ йын Хаджи-Паго цы фæдзæхста, уый: зæгъ, дам, Черменæн, зæрдæ дын цы хъуыддагæй бавæрдтон æмæ мæ бар кæй бакодтай, уый тыххæй дæм уыдзæн хабар, зæгъгæ. Æз, дам æй аивæй къахтон, цы йын йæ бар бакодта, уымæй, фæлæ мын ницы схъæр кодта Хаджи-Паго.

Хъайсын хъæлдзæгхуыйзæй сдзуры:

– Йæ бар ын цы бакодта, уый дæр базондзыстæм Хуыцауы фæрцы. Мах уал æнгуыр хъуыдис, æмæ нæ къухы бафтыди. Ныр кæф æрцахсдзыстæм æууæнкæй! Æз архайын, куыд мыл æууæнда, ууыл: цыма мæ нæ фæрысти нæ зæххы афæлдæхт, уыйау ауагътон мæхи. Мæхæмæт, ды фылдæр бонты дæ мадырвадæлтæм схъомыл дæ, Чермен дæуыл ницы гуырысхо кæны. Чермены бауæндын кæнын дæуæй кæнгæ у. Баууæндын æй кæн, цыма Хаджи-Пагоимæ тынг рагæй зонут кæрæдзи, цыма уе ’хсæн сусæгдзинадæй никуы ницы уыдис. Цыбыр ныхасæй, Хаджи-Паго æхсидав у, æмæ дзы Чермены тайын кæн. Чи зоны, кæд дын Чермен схъæр кæнид, Хаджи-Пагоимæ цы кæнынмæ хъавынц, уый. Дзабыртæ æмæ уал зæнгæйттæ мама раттæм Черменæн. Сæ раттынæн хуыздæр рæстæджытæ скæндзæн. Черменæн сæ мама схъæр кæнай!

Мæхæмæт Чермены хъахъхъæнын байдыдта, æмæ иухатт, Чермен йæ каистæм куыд фæцæйцыд, афтæ йæ размæ фæци æмæ йæм дзуры хъæлдзæгхуыйзæй:

– Чермен, æз та ма дæм уæхимæ цæуинаг уыдтæн!

– Дард не стæм, аздæхын нæ бон у,–загъта Чермен.

Мæхæмæт загъта:

– Нал дын къуылымпы кæнын дæ балц. Кæсæгæй дæм ис ныстуан, æмæ дын æй ам дæр зæгъдзынæн.

– Кæсæгæй?– афарста Чермен,– Уый диссаг уыдзæн!

– Зæрдиаг салам дын æрвиты Хаджи-Паго. Ныфс, дам дын цы хъуыддагæй æвæрдтон, уый рæхджы мæ къухы бафтдзæнис, æмæ дæм хабар уыдзæн. Мæнæ дын уый та лæвар!– æмæ Черменмæ дæтты ехс.– Йæхи къухæй конд у, сæгуытдзармæй.

Чермен исдуг æргом нæ ракаст Мæхæмæтмæ, хæрам уыдисты раздæр, фæлæ ехс æмæ йе ’рдхорды коймæ æрæджиау фæпарахат ис. Уый æхсызгонæн райста ехс æмæ йæм афтæ фæкаст, цыма Хаджи-Пагойæн йæхи федта. Раарфæ йын кодта зæрдиагæй, стæй йæ фæрсы:

– Бахатыр кæн, фæлæ, Мæхæмæт, Хаджи-Пагойы куыд зоныс? Хорз лымæн дын у æви искуы хъуыддаджы сæмбæлдыстут? Куыд лæгæй йæ зоныс Кæсæджы?

Мæхæмæтæн зын нæ уыди дзуапп раттын.

– Куыд дын зæгъон, Чермен... Хаджи-Пагоимæ куыд зонгæ стæм, уымæй-иу æй дæхæдæг бафæрс, куы сæмбæлат, уæд, фæлæ дын цыбырæй зæгъдзынæн: не 'хсæн сусæгдзинадæй ницы ис, кæрæдзиуыл æууæндæм. Мæнæ уыныс ацы ехс, дæ ехсы æмбал,– уый лæвар мын у.

Куыд-лæг у, зæгъгæ, мæ фæрсыс, æмæ дын уый зæгъдзынæн: æз мæхæдæг схъомыл дæн Кæсæджы – Челæхсаты астæу. Хаджи-Пагойыл чи фæуæлахиз уа цæхх- кæрдзын, æмгар-æууæнкæй, ахæм нæй. Æз æй никæуыл баивдзынæн, уый тыххæй æмæ мын у, мæ зæрдæ адджынæн кæй ссардта, уыцы лæг.

Чермен загъта:

– Куыд кæсын, Мæхæмæт, афтæмæй нын Хаджи-Паго æмбис æрдхорд рауади нæ дыууæйæн дæр! Арфæ дын кæнын, Мæхæмæт, зæрдиагæй, æмæ амондджын уацхæссæг фæу не 'хсæн. Куы ма фенай Хаджи-Пагойы, салам-иу ын ратт мæнæй. Æнхъæлмæ, зæгъ, кæсдзынæн дæ хабармæ.

Уыцы ныхæстыл Мæхæмæт раздæхти Хъайсынтæм.

Чермен та араст и йæ фæндагыл.

Черменæн йæ зæрдæ бахъæлдзæг ис, йæ цæстытыл уадысты рæсугъд нывтæ. Цæвиттон, Хаджи-Паго йын ныфс бавæрдта Алиханы фервæзын кæнынæй, æмæ ма хуыздæр цæмæй бахъæлдзæг уыдаид! Кæд йæ фæндаг уыди хæхтыл, нарæг кæмтты, фæзилæнты, уæддæр æм афтæ касти, цыма йе 'гас фæндаг дæр авджын у. Йæ цæстытыл уади Госæгъайы мидбылты худт, цыма Хаджи-Паго чысыл Алиханимæ йæ цуры лæууыди, уыйау.

Ахæм рæсугъд хъуыдытæ йæ зæрдæйы гуырыдысты, æмæ йæм афтæ касти, цыма йæм зæронд зæппадзтæ, æнусон хæхтæ фæлмæн худтысты...

Мæхæмæт дæр Черменæй къаддæр цины нæ уыди.

Æрмæст Чермены цин уыди рæсугъд, æнæтæригъæд, Мæхæмæты цин та – цъаммар, мæнгард, фыдбылыз, тæригъæдджын фыдбоны уазал тымыгъ.

– Чермен, Чермен!–дзуры уый йæхимидæг, – дæу фыр цинæй расыг цы Хаджи-Пагойы ном кæны, уымæй дын мах дæ адзал ссардзыстæм!

Мæхæмæт сæмбæлди Хъайсыныл æмæ йын лæмбынæгæй

радзырдта Черменимæ йæ фембæлды хабæрттæ.

Уæд Хъайсын сдзуры:

– Ныр нын фадат фæци Кæсæгмæ, уым ын Хаджи-Пагоимæ цы хъуыддаг ис, уый бæлвырддæр базондзыстæм, стæй йын уый фæстæ ратдзыстæм дзабыртæ æмæ зæнгæйттæ дæр, цыма йæм Хаджи-Паго æрвиты, уыйау. Уыдон æй бауырнын кæндзысты.

Сæхи срæвдз кодтой æмæ араст сты Кæсæгмæ. Кæсæджы сæ мадырвадæлтæм сæ фæндтæ тыхджын фыцынц Чермены фесафынил, фæлæ, Чермен æмæ Хаджи- Пагойы æхсæн цы хъуыддаг уыдис, уый бæлвырдæй нæ зыдтой, уымæн æмæ се 'намондæн Хаджи-Паго уыди балцы. Гъе, фæлæ уæддæр алыг кодтой, цыма йын Хаджи-Паго æмгъуыд кæны æмæ йын амоны бынат сæ сæмбæлынæн Елхоты фале Гала-бæласы бын.

Чермен та уыди Баймæтатæм, йæ каистæм. Йæ нæртон зæрдæйы ахæм цины лæсæн рацыдис, æмæ йын дунейы къардиутæ дæр нал фаг кодтой. Афтæ дзуры Госæгъайæн:

– Уыныс, де 'фсымæры къухы æрмдзæф? Ацы ехс йæхи конд у, сæгуытдзармæй. Æркæс-ма йæм лыстæг, дæ хæрдгæ думæданæн дын бар уадзы? Ацы лæвар мыл куыд сæмбæлд, афтæ тагъд ныл Хаджи-Паго æмæ Алихан дæр æмбæлдзысты. Хаджи-Пагойæ уæгъд ныхас никуы сирвæздзæн. Йæ зæрдæ кард у, цы нæ алыг кæндзæн, уымæ йæ ласгæ дæр нæ кæны. Куы йæ сласы уæд та йæ æнæ алыггæнгæ тъысгæ нæ кæны йæ кæрддзæмы. Мæхæмæт Кæсæджы ис æмæ нын дзы исты хабар хæсдзæн. Кæд Мæхæмæт ме знæгтæй у, уæддæр, Хаджи-Пагойы зонгæ кæй у, уый тыххæй йыл æууæндын.

Уæд Госæгъа афтæ зæгъы:

– Нæ зонын, нæ зонын, цæмæн у, фæлæ мæ зæрдæ куыддæр тасы мидæг ис, Хаджи-Паго æмæ де 'хсæн Мæхæмæт кæй ис, уымæй. Зноны знаг абон лымæнæн зын ссарæн у.

– Æмæ мæм цы знагдзинад хъуамæ дара Мæхæмæт? Давгæ куы никæмæй ницы кæнæм, рæстæй цæрæг адæм куы стæм. Нæ, уæлдай гуырысхотæ нал хъæуы. Цæй, бонмæ бирæ нал ис: хистæртæй мæ исчи ардыгæй ацæуæгæ куы фена, уæд фидиссаг кæнын.

Чермен Дæргъæвсы лæгъзы куы рацæйцыд, уæд Къæхтысæры хæрхæмбæлд фæци йæ хорз æмбал Бадзуаты Абырæгыл. Абырæг

æй базыдта раздæр, хъæлдзæг хуызæй йæм дзуры:

– Æтт, Баймæтаты буц сиахс, афтæмæй нæ фæцæудзынæ!

– О, нарты Хæмыц!– фæхъæр кодта Чермен.– Кæм та мын уыдтæ?

Уыцы ныхæстимæ кæрæдзи къуырццытæ кæнын байдыдтой сæ бæхтæй.

– Бестолы-фырт, æз дæ каистæм цæуылнæ дæн? Цæй тарст сын кæныс хардзæй? Æви Госæгъайæн æвзаг бакæнынæй тæрсыс?

– Раст зæгъыс, Абырæг. Алцыдæр дын æмбæлы зæгъын: æз зылын дæн дæ цуры.

Абырæг ныккасти Чермены бæхмæ:

– Чермен, ацы бæх дæм кæцæй æрæфтыд?

Чермен загъта:

– Радта мын æй ме ’рдхорд æфсымæр Хаджи-Паго,

Абайханты саулохтæй у.

– Раст зæгъыс, Чермен, сыгъдæг саулохаг у: бирæгъварс, зыгъар, цыбырастæу, къуыпных, зылдсæфтæг, хуыдзаст. Хайыр уæд, хайыр. Стыр лæвар дын ракодта де ’фсымæр, фæлæ-ма мæн дæр йемæ базонгæ кæн!

– Уымæн нын амал ис, Абырæг. А дыууæ боны йемæ хъуамæ сæмбæлæм, æмæ уæд Баймæтаты хæдзары нæ тæригъæдтæ ссыгъдæг кæндзыстæм,– загъта Чермен, йæхæдæг бахудти.

– Цæй, уæдæ, Чермен, банхъæлмæ кæсын хуыздæрæн фæуæд. Æцæг-иу мын мæ цæстытæ æнхъæлмæ кæсынæй ма ныуурс кæн.

– Бирæ рæстæг дæ нæ бауадздзынæн æнхъæлмæ кæсын. Хаджи-Паго, Абырæг æмæ Чермен Баймæтаты хæдзары рæхджы кæрæдзимæ дæтдзысты нуазæнтæ.

– Дæ дзыхы – æхсырфæмбал, Чермен! Æцæг æрцæуæд уыцы амондджын сахат!– загъта Абырæг.

– Хаджи-Паго мæм æрвиты,–дзырдта Чермен,– чи зоны, цæуын куы бахъæуа Кæсæгмæ, мæхицæн æмбалæн уæд дæу нымайын!

– Цæттæ дæн, Чермен! Кæсæгмæ нæ, фæлæ кæдæм-дæриддæр. Æрмæст мæм раздæр хабар куыд уа, афтæ.

Иучысыл ма аныхæстæ кодтой, стæй хæрзбон загътой кæрæдзийæн. Чермен рараст Хъобанмæ, Абырæг та Дæргъæвсмæ.

Бирæ афонтæ нæ рацыди, афтæ Чермен æнхъæлмæ цы хорз

хабармæ касти, уый бафтыд йæ къухы: сæмбæлд Мæхæмæтыл. Мæхæмæт ныр зыдта, кæцырдыгæй йæм бацæуын хъæуы, уый. Йæ зæрдæ йын æлхæдта æмæ йæ расыг кодта Хаджи-Пагойы номæй. Уый дзырдта:

– Ме ссыдыл цæуы æртæ боны, мæ хæс дын уыди дæ ныстуан раздæр фехъусын кæнын, фæлæ дæ-иу афарстон, æмæ уæхимæ нæ уыдтæ.

– Раст дын куы зæгъон, Мæхæмæт, уæд де ссыдмæ тынг æнхъæлмæ кастæн. Кæд дын, чи зоны, бантысти Хаджи-Пагойы фенын. Дæ фенд мын йæхи фендау æхсызгон вæййы.

Мæхæмæт загъта:

– Ау, Чермен, æмæ æз, Кæсæджы уæвгæйæ, кæмæ хъуамæ бацæуон Хаджи-Пагойæ раздæр? Раст йæ тæккæ хæдзары бадтыстæм æмæ цыбыр, фæлæ адджын рæстæг арвыстам. Зæрдиаг салам дын æрвыста æмæ куырдта хатыр, æрæгмæ дыл кæй æмбæлы, уый тыххæй. Æртæ боны æмгъуыдмæ, зæгъы, бафæраз, стæй дæм зындзынæн. Фæлæ, зæгъы, цы нæ вæййы: чи зоны, уыцы æмгъуыдмæ мæнæн куы нæ бантыса, уæд дæхи бахъæудзæн ардæм сæмбæлын.

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ, Мæхæмæт лæмбынæг касти Чермены цæсгоммæ, цыма йын йæ зæрдæйы сусæгдзинæдтæ агуырдта, уый-ау. Фæлæ Чермены цæсгомыл ницы зынди, хæлар, æнæзæрдæхудт æмæ уарзондзинадæй уæлдай.

Чермен бафарста:

– Æппын дын ницы загъта нæ сæмбæлæн бынаты тыххæй?

Мæхæмæт хъуызгæхуызæй сдзырдта:

– Чермен, уый ардыгæй бацамонынæн тынг зын у, фæлæ кæд йæхæдæг фæзынид уæдмæ. Кæд æмæ нæ фæзына, уæд мæхæдæг нæ фæзивæг кæндзынæн дæу уырдæм ныххæццæ кæнынмæ.

Уыцы ныхасы фæстæ Мæхæмæт дисхуызæй дзуры:

– О, хæдæгай, Чермен, чысыл ма бахъæуа, мæ амынат мæ ферох уа! – йæхæдæг йæ фæсарцæй райста зæнгæйттæ дзабыртимæ æмæ йæм сæ дætты: – Мæнæ мæм адон радта, йæ каистæм куы цæуа, уæд-иу сæ скæнæд, зæгъгæ.

Чермен йæ лæвар куы райста, уæд æфсæрм дæр æмæ цин дæр йæ зæрдæйы ссыгъдысты. Мæхæмæты ´рдæм ма йæм

ænæуyæнкдзинадæй цыдæриддæр уыди, уый, уæрм зæххæй куы айдзаг кæнай, уыйау алæгъз ис. Чермены зæрдæ куыддæр тæригъæды ´рдæм фæзылд Мæхæмæтмæ. Кастис æм уыцы сахат раст бынтон æнæтæригъæд адæймаг. Иттæг зæрдиагæй йын йæ къух райста æмæ йæм хæлархуызæй дзуры:

– Арфæ дын кæнын, Мæхæмæт, мæн тыххæй дæхицæн кæй базын кодтай, уый тыххæй. Æз дæр дын дæ дзæбæхтæ мæ уæлæ нæ ныууадздзынæн.

Æмæ рахæрзбон кодтой кæрæдзийæн.

Чермен æнхъæлмæ кæсын байдыдта Хаджи-Пагомæ. Афтæ тынг æнхъæлмæ касти, æмæ йæм бон мæй зынди, æхсæв та – афæдз. Кæд цыфæнды даргъ уыдысты æртæ боны, уæддæр ахицæн сты, фæлæ никуыцæй зыны Хаджи-Паго.

Чермен ныффæнд кодта, мæхи цæуын хъæуы, зæгъгæ.

«Исты гæнæн æмæ йын амал куы уыдаид Хаджи-Пагойæн, уæд уый йе ’мгъуыд нæ фæсайдтаид. Цы чындæуа ныр? Абырæгимæ цæуин, æмæ бæлвырд нæ зонын, кæдæм цæугæ у, уый. Мæхæмæтимæ цæуин, æмæ Хаджи-Паго Алиханы куы рахæсса, уæд Мæхæмæты мадырвадæлтæм исчи комдзог куы фæуа!»

Мæхæмæтæн дæр йæ зæрдæ æнцад кæм уыди, абæрæг та кодта йæ нывонды:

– Чермен, цæй цы хабар ис не ’фсымæрæй?

– Æвæццæгæн, мæхи цæуын бахъæудзæн, – загъта Чермен.

– Æмæ цы зивæг кæнæм, – бадис кодта Мæхæмæт, – кæд дзы иу бæхрæгъау дæр нæ разæй фæкæниккам.

– Бæхрæгъау нæ, – загъта Чермен, – фæлæ уыцы æнамонд лæппуйы тыххæй, æвæццæгæн, цæуын бахъæудзæни...

* * *

Чермены сæрмæ мигътæ æмбырд кæнын байдыдтой. Раст ын Мæхæмæт æмæ Хъайсын цы фæндаг сныв кодтой, ууыл ныллæууыди. Афтæ фæзæгъы йæхицæн: «Цæй, цы ма хъыгдарон Абырæджы дæр? Хаджи-Пагойæн бæлвырд йæ амынд бынат куы зонин, уæд Мæхæмæты дæр ныууадзин. Фæлæ йæ нæ зонын, æмæ цæуын хъæуы Мæхæмæтимæ. Ахсæв мæ балц фæрæвдз кæндзынæн æмæ ныууайдзынæн Мæхæмæтимæ. Æз райсом ис-

куы бонасадæн скæндзынæн, Мæхæмæт та мын Хаджи-Пагомæ хабар фæкæндзæн».

Мæхæмæтæн лæгъстæ нæ бахъуыд: Хуыцауæй цы курдиат агуырдта, уый æнцонæй йæ къухы æфтыди. Сæхи цæттæ кодтой, цæмæй араст уой сæ фæндагыл.

Госæгъайы зæрдæйы бацыди цыдæр æнахуыр тас.

– Стыр диссаг, – загъта уый Черменæн, – мæ зæрдæйы цæмæн ахæм тас бацыди? Афтæ мæм кæсы, цыма æнамонд хабар фехъусдзынæн. Мæхæмæты кой мæ зæрдæйыл калмау тыхсы. Цы нæ ауайы мæ цæстытыл! Исчи тагъд-тагъд куы æрбацæуы йæ рæзты, уæддæр тæрсгæ фæкæнын. Цы хабар у, нæ зонын... Хуыцау æй хуыздæрæн фæкæнæд...

Араст сты сæ фæндагыл Черменитæ. Дзæвгар куы фæцыдысты, уæд Мæхæмæт ехсы хъæдæй бацамыдта Черменæн дардмæ Гала-бæласмæ. Бæласмæ хæстæгдæр куы бахæццæ сты, уæд Мæхæмæт дзуры:

– Цæй, Чермен, мæнæ ацы къуылдымы нæ бæхтæ суадзæм, æмæ ахизой. Нæхæдæг та уынаффæ бакæнæм, цы нын кæнгæ у, ууыл.

Чермен уæлдай нал загъта, æмæ сæхи æрфистæг кодтой. Иучысыл куы афæстиат сты, уæд Чермен йæ къух Мæхæмæты уæхскыл æрæвæрдта æмæ афтæ зæгъы, йæ цæсгоммæ йын кæсгæйæ:

– Мæхæмæт, æз ам баззайдзынæн, ды ацу æмæ фæхабар кæн Хаджи-Пагомæ. Фервæзын кæнынмæ, зæгъ, кæй хъавыдтæ, уый ардæм ракæн. Æрмæст дæ уый курын, Мæхæмæт, æмæ не ’рцыд Астемыратæй куыд ничи зона.

Хæрам мæм сты, æмæ мæ семæ фембæлын нæ фæнды.

– Уый тыххæй гуырысхо ма кæн, – загъта Мæхæмæт. – Æз цæуын æмæ дыл Хаджи-Пагоимæ æмбæлдзынæн тагъд.

Æмæ ацыди. Чермен иунæгæй куы аззади, уæд кæстытæ кодта, Мæхæмæт æй кæдæм æркодта, уыцы хъæдмæ, æмæ афтæ дзуры йæхинымæр: «Уæ, нæ тæригъæд уа Хаджи-Пагойы, цымæ дзы амæй лæгъздæр бынат никуы ссардта! Йæ тæккæ бирæгъбадæнтæм ын куы бахъавыди. Диссаг, цымæ, цæмæн равзæрстаид ахæм тар хъæд?..»

Цалынмæ Чермен хъуыдытæ кодта, уæдмæ Мæхæмæт сæмбæлди

Астемыратæм. Мæхæмæты сæмбæлд Астемыраты бахъæлдзæг кодта. Чермены æнамондæн, уыдисты æмбырд, Хъайсын сæ астæу уыдис, афтæмæй. Мæхæмæт хъæлдзæгхуызæй радзырдта, Чермены куыд æрсайдта, уый. Хъайсын загъта:

– Æтт, Астемыратæ, саг фæрæтмæ æрцыди!

Мæхæмæтæн бауынаффæ кодтой афтæ:

– Ацу æмæ йын зæгъ, Хаджи-Паго дыл, зæгъ, æмбæлдзæн тагъд. Мах дæр цæуæм дæ фæстæ, æрхыты ссæудзыстæм, бæласы ауон æрбаддзыстæм, æмæ иучысыл куы афæстиат уай, уæд та-иу дæхи цæуæг скæн Хаджи-Пагомæ ракæсыны æфсон, æмæ уæд дæхæдæг дæр нæхирдыгæй фæуыдзынæ.

Иукъорд замантæ ма афæстиат, стæй рацыди Мæхæмæт. Уалынмæ Мæхæмæт Чермены цур æрбалæууыд хъæлдзæгхуызæй æмæ дзуры:

– Чермен, амонд нæ рæвдауы! Хаджи-Пагойы ныййæфтон сæхимæ, цыдæр уазджытæ йæм уыди æмæ йын бамбарын кодтон дæ хабар. Тынг æхсызгон ын уыди, мæхи дæр мын урæдта: æххæст, дам, уазджытæ ацæуой, æмæ иумæ ацæудзыстæм, фæлæ æз нæ ныллæууыдтæн, мæ мадырвадæлтæй мæ исчи куы фена, уымæй тæрсгæйæ.

Чермен загъта:

– Хорз бакодтай, Мæхæмæт, хъахъхъæнын хорз у!

Уыцы рæстæджы сæ алыварс æртыхстысты Астемыратæ æмæ Хъайсын. Мæхæмæт ныхæстыл дардта Чермены. Иудзæвгар куы афæстиат сты, уæд Мæхæмæт æвиппайды сдзырдта:

– Цæй æрæгмæ цæуы Хаджи-Паго? Тагъд æрбацæуинаг куы уыди! Цæуон, æмæ йæм акæсон, – йæхæдæг сыстад æмæ æрхы 'рдæм фæраст ис. Иудзæвгар куы ныууад æмæ куы фæаууон, уæд йæ бæх пыхсы абаста æмæ Хъайсыниты 'рдæм араст. Уыцы рæстæджы Чермен йæ бынатæй сыстад, æнцадгай араст бæласы 'рдæм. «Æнæ фенгæ мын нæй Хаджи-Пагойы бæрæггæнæн Гала-бæласы», – загъта Чермен æмæ бæласы цурмæ куы æрцыд, уæд æм кæсы æдзынæгæй æмæ йæхинымæр дзуры: «Стæ-ма, акæсон йæ цъуппæй». Йæ топп систа æмæ йæ бæласы æнцой æрæвæрдта. Бæласмæ хæрдмæ куы скаст, уæд йæ фале цыма пыхс фезмæлыди, афтæ йæм фæзынди.

Цымæ цы уа, зæгъгæ, дарддæр ныууад, йæ топп бæласы æнцой ныууадзгæйæ. Пыхсы йæм зынди лæг. Йæ топмæ куыд фæзылд, афтæ фыццаг гæрах сæмбæлд йæ зæнджы хæцъæфы. Топп райсынмæ ма тындзыдта, фæлæ йын мæцкъортæ йæ къæхтыл стыхстысты æмæ æрхаудта.

Черменæн йæ фестад æмæ Мæхæмæтæн та топмæ йæ бауад баиу сты. Стайау йæхи фехста Чермен, Мæхæмæты къухтæй раскъæфта топп æмæ фæхъæр кодта:

– Æтт, цъаммар туг! – йæхæдæг æй кардæй афтæ тынг æрриуыгъта, æмæ йæ сæр зæхмæ харбызы хуызæн атылди. Чермен йæхæдæг дæр ныццудыдта æмæ æрфæлдæхти. Фыццаг æй цы кæсгон лæг фехста, уый рацыд æргом, афтæ æнхъæлдта, æмæ нал сыстдзæнис. Фæлæ цалынмæ уый топп арæзта, уæдмæ йæм Чермен фæцарæхстис: нæмыг ын батыдта йæ риуыгуыдыр.

Чермен йæхæдæг дæр стыр уæззау цæфтæ фæцис, йæ алыварс гæрæхтæ сбирæ сты. Зæхмæ куы æрхаудта Чермен, уæд æй иу кæсгон цæвынмæ хъавыди кардæй, фæлæ йæ Чермен æрцахста йæ фæдджийæ æмæ йæ афтæ тынг æрбалхъывта йæхимæ, æмæ лæг сывæллонау æрбасхъиудта Чермены хъæбысмæ. Чермен ын ныххæцыд йæ хурхыл æмæ загъта:

– Æлгъаг у дæ цуры амæлын, фæлæ... кæлмытæ æртæ къаддæр фæуыдзысты!..

Асыгъдæг ис топпы фæздæг. Ныссабыр ис æрдз. Чысыл кодта сæлфынæг, бæлæстæ дæр цыма æнкъард уыдысты æмæ цыма сæ уайдзæфы хай Гала- бæласæн кодтой.

Мард фесты Астемыраты Хамит æмæ Хату, мард фæци, ацы бæллæхтæ чи арæзта, уыцы Тлаттаты Мæхæмæт дæр. Уымæн уырдыджы йæ сæр афтæ дард атылди, æмæ йын æй аргæ дæр нал кодтой. Удæгасæй аирвæзти æрмæст Хъайсын.

– Зынаргъ нын рауадтæ, Агуыдзоны фырт, – загъта ма уый. – Æфснайын хъæуы мæрдтæ, хъæр дæр сын нæй кæнæн, ныгæнын сæ хъæуы сусæгæй. Ацы калмы уæртæ иу дзыхъмæ аппарын хъæуы, уадз æмæ йæ рувæстæ бахæрой... Диссаг! Фараст нæмыджы сæмбæлд йæ риуыл, уæддæр нæ марди!

Изæрдалынгты Астемыратæ аластой сæ мæрдтæ.

* * *

Хаджи-Паго Алиханимæ бахæццæ Хъобанмæ, æрлæууыд Чермены хæдзары раз. Бадзуайы-фырт Абырæг уыди Черментæм, йæ хъæлдзæг ныхас æддæмæ хъуысти:

– Агуыдзон, уæдæ ма æз та Черменмæ куы æнхъæлмæ кæсын ныр æртæ боны. Æхсæвыгон хъуыддæгтæ мын уыди кæмдæр, æмæ сæ уый тыххæй куы ныууагътон, уæд уый кæдæм фæраст и?

Агуыдзон загъта:

– Нæ зонын, дæ рын бахæрон, Абырæг, ам æм æмбисæхсæв чидæр æрбадзырдта. Йæ хъæлæс мæм Мæхæмæты хъæлæсы хуызæн фæкасти, æмæ ма мын афтæ загъта: «Иу кæсгон лæг нæм æрбацæуинаг у, æмæ, æнæ мæн куы фæзына, уæд-иу æй ме ссыдмæ бауром». Стæй ацыди.

Уыцы рæстæджы чидæр кæрты дуар бахоста. Абырæг рудзынгæй ракаст æмæ сдзырдта:

– Агуыдзон, дæлæ иу æнахуыр уазæг! Дæ хæдзар афснай, чи зоны, мидæмæ куы цæуа! – йæхæдæг рауади уазæджы размæ.

Барæг бадти бæрзонд, хæрзхаст, цъæх стъæлфæнтæджын бæхыл. Йæ бæхыл бæрæг уыди, тыхцыд кæй фæкодта, уый. Уазæг сдзуры æрдæгирон æвзагæй:

– Чермен ам нæй?

– Йæ хæдзар ам ис, йæхи дæр ын ссардзыстæм, – дзуапп радта Абырæг.

Уазæг æрхызт бæхæй, æмæ, йæ нымæт куы раппæрста иуварс, уæд йæ фæсарцæй æргæпп ласта иу хъомыл лæппу. Уыцы уазæг уыди Хаджи-Паго, лæппу та Алихан.

Хаджи-Паго æмæ Абырæг кæрæдзийæн сæхи бацамыдтой. Агуы-дзон куы базыдта, Чермен алы бон цы Хаджи-Пагойы кой кæны, уый ис йæ цуры, уæд æй æцæг мады хъæбыс ныккодта:

– О, мæ зæрдæйы уидаг, мæ цæсты рухс, æз дæ уындмæ куы бæллыдтæн, æз уымæй куы тарстæн, æнæ дæу фенгæ куы амæлон!

– Мæлгæ нæма, Агуыдзон, мæлгæ, – загъта Хаджи-Паго, – дæ дыууæ лæппуйы дын хъуамæ дæ фæллой бафидой. А дыууæ боны чындз хæсдзыстæм, мæ хъаймæты хо Госæгъайы. Чермен иуæй ме ’фсымæр у, иннæмæй та мæ сиахс у. Гъеуæд дын дæ дыууæ лæппуйы дæ фæллад суадзын кæндзысты. Дæ бирæ зынтæн

ærхæццæ сæ кæрон! Мæнæ уын уый та, – загъта Хаджи-Паго, Алиханмæ ацамонгæйæ,– Госæгъайы мадыфсымæр Алихан. Бирæ йыл фæтухи кодтон, æмæ тыххæй бафтыди мæ къухы.

Агуыдзон æмæ Абырæг худгæ-кæугæ сæ хъæбысты кодтой Алиханы. Стæй Агуыдзон ацыдис æмæ февнæлдта хæринаг кæнынмæ. Хаджи-Паго æмæ Абырæг иунæгæй куы аззадысты, уæд Абырæг афтæ зæгъы:

– Хаджи-Паго, махмæ ис иу æмбисонд: Хетæг – хъæдмæ, кæнæ та хъæд – Хетæгмæ: Черменæй куырдтон, цæмæй мæ демæ базонгæ кодтаид, фæлæ мæм дæхæдæг фæтагъддæр дæ. Уыди нæм дæ кой, ныхас дæр бакодтам, демæ дæ хойы хæдзары куыд æмæ кæд хъуамæ сæмбæлдаиккам, уый тыххæй:

Уæд Хаджи-Паго загъта:

– Амондджын ныхæстæ кодтат, æмæ æцæг рауадысты. Фæлæ диссаг: æз æм æрвитгæ куы кодтон, тагъд дыл æмбæлдзынæн, зæгъгæ... Мах дæр ын, Абырæг, бафыддæрагæн кæндзыстæм. Кæд ахсæв нæ фæзына, уæд Баймæтатæм нæ бæхтæ базмæлын кæндзыстæм, уый ма нæм-иу уæд дуарæй бакæс-бакæс кæнæд,– сæхуыдтæг ныххудтысты.

Абырæг æмæ Хаджи-Паго кæрæдзи зæрдæтæ тынг тагъд ссардтой, рагæй цыма зонгæтæ уыдысты, уыйау.

Сæрдыгон æхсæв сыл тынг тагъд сбон ис. Фæлæ нæ зыны Чермен. Райсомæй аходæн куы бахордтой, уæд Хаджи-Паго дзуры Агуыдзон æмæ Абырæгмæ:

– Тынг мæ фæнды мæ хо Госæгъайы бабæрæг кæнын. Мæнæ йын йæ зынаргъ хæстæг Алиханы дæр раттикам. Чермен куы æрбацæуа, уæд-иу æй рарвит Баймæтатæм. Мах дæр дзы нæ маст исæм, Агуыдзон. Уый æз æмæ Абырæгмæ нæ банхъæлмæ каст, мах даар æм нæ кæсæм, – сæхæдæг хъæлдзæгæй ныххудтысты æмæ ацыдысты Баймæтатæм.

Хаджи-Паго хæцыди Алиханы къухыл, йæ цуры лæууыдысты Госæгъа, йæ мад, йæ фыд æмæ Абырæг.

Бирæ фæцинтæ кодтой Баймæтатæ дæр Алиханы фервæзтыл, – сæ хæдзар стыр хъæлдзæг сси. Уый фæстæ Госæгъа Хаджи-Пагойæн ракодта Чермены хабæрттæ: æртæ боны æмгъуыдмæ куыд ацыди, афоныл куыд нæ сæмбæлд æмæ куыд фæдзæхста, зæгъгæ,

дам, уæдмæ куы нæ сæмбæлон, уæд-иу мæ агурут. Госæгъа ноджы радзырдта, Мæхæмæтимæ кæй ацыд, уый тыххæй йæ зæрдæ тынг кæй æхсайы. Цы бамбарын хъуыдис Хаджи-Пагойæн хъуыддаг! Уый æнцадгай дзуры Абырæгмæ: «Цæугæ нын у!» Фæлæ, цæмæй йæ хо ма фæтæрса, уый тыххæй йæхи хъæлдзæггомау дардта. Рацыдысты Баймæтаты хæдзарæй, æмæ фæндагыл Абырæгæн загъта:

– Не ’фсымæр гуырысхо ран ис, Абырæг, мæ хо куыд радзырдта, афтæмæй. Мæ номæй йæ асайдæуыди.

Æрзилын ыл хъæуы, баххуыс ын хъæуы. Ды суай æмæ абæрæг кæн Мæхæмæты. Кæд уым уа, уæд ын загъ, æз æй агурын, загъгæ.

Абырæг тынг тагъд ссардта дзуапп:

– Мæхæмæт ам нæй, Кæсæджы ис.

Хаджи-Паго байхъуыста æмæ æнкъардхуызæй загъта:

– Абырæг, не ’фсымæр Чермен зындзинады ис. Госæгъа куыд загъы, афтæмæй сæ ацæуыны размæ Гала-бæласы кой кодтой: уый хорз бæлас нæу. Цæуын хъæуы йæ фæд-фæд, цы йыл цæуа, уый йыл кæсæджы къухæй цæудзæн. Уыцы Гала-бæлас Астемыраты хъæуы сæрмæ ис. Цъаммар, налат адæм сты Мæхæмæты мадырвадæлтæ. Стæй диссаг уый у, æмæ ахæм тæссаг балцы куыд бауæндыди Мæхæмæтыл.

Бон уыди рæсугъд. Цъиутæ алы хъæлæстæй зарыдысты. Æрджынарæджы дон æнæмæтæй, йæ уылæнтæй хъазгæ, размæ згъордта. Дзылаты мæсыг, цыма йæ къухаууонæй дардмæ касти, уыйау лæууыдис æнцад. Йæ бынты фæцæйцыди дыууæ барæджы, сæ цæсгомы бакаст уыдис сагъæсæй дзаг. Уыдон-иу куы тагъд ацыдысты, куы та-иу фæлæууыдысты æмæ-иу райдыдтой ныхæстæ кæнын, сæ ехсытæй цыма искæмæ æртхъирæн кодтой, уыйау. Куы та-иу фæндаджы иувæрсты азылдысты, цыма фæд агуырдой, уый хуызæн.

Уыдон сты Абырæг æмæ Хаджи-Паго, Чермены фæдагурджытæ. Сæ арæзт у Гала-бæласы ’рдæм. Куыд æм хæстæгдæр кæнынц, афтæ сæ тас тынгдæр рæзы. Æрхæццæ сты уыцы ранмæ. Чермен æмæ Мæхæмæт сæ бæхтæ цы къуылдымыл суагътой, уырдæм кæсынц, æмæ дзы федтой уæрдонвæд. Хаджи-Паго бадис кодта:

– Цымæ ацы уæрдонвæд ам цæмæн ис?

Бæхтæй æрхызтысты, бæласы алыварс æрзылдысты.

Бæласы бын уыди ссæст, уæрдонвæд кæдæм бацыд, уым ссардтой туджы фæзгъæртæ. Иу-дыууæ раны ма дзы уыди ноджыдæр тугвæдтæ, фæлæ дзы уырдыджы иу тугвæд Æрфæныфæдау тынг дард ахаста, æмæ уый куы федтой, уæд сæ зæрдæтæ бынтон асастысты.

– Не ’фсымæрыл цы ’рцыди, уый йыл ам æрцыд, – загъта Хаджи-Паго. – Фæлæ диссаг сты ацы тугвæдтæ. Ам иу лæджы туг нæй, ам ма ноджыдæр фæци мæрдтæ, æгæр дæрддзæфтæ сты кæрæдзимæ, ницы дзы базонæн ис ам. Уæрдоны фæдыл ацæуæм.

Æмæ ацыдысты. Фæд сæ æркодта раст Астемыраты уæлмæрдтæм. Бон баталыиг ис, æмæ фылдæр базонын сæ къухы нал бафтыди.

Фæлæ талынджы дæр кодтой сæ хъуыддаг. Уыдон ссардтой Хомбадзары, Астемыраты кусæджы. Уый уый мæрдтæ ласынмæ æмæ сын радзырдта, Чермен куыд фæмард ис æмæ йæ кæм ныууагътой, уыдæттæ.

– Ныр Астемыратæ афтæ æфсон кæнынц,–загъта Хомбадзар,– цыма стыр фурды был Биаслантимæ лæбурды уыдысты æмæ уым фæмард сты. Мæнæн бахæрын кодтой ард, макæмæн-иу схъæр кæн, зæгъгæ, фæлæ мæнгард уыдысты æмæ сыл комдзог куы фæуон, уæд уый Хуыцаумæ дæр хъыг нæ фæкæсдзæн.

Хаджи-Паго æмæ Абырæгыл, Хомбадзары ныхæстæм хъусгæйæ, арв нæрыди, зæхх сыл зылди, сæ мастæн нал уыди кæрон.

Хаджи-Паго дзуры Абырæгмæ:

– Цы кæнæм, Абырæг? Нæ зынаргъ æфсымæр нал ис а дунейыл, бахордтой йæ тугдзых бирæгътæ. Йæ мард ын ингæныл сæмбæлын кæнæм, сырдты дзыхæй йын фервæзын кæнæм йæ мард, кæннод бынтондæр нæ фыдгулты фæндиаг фæуыдзыстæм.

Хаджи-Пагойы æфсымæртæ рацыдысты фæдисы Чермены мард агурæг. Схæццæ сты æнамонд бæласы цурмæ, ссардтой йæ. Чермен хуыссыд йæ иу фарсыл, йæ цæсгомыл нæ зынди нæдæр тас, нæдæр мастдзинад, йæ цæстæнгас уыдис Гала-бæласы ’рдæм, цыма уымæн уайдзæф кодта, уыйау. Хаджи-Паго Чермены марды йæ хъæбысы ныккæны æмæ нырдиаг кæны, йæ сæр хойгæ:

– Чермен, Чермен!.. Цæмæн мæ афтæ фыдæбойнаг фæкодтай? Цы зæрдæйæ ма ссæуон Агуыдзоны цурмæ? Мæрдтæм мын нæй фæндаг, ацы бæллæхтæ иууылдæр йæ номæй сты...

Абырæг сабыртæ кæны Хаджи-Пагойы:

– Кæуын æмæ ниуынæй ницыуал ис раздахæн, фæлæ йын йæ мард сæмбæлын кæнын хъæуы Хъобаныл.

Срæвдз кодтой уæрдон æмæ рараст сты Хъобанмæ.

Астемыратæ кæд мæнгæй уырнын кодтой адæмы, не ’фсымæртæ лæбурды фæмард сты, зæгъгæ, уæддæр адæмæн сæ фылдæры нæ уырныдта.

Хъайсын рараст ис Хъобанмæ, адæм цы дзурынц, уымæ байхъусон, Чермен мард фæци, уый Хъобан зонынц æви нæ, уый базонон, зæгъгæ. «Æмæ йæ, уæвгæ, цæмæй зондзысты? Мæхæмæты йемæ рацæугæ куы ничи федта. Мæхи дардзынæн хъæлдзæг, цыма мыл æппындæр ницы æрцыд, уыйау. Чермены та уæдмæ сырдтæ бахæрдзысты...» – дзырдта йæхинымæр.

Хъайсын куыд загъта, йæхи афтæ дардта Хъобаны.

Йæ бинонтæн дæр не схъæр кодта, цы ´рцыди, уый.

* * *

Хаджи-Пагоитæ куыд хæстæгдæр кодтой Хъобанмæ, афтæ сыл адæм арæхдæр æмбæлдысты. Куы базыдтой, Чермен мард фæцис, уый, уæд адæм бæзджын кæнын байдыдтой. Афтæ сбирæ сты, æмæ Хъобангомы цæугæ дæр нал кодтой. Сæ кæуын æмæ сæ ниуынæй хæхтæ рызтысты. Систой Чермены мард уæрдонæй æмæ йæ хастой сæ уæлныхты. Куы йæ æрæвæрдтой кæрты, Агуыдзоны цур, уæд иргъæвæг нал уыди адæмæн. Тег æмæ йыл Темырби ныддæлгом сты; ус уæд, лæг уæд – нал лæвæрдтой кæрæдзийæн бар. Абырæг æмæ Хаджи-Паго, сæ сæртæ хойгæ, бацыдысты Агуыдзоны цурмæ:

– Уæ, нæ цæсгом бахæрæм, нæ зæронд мад, куыд ма æрбацыдыстæм дæ цурмæ!..

Иу рæстæджы фæхъус вæййынц адæм, стæй та уæд рацæуы йæ мад Агуыдзон. Разилы адæмы ’рдæм æмæ фæзæгъы:

– Бахатыр мын кæнут, хорз адæм. Черменæн йæ фæстаг сахат у, æмæ йын мæ фæллой схæлар кæнон, – йæхæдæг æнцадгай марды цур æрлæууы. – Бирæ фæлмæн ныхæстæ мын фæкодтай, Чермен, бирæ зæрдæтæ мын февæрдтай, дæ фæллой дын бафиддзынæн, зæгъгæ. Фæлæ дын кæнын хъаст, уыцы хæс кæй

нæ бафыстай æмæ мæлынил кæй батагъд кодтай, уымæй. Фæлæ мады зæрдæ фæлмæн у. Давынмæ нæ уыдтæ, лæбурынмæ – иннæ ахæм. Хæсты лидзгæйæ мын нæ фæмард дæ, уымæн дæ фæтæн риу – æвдисæн, – йедзаг у уый знаджы нæмгуытæй. Ды хæцыдтæ адæймаджы номыл, дæ сæр нывондæн æрхастай æфхæрдты сæрыл. Лæг уыдтæ æмæ лæджы мард акодтай. Рухсаг у! Хæлар дын уæд ме 'хсыры цъыртт!..

Уыцы ныхæстæ кæнгæйæ йын æнцадгай йæ къухмæ бавнæлдта æмæ ма загъта:

– Фæндараст, мæ зæрдæйы хох!..

Агуыдзоны зæрдæхалæн ныхæстæм хъусгæйæ, хæхтæ æмæ хъæдтæ дæр æмнæрд кодтой. Систой марды æмæ йæ ахастой ныгæнынмæ. Ныгæд æрцыди ададжы иу фарс фæтæны. Ныгæд куы фæци, уæд Тег æмæ Темырби йæ цыртыл ныттыхстысты æмæ сæ кæуынæй хæхтæ арыдтой:

– Чермен! Æфхæрд цагъартæн уыдтæ ды сæ фыд! Мадау сæ ды рæвдыдтай. Æрхастай сын дæхи нывондæн. Ды загътай, куы фестин уæд та сæрибары тырысайы хъæд, мæ туг та – æнæмбийгæ тырыса! Хæрæм дын ард нæ зæрдæтæй, нæ цардæй: уыцы тырысайы бын сæрибарыл хъæбатырæй кæндзыстæм тох. Дæ тугæй скæндзыстæм урс фæринк кæрдтæ. Не 'фсондзтæй та сараздзыстæм хъримаг топпытæ! Нæхи нæ, фæлæ нæ сывæллæтты дæр æрхæсдзыстæм уыцы тырысайы бын нывондæн.

Уалынмæ, тынг æфсæрмытæгæнгæ, æрбакодтой Госæгъайы. Уый ингæны цур æрлæууыди æмæ æнцадгай загъта:

– Дунейыл дæр уыдтæн æз дæу. Дзырд дын дæттын, дунейæ дæр ахицæн уыдзынæн дæ номæй!

Адæм гыццыл фæхъус сты, æмæ дзырды бар ракуырдта Хаджи-Паго. Хъайсын дæр лæууыд ингæнмæ хæстæг, æмæ йæ Хаджи-Паго куы ауыдта, уæд мæстæй фæцæйскъуыд. Хаджи-Паго цыртмæ хæстæг балæууыд æмæ райдыдта дзурын:

– Хъобан, æз дæн кæсгон, мæ ном у Хаджи-Паго. Æз уыдтæн Чермены æрдхорд-æфсымæр. Мæнæн ахæм адджын æфсымæр мадызæнæгæй дæр нал ис. Чермены хуызæн дыккаг нæй, нæдæр сымахмæ, нæдæр махмæ. Цымæ цæмæн æрцыди мард? Чермен нæ уагъта адæймагæй фос кæнын, нæ уагъта адæймаджы фыд

хærын. Мæнæ адæм! Чермены асайдта Тлаттаты Мæхæмæт æмæ йæ амарын кодта Астемыраты бирæгътæн.

Уыцы ныхасимæ цæхгæр фæзылд Хъайсыны ’рдæм æмæ дзуры:

– Уыцы бирæгътæй иу у мæнæ уый! – æмæ йын дамбаца йæ тæккæ дæндæгтыл ныццавта. – Уæ, мæ зынаргъ æфсымæр, Чермен! Уыдон дæ амардтой сусæгæй, фæлæ дын æз Хъайсынæй дæ маст райстон адæмы ´хсæн, æргомæй!

Адæм афтæ мæсты уыдысты Хъайсынмæ, æмæ ма кæд йæ цæфæй фервæзтаид, уæддæр æй Тег, Темырби æмæ иннæтæ къабазгай ныккодтой. Тугæйдзаг фыды тымбыл сси.

Майрæмыхъойы цотыл бакодтой хъоды. Мырзабег дæр зæрондæй ссардта йæ ингæн.

*Æз мæхæдæг, Чермены хабæрттæ дзурæг, цæрын Хъобаны, Бытъаты Мырзабеджы хæдзары.*

## НÆ ЮБИЛЯРТÆ

# ДЫГЪУЫЗТЫ ТЕНГИЗ: 60 АЗЫ



*ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз*

# СЫХÆГТЫ ЧЫЗГ

Саби ма уыдтæн, фæлæ иттæг хорз бахъуыды кодтон нæ сыхаг саулагъз рæсугъд чызг Сæлимæты. Мæ мадимæ хæларæй цардысты, æмæ-иу нæм арæх æрбацыд бадынмæ, уæлдайдæр та даргъ зымæгон æхсæвты. Суанг-иу фыццаг кæркуасæнтæм дæр бадтысты æмæ-иу, ныхæстæ кæнгæйæ, быдтой цъындатæ, кæнæ та-иу къуымбил æлвыстой.

Сæлимæт мын-иу алыхатт дæр йемæ исты адджинаг æнæ ’рбахæсгæ нæ фæцис. Мæ мад-иу ын худгæбылæй уайдзæф кодта: «Ма кæ, Сæли, мæ лæппуйы мын æгæр буц ахуыр ма кæн, æндæра, адджинагыл куы фæцахуыр уа, уæд ын цæмæй æлхæндзыстæм?».

Æмæ, æцæгдæр, цыбыркъух уыдысты нæ бинонтæ, мæ фыд – сахъат, мæ мад та – иудадзыг чысыл сабитимæ. Æмæ, кæд хъуаг æййæфтам, уæддæр ирон æгъдау уыд нæ бинонты царды сæйрагдæр уаг.

Æрцыд мæ мады ныхас. Сæлимæт мæ фæцалх кодта адджинагыл. Æцæг, мæ цыбæл æргомæй не ’вдыстон, фæлæ-иу нæ сыхы сабитæй исчи адджинаг куы хордта, уæд-иу æм хæлæгæй мардтæн. Изæрыгæтты та-иу æнхъæлмæ кастæн Сæлимæты фæзындмæ. Æмæ-иу фæндаджы тигъæй куы ’рбазынд, уæд-иу йæ размæ тъæбæрттæй згъордтон.

Уый мæ-иу йæ хъæбысмæ худгæйæ фелвæста æмæ-иу мын мæ къухы къафеттæ, кæнæ адджын гуылтæ фæсагъта.

Дæсны уыдис Сæлимæт зарынмæ дæр. Æмæ-иу сæрдыгон хъазтизæрты (уæд-иу хъæуы арæх уыдысты хъазтизæртæ) хъуыстис йæ цъæхснаг, зæллангæнæг хъæлæс. Зарыдис-иу мæнæн дæр йæ уарзон зарджытæ, мæ мад-иу мæ йæ бæрны куы фæуагъта, уæд.

Цыдис рæстæг. Æз бацыдтæн скъоламæ. Сæлимæт-иу арæх бæрæг кодта, куыд ахуыр кæнын, уый. Æмæ-иу мæ ахуыргæнæг куы раппæлыд, уæд-иу йæ цæсгомыл цины уылæнтæ хъазыдысты.

...Изæрмилтæ сæ цъæх æфсургъыл раджы рабалц кодтой хъæумæ, фæлæ Сæлимæт зынæг нæ уыдис. Стыр фæндагмæ дæр бæргæ азгъордтон йæ размæ цалдæр хатты, фæлæ... Мæ мад мын æмбæрста мæ катай, фæлæ ницы дзырдта. Æрмæст, изæрæй нæ бинонтæ ´хсæвæр

хæрынил куы ’рбадтысты, уæд мæ фыд Сæлимæты хабарæй бафарста мæ мады:

– Цы баисты? Йæ фæстæ исчи ацыд?

– Абон ма цы, фæлæ, æвæццæгæн, райсом ацæудзысты, – загъта уый æрхæндæгæй.

– Æна, чи ацæудзæн? Кæдæм ацæудзæн? Кæм ис нырмæ Сæли? – мæ кæуын тыххæй уромгæйæ, фарстон æз.

Уый мын йæ дæрзæг, куыстæфхæрд армæй мæ сæр рæвдаугæ æрлæгъзытæ кодта æмæ мын фæлмæн, сабыр хъæлæсæй загъта:

– Хъæбул, хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ Сæлийы кæйдæр лæппу аскъæфта...

Мæнæн мæ зæрдæ фыр адæргæй сгуыпп-гуыпп кодта, мæ цæссыгтæ мæ уадултыл æргæр-гæр ластой æмæ хæкъуырцгæнгæ дуармæ азгъордтон.

Дзæвгар рæстæг рацыдис. Æз каст фæдæн астæуккаг скъола æмæ мæ ахуыр адарддæр кæныны тыххæй ацыдтæн Дзæуджыхъæумæ. Сæлимæтæн райгуырдис фырыхъулы хуызæн лæппу Роберт. Цардысты амондджынæй. Фæлæ... Фæлæ иу фæззыгон бон Сæлимæты цардæмбал, сæ хæдзардарæг Валикъо бахауд фæндаггон фыдбылызы. Сæлимæт йе ‘ртæаздзыд хъæбулимæ иунæгæй баззад. Йæ комы комдзæгтæй йæ фæхаста. Роберт рауад куыстуарзаг, уæздан æмæ хæрзæгъдау адæймаг, хæларæй цард йе ’мгæрттимæ, уарзон кæстæр уыд сыхбæстæн. Хъæумæ-иу куы æрбацыд, уæд-иу алы хабæртты дæр уыдис лæггадгæнæг, кæстæриуæггæнæг. Скъолайы фæстæ ахуыр кæнынмæ бацыдис Мæскуыйы Ломоносовы номыл университетмæ.

Уæдмæ гуырдзы райдыдтой ирæттыл сæ фыдæх тауын, нæ ныл ауæрстой марынæй дæр. Æмæ, сæ райгуырæн къонатæ уадзгæйæ, ир лыгъдысты сæ фыдæлты артдзæстмæ.

Æрбацыд Сæлимæт дæр йæ фыдæлты уæзæгмæ, нæ хъæумæ. Фæлæ та ам дæр хæст йæ арт ссыгъта. Чидæртæ фæлыгъдысты, фæлæ хъæуæбæстæн сæ фылдæр сæ райгуырæн зæхх бахъахъхъæныны охыл карз тох самадтой знæгтимæ. Уыцы бонты хъæбатырæй фæмард Роберт. Ракалд Сæлимæты ныфсы мæсыг... Хæхтæ, къæдзæхтæ йын цыма йæ хъыгил хъыг кодтой, уыйау ныссау, ныхъхъуынтъыз сты. Мад йæхимæ ныхъхъуыста. Йæ тæригъæдæй-иу йæ цæссыгтæ

æркалдта мæ мад дæр. Алы изæр дæр-иу Сæлимæт цыдис уæлмæрдтæм йæ хъæбулы ингæнмæ.

Аивгъуыдта зымæг. Ралæууыд уалдзæг. Зæрин хуры судзгæ цалх бахъарм кодта хæстæфхæрд адæмы зæрдæтæ. Куыстытæ уыдысты сæ тæмæны, фæлæ ма сæм кæй къух тасыд. Иу бон хъæу фæфæдис сты: Сæлимæты хæдзарыл, дам, æнæбары зынг сирвæзт.

Фæдисонтæ судзгæ хæдзармæ куы 'рбазгъордтой, уæд сæ дисæн кæрон нал уыд: хæдзары алфамбылай, æнахуыр худт кæнгæйæ, бæгъæмвадæй разгъор-базгъор кодта Сæлимæт. Йæ тар, игæрхуыз къаба уыдис æрдæгсыгъдтытæ. Фæстæдæр куыд дзырдтой, афтæмæй, дам, хæдзарыл зынг дæр бафтыдта Сæлимæт йæхæдæг, мæ хъæбулы марджыты цæстытæ, дам дзы хъуамæ сфыцон...

Афтæмæй æнамонд сылгоймаг бахауд рынчындонмæ.

Амæй размæ йæ бабæрæг кодтон. Уый бадт рудзынджы цур æмæ æнкъардæй кастис, фæззыгон бæлæстæй бур-бурид сыфтæртæ зилдухгæнгæ зæхмæ куыд хаудтой, уымæ. Æз æм хæстæг бацыдтæн æмæ, кæм бадтис, уыцы бандоны раз æрлæууыдтæн. Уый мæм тарст цæстытæй кастис. Сдзырдтон æм. Мæхи йын амыдтон, фæлæ мæ нал базыдта, æмæ уæд ныллæг хъæлæсæй систон, кæддæр-иу мын Сæлимæт цы зарджытæ зарыдис, уыдонæй иу. Зæронд усы рыст цæстыты ахъазыд æхцондзинады уылæн, фестъæлфæгау кодта, базыдта мæ, йæ мæллæг цæнгтæй мæ кæддæрау йæ хъæбысы æрбатыхта æмæ мемæ систа зарæг…

## ÆХСÆВДЗУ

Зымæгон райсомы уазал дымгæ мингай судзинтæй ныхстис буары. Къæхты бын цъæхснаг хъыс-хъыс кодта мит. Фæлæ Арон ницы 'нкъардта, цыдис æд лæдзæг, сабыр къахдзæфтæ кæнгæ, фæтæн уынджы. Йæ хъуыдытæ иуыылдæр баст уыдысты къæбæр амалыл, æнæхъæн дыууæ боны иу комдзаг дæр йæ дзыхмæ не схаста. Æмæ йæм æхца дæр нæ уыд, æхца. Йæ худы йын адæм цы капеччытæ ныппæрстой, уыдон ын ныр аходæны фаг рауадысты, æмæ уый дæр хъуыддаг у. Раздæр мæгуыргур йæ сæрмæ нæ хаста, фæлæ... Авд дæлæмæйы ныххауæд хъысмæт, уый йæ уæлауæдзы æфсирау фæраппар-баппар кодта, ауагъта йæ царды æддæг-мидæгты.

Ахæм æрхæндæг хъуыдытимæ зæронд лæг æрлæууыд йæ зонгæ хæрæндоны раз. Бахызт мидæмæ. Рады чи лæууыд, уыдон æм кæсынтыл фесты, чи – тæригъæдгæнгæ, чи та æнæрвæссонæй, сæ былтæ-иу ыл акъуырдтой.

– Цæмæ та æрбасхъæл дæ, цал хатты дын загътон, мауал нæм цу, зæгъгæ?!.

Ароны ауынгæйæ, стай-тай кодта фынгтæ æфснайæг, боцкъайау тымбылтæ сылгоймаг.

– Бауадз мæ, Минæт, сыдæй фæмæлын æмæ иу комдзаг исты уæддæр акæнон…

Минæт æм ницыуал сдзырдта, цыдæр æфсарм æй фæуæздан кодта.

Райста кас, цай, дзулы кæрстытæ æмæ ризгæ къухтæй йæ капеччытæ балæвæрдта сырхахуырст былджын чызгмæ. Уый сæм кæсгæ дæр не ’ркодта, афтæмæй сæ кассæйы лагъзы бакалдта.

Хæрæндонæй куы рацыд, уæд Арон йæ ных сарæзта, рагбонтæй фæстæмæ-иу кæдæм цыдис, уыцы уарзон паркмæ. Алы бæлас дæр ын ам зонгæ у. Мæнæ, Зæринæйæн йæ зæрдæйы сусæгтæ кæм раргом кодта, уыцы кæрдæгцъæх фæхс бандон. Арон æрлæууыд, бандоны миттæ асæрфта æмæ йыл хъавгæ æрбадтис. Йæ хъæдыл ын рæвдаугæ æруагъта йæ уæзæгæвæрд къухтæ. Барызт йæхимидæг. Зæрдæ та кæддæрау йæхи риуы къултыл ныххоста æмæ аныгъуылд ивгъуыд мысинæгты малы...

Амондджын, цардбæллон уыдис Арон уæд. Арæх-иу бадтысты Зæринæимæ ацы бандоныл. Бирæ хорз ныхæстæ-иу фæкодтой, рæсугъд фæндтæ-иу сæм гуырдис. Зæринæ-иу ын йæ лыстæг æнгуылдзтæй йæ сæрыхъуынтæ куы æрфаста, уæд-иу лæппуйы зæрдæ арвы милтыл йæхи асæрфта. Фæлæ...

Уыцы æвæджиауы сæрдыгон бон Зæринæ уыдис тынг æнкъард, раздæры худгæ цæсгомыл бадт мылазон мигъы сау æндæрг. Тыххъæлдзæг йæхи дардта. Фæлæ лæппу йæ мидзæрдæйы скатай, цы йыл амбæлд, цы кæны, зæгъгæ. Цæмæй йæ зыдта, фæстаг изæр ма кæй бады Зæринæимæ, уый. Чызг æрсад. Йæ буары æвирхъау низ бацыд... Нымад бонтæм йæ сырх уадултæ атадысты, ныффæлахс, æрмæст ма йæ сау цæстытæ дыууæ судзгæ зынгау æрттывтой, рухс кодтой. Фæлæ нал тавтой Ароны уарзтмонц зæрдæ. Нал сæрæн кодта чызг. Йæ бинонтæ йæ дохтыртæм кæдæм нæ акодтой, фæлæ… амард, аивгъуыдта йе ‘цæг дунемæ.

Аронмæ райдзаст ирд бонтæ сау æмæ мылазонæй разындысты. Цард ын ад нал кодта. Дæргъвæтин рæстæг адæммæ йæхи нал æвдыста. Иунæгæй, æвæгæсæгæй æрвыста йæ цард. Æрмæст-иу цъæх изæрмилтæ æврæгътыл бæхбадт куы скодтой, уæд-иу Арон та цыдис, горæты сæрмæ цы уæлмæрдтæ уыд, уырдæм. Уым-иу Зæринæйы ингæны фарсмæ фæбадтис æхсæвы талынгтæм, стæй-иу сау æндæргау фæстæмæ рараст. Йæ сыхæгтæ йæ схуыдтой æхсæвдзу, алыхуызон дам-думтæ йыл кодтой куырысдзау устытæ, дзæгъæлдзыхтæ, уыдон сæ сабиты, стæй сыхы сабиты дæр тæрсын кодтой Аронæй. Къулбадæг, æгæнон сабитæ-иу æй уынджы куы ауыдтой, уæд-иу йæ фæстæ хъæр кодтой, «æхсæвдзу», зæгъгæ. Фæлæ сæм Арон нæ мæсты кодта. Уымæн æмæ ʹмбæрста, сæ ныййарджытæ сæ кæй ардауынц, уый æмæ-иу сæ фæрсты æнæдзургæйæ аивгъуыдта.

Арон хæрз чысылæй баззадис сидзæрæй. Фыццаг амард йæ мад, стæй та йæ фыд. Ароны хъомыл кодта йæ фыдымад. Фæлæ уый дæр йæ фырт æмæ йæ чындзы фæстæ бирæ нал ахаста. Арон баззадис йæ хъысмæт æмæ хиуæтты æвджид. Уыдон æй радтой сидзæрты хæдзармæ. Йе стдæс азы йæхи куы фесты, уæд кусын райдыдта заводы, радтой йын дыууæ азы фæстæ иууатон фатер. Уалынджы йæхимæ раиртæста нывгæнæджы курдиат. Уæдæй фæстæмæ-иу фæскуыст хæдзары архайдта æмæ куыста йæ нывтыл. Æцæг сæ никæмæ æвдыста. Йæхимæ афтæ каст, цыма йын равдисыны аккаг нæма сты, æмæ ныв кодта.

Бон йæ тæмæны бацыд. Мит къæхты бын дон кодта, зымæгон хуры дыдзы тынтæм, бæлæсты къабузтыл цы миты тъыфылтæ уыд, уыдон стадысты æмæ къалиутæй æртахгай тагъдысты Ароны зæронд пъалтойыл, йæ лæгуын тæрхъусдзарм худыл, йе ʹнæдаст цæсгомыл. Фæлæ æвзист фæрдыгхуыз æртæхты Арон ницæмæ дардта. Мæнæ та цыма кæддæрау бадынц Зæринæимæ. Чызг æм худы, хоны йæ кæдæмдæр. Йæ уæлæ – урс дзаумæттæ. Арон æм цæуы, цæуы, цæуы, фæлæ йæм нæ хæццæ кæны...

Дыдзы хуры тынтæ атадысты зæрæхсиды сырх гауызты бын. Парчы бæлæстыл митдоны æртæхтæ фестадысты зæбул ихтæ. Пæлæхсар тæгæр бæласы бын, йæ къухтæ йæ нывæрзæн бакæнгæйæ, бандоныл хуыссыд æнæдаст зæронд лæг.

Изæрмилтæ æрхъуызыдысты æврæгътæй. Дыууæ милиционерæй иу фæкомкоммæ бандоныл хуыссæг лæгмæ.

– Ноздджын цыдæр у, – загъта йе 'мбалæн æмæ, лæгмæ хæстæг бацæугæйæ, тызмæгæй сдзырдта:

– Хорз лæг, сыст, науæд ныссæлдзынæ.

Фæлæ йæм лæг куы ницы сдзырдта, уæд æм æдзынæгдæр ныккаст, æргуыбыр æм кодта, йæ къухы тугдадзин ын асгæрста æмæ æнкъардæй загъта:

– Мард у,– æмæ йæ худ систа.

Ароны зианмæ æрæмбырд сты йе 'рвадæлтæ, хæстæджытæ, сыхæгтæ. Фатеры къултæ фæлгонцгонд уыдысты, адæммæ мидбылхудгæ чи каст, ахæм æвзонг чызджы сурæттæй.

## ГАБОЙЫ ХУЫН

Дæргъвæтин рæстæг кусы поликлиникæйы нуæрттæ дзæбæхгæнæг дохтырæй Габо Сардионович – афтæ йæ хонынц йе 'мкусджытæ æмæ йæ сыхæгтæ дæр. Азтæ йыл сæ уæз æруагътой, йæ пенсийы кар дæр æрхæццæ, фæлæ уæддæр йæ куыст нæ уадзы. Уал азы уыцы иу ран фæллой кæнгæйæ, Габо Сардионович йæхицæн æвваххс хæлар не скодта. Йе 'мкусджытæй иу лæг йæ хæдзары никуы уыдис, алкæимæ дæр ын уыд æрмæстдæр хъуыддаджы ахастдзинæдтæ. Йе 'мкъай Кæлимæтимæ сæ æртæуатон фатеры сæхицæн цардысты сабыр æмæ æнæмæтæй. Алы бон дæр уыцы иу афон дохтыр цыдис йæ куыстмæ, уæлдай ныхас нæдæр рынчынтимæ кодта, нæдæр йе ´мкусджытимæ. Никуы йæ ничи федта мидбылты бахудгæ. Æмæ цæуыл хъуамæ худтаид, сæ нуæрттæ хæлд кæмæн уыдысты, уыцы æнамонд рынчынтимæ кусгæйæ.

Æгас боны дæргъы-иу йæ чысыл дзæбуг йæ къухы схид ис, уыйбæрц бирæ рынчынтæ йæм цыдис... Сæ фылдæр уыдысты сылгоймæгтæ, хъаст-иу ын кодтой сæ фыдцæрдтытæй, сæ нозтуарзаг лæгтæй, чи сæ фæсайдта, уыцы алыхуызон фæлитойтæй.

Фæскуыст-иу сæхимæ тындзыдта, уым æм æнхъæлмæ каст Кæлимæты конд хъæрмхуыпп. Æндæр хæринæгтæй йæ лæджы никуы буц кодта. Æрыгон ма куы уыдысты, уæд-иу Габо Сардионович йæ цардæмбалæн бауайдзæф кодта, цæмæй-иу искуы йæ фынг фæива, æндæр хæринæгтæ дæр-иу скæна, фæлæ йе 'фсинмæ нæ бахъардта йæ мойы сабыр уайдзæф, æмæ йæ уæд уый дæр ныхъхъуытты кодта

– сразы йæ усы конд иугъæдон хæринæгтимæ. Афтæмæй та хæрын бирæ уарзта, иуæй-иу хатт та – ануазын дæр.

Æнæзæнæг разынд Кæлимæт. Габо Сардионовичæн йæ хæстæджытæ, зонгæтæ дзырдтой, цæмæй Кæлимæты йæ цæгатмæ арвыстаид æмæ æндæр ус æрхастаид, фæлæ сæм нæ байхъуыста, стæй йæ, раст зæгъгæйæ, йæ мидзæрдæйы нæ фæндыд цоты уаргъ йе уæхсчытыл сæвæрын дæр. Йе 'нæбары мыздимæ цæй цот æмæ цæй цыдæр. Чи зоны, æмæ ахæм дохтырæй куы нæ куыстаид Габо Сардионович, уæд цот дæр скодтаид, фæлæ-иу ын йæ рынчынтæ сæ сывæллæтты фыдуаг æмæ æнæхъола митæй хъаст кæнын куы райдыдтой, уæд-иу сын йæхимидæг тæригъæд дæр ма кодта.

Лæг æмæ усæн, иумæ цæргæйæ, афтæ зæгъæн нæй, æмæ æнкъард уыдис, уымæн æмæ-иу лæг æхсæвæр куы хордта, уæд-иу ын ус та дзырдта, телевизоры цы сериалтæ цыд, уыдоны цаутæ. Уый фæстæ-иу лæг ацыдис йæ диванмæ ног газеттæ кæсынмæ, ус та, – телевизор кæм уыд, уыцы уатмæ йæ уарзон сериалтæм дарддæр кæсынмæ.

Уæвгæ та хæдзардзин сылгоймаг уыдис Кæлимæт, æхцайы алы капеккыл дæр ауæрста, бирæ уарзта, исчи-иу ын лæвæрттæ куы кодта, уый дæр. Хаттгай-иу дохтырæн йæ рынчынтæ æрбахастой исты зæрдæлхæнæнтæ. Æмæ-иу сæ Кæлимæт æхсызгонæй райста.

Иу сæрдыгон изæр æфсин хæдзары уыдис, афтæ сæм дуар æрбахостæуыд. Æмæ æрбахойæгмæ адзырдта:

– Чи дæ хъæуы?

– Дохтыр Сæгоев ам цæры? – æрбайхъуыст сылгоймаджы хъæлæс.

– Ам цæры, фæлæ ам нæй…

– Хъæуæй æрцыдыстæм, стæй нæ йæхæдæг тынг æхсызгонæн дæр нæ хъæуы. Мæнæ йын цыдæртæ æрластам.

Дуар фегом кодта. Мидæмæ егъау сырх хызынимæ æрбацыдысты æрыгон сылгоймаг æмæ лæппулæг. Сылгоймаг тагъдгомау сдзырдта:

– Ацы хуын нæ мад Зæрæда рарвыста йæ ирвæзынгæнæг дохтыр Сæгоевæн.

Уалынджы мидæмæ æрбахызт Габо Сардионович. Уазджыты æрбацыды хабар куы бамбæрста, уæд, аразгæ мидбылты худгæйæ, загъта:

– Гормон фæуай, уазджыты истæмæй фен!

– Нæ, бузныг, цæуын нæ хъæуы. Автобусмæ байрæджы кæндзыстæм.

– Дард фæндагыл æрцыдыстут, æмæ уæ уæдæ æххормагæй арвитæм?!

Уазджытæ уæлдай ницыуал загътой. Кæлимæт ауад цæлгæнæнмæ. Æмæ цасдæры фæстæ фынг арæвдз кодта. Куы æрбадтысты, уæд та Габо Сардионович хус, аразгæ мидбылхудтимæ бафарста йæ уазджыты:

– Цы нуаздзыстут? *Æз* нуазын нæхи ирон арахъхъ.

– *Æз* арахъхъ нæ нуазын, – водкæ, кæнæ коньяк, – загъта лæппулæг.

Габо Сардионовичæн æвæрд уыдис зынаргъ сомихаг коньяк. Æмæ йæ Кæлимæтæн рахæссын кодта. Дыууæ мæйы размæ йын æй иу хъæздыггомау рынчын æрбахаста. Йæ цæст æй нæ уарзта, йæ уазæгмæ ма мæсты дæр ссис, фæлæ егъау сырх хызынмæ куы бакаст, уæд ма йын цы гæнæн уыдис, æмæ рыст зæрдæимæ авджы сæр байгом кодта.

Алыхуызон куывдтытæ, æппæлæн ныхæстæ, сидтытæ, æмæ авг æрыгон лæппу равдæлон кодта. Йæ уадултæ фæсырх сты. Бахъæлдзæг. Цасдæр рæстæджы фæстæ уазджытæ ацыдысты. Габо Сардионович æмæ Кæлимæт хызын байгом кæнынмæ куыд хъавыдысты, афтæ та дуар æрбахостæуыд. Чи дæ, зæгъгæ, куы бафарста Кæлимæт, уæд айхъуыста йе 'рдæбоны уазджыты хъæлæс. Цымæ цы ферох кодтой, зæгъгæ, дуар байгом кодта, æмæ фатермæ тыхстхуызæй æрбахызтысты се 'рдæбоны уазджытæ. Габо Сардионович сæ тыхст хъæлæсæй афарста:

– Исты уæ ферох?

– О, нæ хызын. Рæдыдæй уæм æрбацыдыстæм. Асинтыл фембæлдыстæм уæ сыхаг сылгоймагыл. Бафарста нæ, кæмæй цæуæм ахæм хъæлдзæгæй, зæгъгæ. Мах ын загътам, дохтыр Сæгоевæй: уый нын нæ мады мæлæты дзæмбытæй фервæзын кодта, хирург у. Уæ сыхаг сылгоймаг ныххудтис æмæ нын загъта, ды хирург кæй нæ дæ, фæлæ уый де ´рвад Юри Васильевич кæй у. Æмæ йæм хъуамæ фæхæццæ кæнæм нæ мады хуын.

Уыцы бонæй фæстæмæ-иу рынчынтæй исчи хуын куы æрбахаста, уæд-иу æй Кæлимæт лæмбынæг æнæ бафæрсгæ нæ фæцис, æмæ-иу æй куы бауырныдта, хуын йæ лæгæн æрбахастæуыд, уæд-иу æй райста.

## САГЪÆС ÆВЗОНДЖЫ АЗТЫЛ

Фæзынд   æнафоны  мæ зымæг,
Мæ уд фыдцæрдтытæй – фæлмаст.
Зынгау бæллицты арт ныммынæг,
Кæддæрау нал судзы мæ уарзт.

Æрмæст ма рухсаив изæрты
Фæмысын иу  сурæт æхцон…
Рæсугъд, мыдгъуызыдзыкку мæ сæнтты
Мæнæн ысрухс кæны мæ бон.

Æмæ тæгæр къохæй фæхъуысы
Æнкъардæй рох зарæг фæлмæн.
Уый чидæр йе ‘взонгдзинад мысы,
Æнæнцой сагъæсты тæмæн.

## КÆМÆНДÆРТЫ

Уæ аразгæ, уæ кæнгæ митæй
Мæ уд – фæллад.
Уæ мæнг æппæлдтытæ, уæ цинтæ
Мæнæн – æнад.
Уæ сырхуадул цæсгæмттыл – амонд,
Фæрнæй цæрут.
Æмæ ыстут уæ мулкæй райгонд,
Æфсæст – уæ худт.
Æмæ уæ хъуызджыты æмбæхстæй
Цæуы уæ цард.
Нæ кæнын расыг æз уæ сæнæй,
Кæнын æнкъард.
Уæ сойæвдылд, ыстыр куывдтытæ
Ысты мæнгард.
Нæ мæгуыр адæмы рыстытæй
Ыстут хæрз дард.

## АМОНДДЖЫН УЫЙ У

Амондджын уый у, йæ номæй
Адæм кæмæн хæрынц ард.
Чи вæййы райгонд йæ бонæй,
Царды кæмæн кæнынц кад.

Амондджын уый у, тæхуды,
Йе 'взаг кæмæ у нымад.
Чи йыл фæтыхсы йæ удау,
Чи йыл нывæнды йæ зард.

Амондджын уый у, йæ удæй
Чи ссудзы ихыл дæр арт.
Уарзон бæстæйæн рæсугъдæй
Чи кæны цыт æмæ кад.

## РАЙГУЫРÆН КЪÆСЫ

Æз горæтæй абон нæ хъæумæ æрцыдтæн,
Мæ райгуырæн къæсы æрфæлмæн мæ уд.
Нана мын хæбизджын æрæвæрдта фынгыл,
Рæвдауы мæ хурау йæ мидбылты худт.

Кæддæрау та абон нæ бинонты 'мбырды
Мæ зæрдæ ныххур и – æхцон у мæнæн…
Лæууы ма мæ авдæн æвдисæнау къуымы,
Йæ хъæдыл – нанайы æнгуылдзты тæлмæн.

## ÆНÆРВЫСТ ФЫСТÆДЖЫТÆ

Æнæрвыст фыстæджытæ…
Бур сыфтыл ивад рæнхъытæ…
Нæ рагбонты уарзтæн ысты ныр æвдисæн
Æнæрвыст фыстæджытæ…

Сусæг æрхæндæг рæумыртæ
Ысног кодтой уды мысинæгты ристæ.
Æнæрвыст фыстæджыты
Басур цæссыгныхъуырд рæстæг.
Дæ  сурæт ыстъалыйау
Бахудт ивгъуыдæй…
Дæ чындздзон фæлысты
Ды кастæ æнкъардæй мæ фæстæ…
Нæ быдырты фæззæг ныууагъта ивзыдæй.
Фæцыдтæ нæ хъæуæй
Ды сатæг, фæлмæн изæр дардмæ.
Æрвон зæдау тары
Дæ сурæт ныхъуырдта фæлурс фæлм.
Мæ рох бæллиц тайы
Æнæрвыст фыстæджыты хъарммæ.
Æнæрвыст фыстæджыты –
Уарзты мысинæгты рухс тæлм.

## МÆ МЫСИНАГ

Уæ хæдзары  раз  иудзæвгар  фæлæууын,
Кæм арвыстай дæ сабидуг – æрвон,
Мæ рагуарзты дзæнæтон бонтæ мысын,
Фæстаг фембæлд, фæстаг ныхас, хæрзбон…

Æрымысын дæ мидбылхудт, дæ бакаст,
Дæ фенынмæ-иу сабийау лыгъдтæн.
Мæ сусæг хъæрзт ды  не ‘мбæрстай, мæ ахаст,
Æмæ цырагъау химидæг сыгъдтæн.

Ныр дæр цыма уæ рудзынджы раз ногæй
Ды, аргъæутты рæсугъд зæдау, лæууыс.
Дæ дзыкку дын фæйлауы уддзæф рогæй,
Мæ риуы баззад афтæмæй дæ хуыз.

Ныр атахтæ тæргай зырнæгау дардмæ,
Дæ уалдзæгæн ма баззадис йæ тар,
Кæд нал дарын бар иухаттау дæ цардмæ,
Уæддæр вæййыс мæ мысинаг, ныббар!..

***

Æвзонг мыдгъуыздзыкку рæсугъд чызг
Мæ цин, мæ рухс мысинаг уыд…
Æнахуыр сусæг уарзт, цæхæр зынг,
Мæ тарф фæлмæст зæрдæйы сыгъд.

Æмæ изæрмилты цъæхдзастæн
Йæ размæ адæргæй лыгътæн…
Мæ сонтæй айрох ысты м' азтæ,
Мæ хур, дæ фыды кар кæй дæн.

# ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ



## ГАБОЛАТЫ ЗАУЫРБЕГ

*Габолаты Зауырбег райгуырди 1989 азы Мызуры. Ам 2006 азы каст фæци астæуккаг скъола, 2006–2011 азты – ахуыр кодта Хæххон паддзахадон аграрон университеты экономикон æмæ юридикон факультетты. Ам Зауырбег, хихъæппæрисадон къорды архайгæйæ, каст йæхи фыст æмдзæвгæтæ, цалдæр хатты сси республикон фестиваль «Студентты уалдзæг»-ы лауреат. 2013 азы фыццаг бынат бацахста æрыгон поэтты ерыс «Дидинæг кал, мæ Ирыстон»-ы.*

*2011 азæй фæстæмæ Зауырбег кусы Хæххон паддзахадон аграрон университеты.*

*Габолайы-фырт æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, скъолайы хуыр кæнгæйæ. Фыццаг хатт фæзындысты газет «Рæстдзинад»-ы сæрмагонд фарс «Нæ Иры фидæн»-ы.*

*2017 азы Зауырбегæн мыхуыры рацыд йе ´мдзæвгæты æмбырдгонд «Мæ цæстæнгас». Уый тыххæй йын лæвæрд æрцыд РЦИ-Аланийы Хъамбердиаты Мысосты номыл паддзахадон литературон преми.*

## МÆ ЦÆСТÆНГАС

Мæ ныхас арæх у гæды,
Фæлæ мæм уымæй фаутæ ма хæсс.
Кæд дæ мæн базонын фæнды,
Уæд мын мæ цæстæнгасмæ ´рбакæс.

Цæхæр дзы ис, фæлæ – фæллад…
Уый у мæ миддунейы айдæн.
Цæстæнгас – растдзинады цад –
Йæ хæлар никуы уыдзæн сайдæн.

Æргом цы не ‘нтысы зæгъын,
Уый дзурынц цæстытæ æмырæй.
Куы нал уæгъд кæниккой мæ зын,
Уæд маст, пырхгæнгæ, скæлид хъуырæй!..
Мæ цæстæнгасыл мын æууæнд –
Фылдæрхатт мæнг – лæгæн йæ дзырдтæ.

Бæстон нæ гом кæнынц йæ фæнд,
Йæ зылындзинад, йе стыр фыдтæ…

## СЫРХ УАРДИТÆ

Тæхуды, ‘мæ куыд нæ рох кæны мæн,
Куыд хастон уалдзыгон къæвда бон
Æртæ сырх-сырхид уардийы дæуæн!..

Цыппар къулы ‘хсæн иунæгæй уыдтæн.
Мæ буар дыз-дыз кодта цæмæндæр,
Цыма мын чидæр сарæзта кæлæн…

Нæ ардтон тых æрбадынмæ æнцад,
Мæхи фæхатыдтон æгуыдзæг…
Мæ риуыл сæмбæлд уарзонады фат!

Куы нал фæрæзта цæф зæрдæ йæ рис,
Уæд уайтагъд арæвдз дæн фæндагмæ.
Цæй къæвда ма мæ хъуыдыйы уыдис?!.

Æмæ дын райстон дидинджыты баст,
Дæ тæккæ дуармæ йæ фæкодтон
Сыгъдæг уарзтæн йæ тырысайы хаст!

Мæн нал хъуыдис уæд ницыуал æндæр,
Куы райстай уардитæ дæ къухтæм,
Куы дын федтон дæ цæстыты цæхæр!

## МÆНГ ИРÆТТÆМ

Тымбыл къухæй дæ фæтæн риу ныххойыс,
Æдзух дæхи аланты фырт фæхоныс.
Дæхи цыфæнды хон, фæлæ йæ зон –
Æрмæст æвзагæй нæу бæрæг ирон!..

## НОГ ДУДЖЫ ФÆЛТÆР

Нæ цæстытæ цæхæр калгæйæ судзынц,
Тугдадзинты ‘рыгон туг фыцы.
Нæуæг хъуыдытæ сæры магъз рæдувынц.
Алчидæр нæ зонæдтæм тындзы.

Нæ Ирыстонæн мах ыстæм йæ фидæн,
Хонынц та нæ ног дуджы фæлтæр.
Дæумæ арæзт, у не ‘фсымæр, нæ сидæн –
Бацу нын нæ рæнхъытæм ды дæр!

Æмдыхæй мах ыскæндзыстæм нæ сомбон,
Цардæн дæр æрæвæрдзыстæм уаг!
Цæдисы иумæ не стæм демæ ‘нæбон,
Тых æмæ гæнæнтæ дæр нæм – фаг!

## ЗÆГЪ-МА, КЪОСТА

Зæгъ-ма, Къоста, цæуыл дæхи фæмардтай,
Цæй сæраппонд æрæвæрдтай дæ сæр?!
Дæ рыст зæрдæ рæсугъд фидæныл дардтай,
Фæрнæйдзаг абон не стæм мах уæддæр:

Ирондзинадæн мур дæр кад нæ кæнæм,
Йæ сомбонмæ нæ ничи кæсы дард;
Æцæг хæзнатæ сау мæры ныгæнæм,
Æрмæст æхцайыл бабастам нæ цард…

Мæнг рæстдзинадмæ айтыгътам нæ фæндаг,
Сæры зондыл фæуæлахиз и монц;
Лæппын тæрхъусау рихиджын нæуæндаг –
Нæ ног дуджы лæгдзинады фæлгонц…

Зæгъ-ма, Къоста, цы хуызæн у нæ суинаг?
Æппындæр æй куы нæ ахсы мæ сæр,
Куы нæ зонæм нæ раст фæндаг, нæ уидаг,
Куыд калдзæн уæд нæ бæлас дæр сыфтæр?..

***

Æнкъард нæ хъæуы – сис бæрзонд дæ сæр!
Скæсдзæни та райсом хур фæсхохæй!
Дæ цæстысыгтæ мауал кал æгæр –
Де 'взонг уд пайда нæ райсдзæн тохæй.

Дæ цард куыд цæуы, афтæмæй йæ ис.
Размæ сараз д' алы нæуæг къахдзæф!
Дæуæн дæ хæзна – ивгъуыд бонты рис –
Йемæ цу, фæлæ… дæхи йыл ма цæв!

***

Дæ уындæй сæнкъуысти мæ зæрдæ,
О, мæ фынты хай!
Мæ уды зарæгæн йæ зæл дæ,
Сау рæсугъд чызгай!

Мæхи нæ хатын æз æрвонгæй,
Ноздджын дæр нæ дæн…
Дæ цæстæнгас, дæ гуырыкондæй
Срасыг кодтай мæн.

Æрвылсахат дæуыл – мæ хъуыды.
Нал арын бынат…
Тæхуды, ацы царды 'мгъуыдмæ
Базон уарзты ад!..

# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ



*Хъуыстгонд нывгæнæг Дзанайты Азанбеджы райгуырды 100 азы бонмæ республикæйы цы мадзæлттæ сарæзтой, уыдоны ахсджиагдæртæй иу уыд, РЦИ-Аланийы Национ музейы цы равдыст байгом, уый. Йæ бацæттæ кæнынил бакуыстой музейы разамынд æмæ æрыгон аивадиртасæг, музейы наукон кусæг Болататы Фатимæ. Къамтæ систа Мæскуыйы А.А. Бахушевы номыл театралон музейы наукон кусæг Анастасия Робакидзе. Азанбеджы нывтæй цалдæр журналы мыхуыргонд цæуынц фыццаг хатт.*



Хетæгкаты Къостайы поэмæ «Фатимæ»-мæ иллюстраци.
РЦИ-Аланийы национ музей. 1956 аз



Хетæгкаты Къостайы поэмæ «Фатимæ»-мæ иллюстраци.
Ирон литературæйы музей. 1950 азтæ



Агуындæ.
Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музей. 1976 аз



Хетæгкаты Къостайы поэмæ «Фатимæ»-мæ иллюстраци.
Ирон литературæйы музей. 1950 азтæ



Нарты каджытæ. «Сæууай».
ЦИГСИИ. 1979 аз



Дзерассæйы хъарæг Æхсар æмæ Æхсæртæгыл.
Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музей. 1948 аз



Бедзенæджы фырт чысыл Арæхдзау.
Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музей. 1977 аз



Дæргъæвсы зæппæдзтæ.
Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музей. 1967 аз



Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Уæлмæрдты»-мæ иллюстраци.
Ирон литературæйы музей. 1950 азтæ



Нарты сæфт.
Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музей



Симд.
Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музей



Уæларвон тыхтимæ тох.
Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музей. 1948 аз



Къубалты Алыксандры поэмæ «Æфхæрдты Хæсанæ»-мæ иллюстраци.
Ирон литературæйы музей



Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Уæлмæрдты»-мæ иллюстраци.
Ирон литературæйы музей. 1950 аз



Ирон минæварад Бетъырбухы. 1957 аз



Дзæрæхохты Хадзы-Мурат Петрограды. Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музей. 1952 аз



Ацæмæз æмæ Агуындæйы чындзæхсæв.
ЦИГСИИ. 1977 аз

ности или, наоборот, постигать реальность через художественные образы. В большинстве джанаевских композиций на историческую тематику одним из характерных компонентов произведений мастера становится группа людей. Чаще всего она является главным действующим лицом, представленным отдельными яркими персонажами. Художник как бы стремится не изменить, а видоизменить композиционную структуру своих листов, получая, таким образом, новый компонент вариативной темы, который он как схему-трансляцию переносит на другую изобразительную плоскость. Возможно, в этом и заключается актуальность искусства Джанаева в наши дни. Удивительная способность этого графика – создавать, действительно сильные визуальные образы, олицетворяющие основные эмоции человека, и тем самым заставлять зрителя сопереживать те же чувства, что испытывают персонажи джанаевских картин. И, несмотря на всю агрессивную брутальную броскость многих созданных художником героев, они несут на себе «печать» постижения добродетели и красоты, раскрывающиеся в постоянном столкновении с чем либо, или же в постоянном противоборстве с кем либо. Воинственность их душ – это нравственность «<…> не из-за тщеславия и мании победы <…> Ей свойственно что-то глубокое и иррациональное – демонический и героический элемент, который противится признать социальный дух как последний и достойный человека идеал». Это высказывание Томаса Манна как нельзя точно определяет всю сложность творческой личности Джанаева, избираемых им тем, с его глубоко мировоззренческими представлениями о ненавистном внутреннем Я. Другим компонентом ощущения сопричастности зрителя с духом той или иной исторической эпохи достигались художником с помощью тонко подобранных деталей: одежды, архитектуры зданий, окружающих их повседневность предметов быта, – поиску и созданию которых художник уделял большое количество времени («На кладбище» 1956, «Фатима» 1956).

Еще одной гранью джанаевского искусства, с которой зритель мог познакомиться на этой удивительной выставке, стала его портретная галерея. Особо запомнились две живописные работы, приковавшие к себе внимание зрителей: «Портрет Н.К. Едзиевой» (1950) и «Коста в рабочем кабинете (1985), и две графические – «Женский портрет» (1950)

и «Портрет И.Д. Канукова» (первая треть 1970-х). Во всех этих опусах Джанаев стремится не просто подчеркнуть особенности индивидуальных черт каждого портретируемого, а как бы постичь раскрытие их внутреннего духовного существования. В «Портрете Н.К. Едзиевой» художник раскрывает всю благородную простоту и глубину модели. Матово бледное лицо, которое художник обволакивает приглушенной тенью, безнадежно отрешенный взгляд больших холодно-серых глаз, горькая внутренняя улыбка, чуть коснувшаяся плотно сомкнутых алых губ. Внешний аскетизм, граничащий с бессилием, вызывает чувство глубокого одиночества и красоты образа. Мягкий лаконичный силуэт на фоне светлой стены, словно источающий тревожный свет, несет в себе сложный символический подтекст. Возможно, при написании портрета художник интуитивно начал ассоциировать свою модель с эпохой Серебряного века, с его холодным отсветом серебряного месяца. И действительно, Джанаевым привнесены характерные элементы того времени – иррациональное мерцание бело-серебристых тонов ее платья, усиленное контрастом диагонально падающего света на сложенные крестообразно кисти рук, декоративный бутон цветка и черная лента, которая как змея начинают обвивать стройный стан Н. Едзиевой. В этом портрете художник, словно, неустанно подстерегал и ловил своей кистью многообразную, изменчивую и скрытую жизнь души своей модели.

Азанбек Джанаев является художником, которого не переставала восхищать красота и грациозность созданных им немногочисленных женских образов. Иной характер имеет графический лист из второго «Нартовского» цикла, который зримо показывает всю художественную прелесть «Красавицы Агунды» (1977). Точно найденная постановка фигуры, подчеркивающая гибкий стан, положение кистей рук, которые говорят о грации и ее царственном происхождении. В огромных, опущенных слегка раскосых глазах прочитывается капризность юной девы, чувственность и одновременно глубокое смирение, ее готовность покориться. При кажущемся спокойствии ее элегантная фигура сохраняет трепет ожидания. Художник сдвигает чуть-чуть фигуру вправо от центральной оси композиции, и такая небольшая асимметрия придает ей особую изящную подвижность, дополненную струящимися линиями перламутровых переливов

одеяний, стекающими драгоценными бусинами-гирляндами хрустальных отзвуков утренней росы. Все в ней – трепет, озаренный светом, изливающимся вовне.

***

Когда речь заходит о джанаевском обращении к тому или иному литературному источнику, сюжету или жанру, он словно превращается в визионера с пророчащими глазами, ставшим свидетелем драматических событий эпохи XX столетия. Поэтому, во многом свою манеру художественного и духовного высказывания Джанаев обрел уже в самом раннем творчестве. Уникальная черта художника, преодолевшего ужасы войны и не устающего на протяжении всей жизни ставить перед собой философско-нравственный вопрос «Что есть истина? В Боге, растворенном в Природе или же в человеке?», который, пожалуй, для художника так и остался, во многом, без ответа. Тем не менее, идя в ногу со временем, он смог нажать на главные болевые точки эпохи в своем искусстве. Его пугала не столько неизвестность, сколько обыденность. Искусству этого мастера стала ведома «тайна обобщения восчувствованной, наблюденной и выстраданной реальности»[1], возносимый художником к идеалу. В каком-то смысле это и есть одна из причин, обусловивших обращение мастера к тексту «Нартовских сказаний». Ранний уход Джанаева из живописи в графическое искусство говорит о некой ему необходимой координате дальнейшего формирования его сугубо индивидуального эпического представления о мире и его последующего фатального обрыва, в котором возвышение «Черного всадника» («Сауай», 1979), как черного человека-демона на черном «дьявольском» коне, гипнотизирующий своей инфернальной красотой, демонстрирует символическую подоплеку. Вместо возвышенного художник изображает падшее, отвергнутое, но вопреки падению – возвеличенное, обозначая, тем самым, символическое понятие «дерзновение за грань»[2] («Борьба с небожителями» 1948, «Гибель нартов» 1977).

Джанаев, пламенно мысливший, остро ощутил «Террор среды XX столетия». Его темперамент, переживающий действительность,

[1] Золотов А. Встреча в пути, или Неосимволизм. Художественная практика и подходы к понятию // Символизм – новые ракурсы. Сб. ст. / Отв. ред. И.Е. Светлов. – М., 2017. С. 545.

[2] Ханзен-Лæве О. Русский символизм. Система поэтических мотивов. Ранний символизм. – СПб.,1999. С. 123.

в которой он жил непримиримо, монументально, страстно включил в свое «сегодня» многое из того, что уже миновало. Возможно, в этом кроется еще одна из причин, почему Азанбек Васильевич вновь обратится к созданию цикла «Нартовские сказания», восприняв их как Символическую Реальность настоящего. В этой связи, автором впервые делается попытка рассмотреть его два «Нартовских» цикла, великолепно представленных на ретроспективной выставке, с позиции художника философа-символиста.

Проблема единства, духовной связи человека и мира своими корнями восходит к древним традициям. Джанаев был художником, которого интересовала неразрушимая сила бытия, а восприятие мира как единого природного целого, в котором пограничность реального и ирреального обретала эпически-монументальную, сакральную интонации, как правило, ассоциировалось у него с мотивами тверди земли и воды, горных вершин и облаков, неба и холодного отсвета луны. В этом отношении он, как известно, не был одинок в русском и мировом искусстве.

Природа, как доминанта и олицетворение мира, человек ищущий с ней соприкосновение, родство, единство – сквозные темы творчества Азанбека Джанаева 1940 и 1970-х годов. Именно они, независимо от художественной интерпретации и эмоционального интонирования, вбирают в себя все самое главное в исканиях и обретениях создателя двух «Нартовских» циклов. Казалось бы, что может объединить образы бурлящей стихии и погруженную в тишину, лишенную диссонансов Природу? Но если на время предпочесть философский аспект эстетическому, не педалируя существенные различия в мотивах изображения, окажется немало принципиальных схождений.

Еще не во всех гранях осознаны эти особенности художественного мышления Джанаева в отечественном искусствознании. Его переживание огромности и вечности сверхъестественной изоляции панорамы мира природы можно связать с символизмом. Именно в этом течении на рубеже XIX–XX веков исследователи видят переход в живописи от пристального всматривания в реальные жизненные явления, сопровождаемый аналитикой социальных и бытовых ситуаций, к философскому взгляду на мироздание как средоточие вечности и красоты. Поэтому тема исследования связи символизма и рассматриваемых двух

циклов Джанаева, чье творческое лицо во многом формировалось в советское время, не стала достоянием прошлого. Судьба символизма оставалась и остается в искусстве XX – начала XXI столетий в тесном взаимодействии, при этом, не деградировав, а оставаясь интригующей в визуализации поколения советских и современных художников. Как пишет один из крупных отечественных теоретиков и исследователей западноевропейского модерна и символизма И.Е. Светлов: «символизм проявляет себя не как нечто изолированное и замкнутое в узком промежутке времени, а как несравненно более широкое явление, оказывающее влияние на разные измерения творческой практики. Хотя развитие символизма как художественного тренда не было непрерывным, многое убеждает в невозможности связывать это направление исключительно с темой переходности. Едва ли стоит отрицать, что рубеж XIX-XX веков был временем доминирования символизма и модерна в европейском масштабе. Но как много интересных идей, концепций, исканий возникло под его знаком в последующее время, став при всей своей инакости выразительным обогащением того, что в современной квалификации приближается к классике». Не в этом ли заключается обращение Джанаева к «Нартовскому эпосу», позволившее ему, в каком-то смысле, уйти в царство прекрасных вещей, насыщая их пульсирующими ритмами бытия, переливающихся аскетической суровой множественностью образов-состояний?

Следуя канонам реализма, Джанаев часто прибегал к использованию отдельных символов и ассоциативных рядов, параллельно сосуществовавших друг с другом. Поэтому, населяя свой мифо-эпический мир такими персонажами, как парящие кони в небе или же, имеющими сверхъестественное происхождение существами – героями эпоса, – этот художник формировал необычное символическое пространство. Такое пребывание в мире, известного и непостижимого, земного и небесного противопоставлялось мастером во многом аналитике реальности, социального гротеска в изображении современной истории, предпочтя эстетику далекого прошлого. Подобное мироощущение художника помогли воссоздать в «Нартовских» циклах и свой удивительный вневременной духовный мир, наполненный сакральными смыслами Бытия. Проступающее изображение на плоскости, становится глубиной иной, не «изобразительной» реальностью. Будто

все проникло в графические листы в своем обнаженном, природном цвете и пространственной завершенности, все пришло из глубинной жизни за листом из атмосферы. При этом все четко, строго, красиво. Все – вне времени.

Азанбек Джанаев не отделял природу от проблемы жизни и смерти. В этом смысле один из великолепных графических листов второго Нартовского цикла «Батраз» (1976) воспринимается как олицетворение одиночества в огромном мире и стремление человеческого духа приблизиться к Богу. Сколько в его скрываемой фигуре под одеждами кольчуги и брани мощи и одновременно раздумий, сомнений, внутреннего борения, страдания в огромных серых глазах, наполненных щемящей тоской молодого гиганта перед неотвратимостью столкновения с Богом-Демиургом! Какая здесь явленна Фатальная сторона Судьбы! Отделенная, но в то же время из общего существования мироздания. И эта «отделенность-общность» высказана, выражена с неприступным достоинством живого переживания трагедии героя – трагедии расставания с Красотой Универсума, с Красотой мира и Красотой, утраченной людьми... Другой свой вариант взаимосвязи образа природы и просветленности мира, а потом и трагического обрыва человеческого существования предлагает Азанбек Джанаев в «Саууай» (1979). Его вознесение на небо на коне сопоставлено с панорамой лунного пейзажа то с бесконечностью идущего до горизонта серебристого мерцания облаков, то окутанных синевой тумана горных вершин. Кульминационные эпизоды человеческого бытия видятся в этих полотнах на фоне пространства, символизирующего величие и бескрайность мира.

Замыслы и разработки художника как философа символистского толка можно определить и как постижение взаимосвязи жизни и природы. Через приобщение к обычаям горных жителей и включенность в неотделимое от процессов рождения – смерти, начала – конца он проясняет космические закономерности Бытия.

Мир предстает как единство живой и неживой природы, многообразной в своих проявлениях. Эта концепция сосредоточилась у Джанаева в его двух циклах, в которых главной становится тема пантеистического представления о мире.

Обостренная в XX столетии конфликтоность мира и противо-

стояние злу стали стремлением художника объединить в своих циклах образ Вселенной с человеческим существованием. Вводя в свой изобразительный ряд горные ландшафты, небо, облака, воду, разверзающую землю стихию огня, сверхъестественных существ как основных элементов природы, которые занимали важное место в символическом ареопаге, Джанаев демонстрирует определенную связь с поисками известных европейских и русских мастеров.

Немаловажной для понимания индивидуального видения художника является и то, что его творческое становление с самого начала было связано с визуально насыщенной природной средой. Рано обозначившийся интерес к различным состояниям проявления природы, желание жить в одном ритме с нею получили опору в картинах, когда золотое солнце восходит с восточной стороны горизонта, перекатываясь по лазурному небосклону, озаряя пространство миражных очертаний горных вершин, покрытых белоснежным свечением бархатных ледников, отражаясь в стремительных потоках рек меж крутых обрывистых склонов ущелий мистическим отблеском. Это ощущение вызывает сакральное присутствие чего-то более значимого в мире.

В лике природы Джанаев пытался разглядеть подспудную работу извечных сил, отблеск «вселенской души». В обращении к истокам «внутренней» жизни природы, воплощенных в бесчисленных вариациях неживого, в восприятии Природы как источника нового макрокосмоса, а его акта рождения как мистико-пантеистического феномена вселенского значения, в восхищении всплеском природных сил, обнимающих потоки воды, гор, облаков, отразилось его потрясение таинственной динамикой мира. Идущие в природе постоянные циклические процессы созидания – разрушения, поиски нового равновесия разных по масштабу величин сменившиеся на магнетизм фосфоресцирующей броскости 1970-х годов, притягивали художника и позднее, когда мастер вновь обращается к тексту «Нартовские сказания».

Характерно и другое – неисчезающее человеческое присутствие во Вселенной. В «Нартовских» циклах 1940-х и 1970-х годов человек выступает как частица большого мира, приобщаясь к природным стихиям или ощущая свой контакт с ними. В каком-то смысле Джанаев как бы начинает разрабатывать своеобразную романтическую типо-

логию своих легендарных героев. Проникающие романтизирующие элементы во многом окрашиваются штрихами ницшеанского пути Заратустры. По сути, герои двух «Нартовских» циклов находятся в постоянной стадии пограничности двух миров – бытийного и Бытия. Созданные художником образы как бы начинают прислушиваться не только к своему дыханию, но и к дыханию Природы, к движению ее высших сверхъестественных сил. Сам мир начинает открываться человеку, а человек духовно – ему.

В его графическом листе, в «Симде» 1948 года, художник зримо показывает кажущийся на первый взгляд статичный пейзаж, который за счет спиралевидной линии, образованной танцующими фигурами нартов, создает ощущение всепроникающего вселенского движения. Эта живая бесконечная лента людей представлена в графическом листе, где каждая группа непрерывно движущейся цепи делится срезами краев листа на несколько звеньев. Свое движение сцена начинает с левой верхней зоны. Подобно волне, ее движение идет к противоположной стороне то исчезая, то возникая, но уже в другой пространственной координате, образуя подобие сложной элипсообразной формы, которая начинает перекликаться с монументально-горной природой. Движение на этом не прекращается, и оно возникает в третий раз в уходящей в глубину перспективе, чтобы, наконец, окончательно скрыться в глубинах уходящего за горизонт «океана» земли и вновь возникнуть в невидимой для глаза пространственной глубине. Благодаря удачно найденному приему тройного фрагментирования, дополненного смелым срезом группы пирующих, которым отведен лишь небольшой участок в левом нижнем углу, художник заставляет поверить, что цепочка людей, объединившихся в ритме величественного ритуального танца, продолжается и за пределами бесконечно движущегося пространства, которую ограничивает лишь двумерная плоскость листа. С помощью умело найденных компонентов, Джанаев выразил не только идею соборности несокрушимой силы и духа народа нартов, но и показал мир единством живой и неживой природы, многообразной в своих проявлениях через бурление – средоточие, создающее в своем сочетании некую умиротворенно-эпическую парадигму.

Меняющий свое философское наполнение, то призрачный, то уподобленный видениям, то просветленно-гармонический, то полный энергии пантеизм Азанбека Васильевича был удивительно многогранен. Подкрепленный разнообразием мотивов светотеневой и колористической романтичности, он в большинстве случаев тяготел к панорамности. Главные составляющие природы – земля, вода, небо, облака, ветер в их метафизической познаваемости – формировали философские и эстетические акценты этой панорамы то в пространственной броскости, то в гибком соотношении планов. Концепционные и стилистические контрасты двух циклов Джанаева, о которых идет речь в нашем исследовании, не в состоянии скрыть этот вселенский масштаб.

Свой мифо-эпический мир Азанбек Васильевич, во многом выстраивал в противовес наступившему хаосу XX века, который повлек за собой открытое драматическое существование и дальнейшее предназначение человека, его ухода от рутинности заведенного им механизма жизни. Поэтому, во многом проблема выражения глубинных душевных переживаний Джанаевым была обоснована мифологией, эпосом, что является еще одной возможной причиной, побудившей художника уйти в мир скрытых смыслов проникновения в Бытие.

***

Через воплощение вечного круговорота природы, дальнейшее обогащение образов философскими размышлениями о сущности мироздания, Джанаев обращается к кругу самых актуальных проблем советской культуры XX столетия, порой выражая самую «сердцевину» эпохи «искателей смутного рая»[3]. Вновь и вновь появляются у Азанбека Васильевича вариации мотива мироздания. Сама же пантеистическая тема у художника становится одновременно и символом, и категорией в философском искании. Многие его образы природы – вода, облака – сближаются с тютчевским размышлением о водомете смертной жизни, где «упорное стремление подняться в чаемый, другой и тончайший мир; небольшое усилие, и будет пройдена пограничная черта; и внезапное отяжеление и паралич возносящихся сил, и затем неумолимое низверже-

[3] Иванов В. О нисхождении. – «Весы», 1905. №5. С. 30-31.

ние вниз, глубоко в долу…»[4]. Во многом именно так формируется символическая трактовка образа Природы в графическом листе «Плач Дзерассы над телами Ахсара и Ахсартатга» (1948), когда мир, ставший свидетелем трагического «начала», находящийся на стадии возникновения из хаоса как бы зарождает через весь ужас «дикого рева-стона», оцепенения, испытываемые Дзерассой и вскинутой в молящем жесте ее руки к появившемуся божеству символ, связывающий воедино потоки воды землю, небо. Художнику удалось феноменально воплотить в ее лице – «лик» страха, его наивысшего эмоционального напряжения, вырывающегося через панический крик. Маска ужаса, созданная Джанаевым в «Плаче Дзерассы над телами Ахсара и Ахсартага», является изобразительным воплощением той же категории страха, что мы встречаем у Франца фон Штука в картине «Медуза» (1892), у Репина в картине «Иван Грозный и сын его Иван 16 ноября 1581 года» (1883-1885) или же  Ге в его «Голгофе» (1892).

[В этой связи хочется обратиться к словам Николая Ге, который предельно четко высказался о воздействии на зрителя памятника искусства: «Картина – не слово! Она дает одну минуту, и в этой минуте должно быть все. <…> А нет этого – нет картины»[5]].

Можно говорить в данном произведении о соединении и такого начала, как мотив «рождения» и «смерти». Предложенный Джанаевым вариант постижения макрокосмоса через воплощение образов природы в русле тенденции начала XX столетия, включал и такой подтекст развертывания пантеистической сферы, как всеохватывающее томление матери накануне рождения нового мира и его дальнейшего отделения. Художник стремится запечатлеть процессы природы в ударах воды о камни и его жизненных токах, береговой линии, свинцовых облаках, двойного контрапункта неба, женских изгибающихся волосах и мертвенно лежащих телах, в которых подчеркнут мотив неизбывной печали и предсмертной тоски. Художник как бы проникает в суть эмоционального напряжения моментов жизни и человека. Это одновременно и жизнь души «во всех преображениях на пути к смерти, во всей озаренной неги и

[4] Эфрос А. Профили. Очерки о русских художниках. – СПб.: Азбука-классика, 2007. С. 105.
[5] Слова Н.Н. Ге приводятся по кн.: Сухотина-Толстая Т.Л. Воспоминания. С. 268.

скорби»[6]. Есть в этой композиции какая-то глубинная острота то ли ранних воспоминаний детства, то ли «интимнейших и, вероятно, мучительных переживаний в пору надлома юности»[7]. Есть в этом личный скрытый конфликт, будораживший душу художника…

Но человеческое существование стремится победить законы смерти. В его «Гибели нартов» (1976) все движется, клонится, стекает и вместе с тем остается неподвижным в оцепенении ожидания мирового события, создавая круговорот связанных воедино жизни, смерти, смены циклов природы – от возникновения к цветению смыслов бытия, к ее увяданию.

По сути, в композиции «Гибель нартов» сформулированы и отражены многие концепционные мотивы Джанаева: природа, в которой происходит крушение человеческого существования в изгибающейся линии борьбы земного (человеческого) и небесного (запряженной колесницы и борющегося ангела с нартом), словно выхваченные иррационально-мистическим сиянием, уподобленные планетарному символу. Художник создает иной, неведомый мир. Отсвет этой сверхземной стихии, которая возникает из пронизывающегося света, лежит на лицах людей. Склоненные головы, тела воинов, словно приникших друг к другу и связанных друг с другом гибкими, сплетенными со струями небесного потока светом. Их фигуры не объединены каким-то действом; они взаимодействуют совсем по-иному: близостью поз, склоненных голов, ритмическим построением гибких линий. Таков их безмолвный диалог. Они знаменуют собой состояние гипнотически-длящего видения, и этот «уровень» их сумеречного, окутанного сквозь дымку разбеленности иного бытия, и есть теперь их естественная стихия. Все наполнено ирреальностью и, вместе с тем, выглядит как драгоценный кусок монументальной живописи, проецируемый на листе, в котором с равной силой действуют цвет и рисунок, упругие линии и пластический узор фигур.

Есть в этой композиции и то, что художник символически изобразил появление нового дня и нового мира. Джанаев любит изображать такие неустойчивые, пограничные состояния – между восходом и закатом, светом и тьмой, ночью и утром, бодрствованием и сном, жизнью и смертью, неизменно намекая на их бесконечное чередова-

[6] Маковский С. Голубая роза // Золотое руно. – 1907. - № 5. С. 26.
[7] Эфрос А. Профили. Очерки о русских художниках. – СПб.: Азбука-Классика, 2007. С. 102.

ние и невозможность разделения. В «Гибели нартов» возникает тот особый мир, который, Максимилиан Волошин объясняет следующим образом: «<…> эта реальность не из земного мира». В этом мире солнце перестало быть источником света… Здесь светится все, из чего исходит жизнь»[8]. Появление иррационального света, уподобляется некоему космическому телу, и, тем самым задает круговорот всего остального через сложно изгибающуюся линию абриса, который превращает лежащие тела в фантомы и полупрозрачные тела сливающиеся с поверхностью земной тверди. Поэтому нездешним светом пронизаны фигуры, излучающие изнутри какой-то несущий в себе свет одновременно мистического и космического значения. Это знак света, но света иного рода – мертвого, несущего в себе символическую подоплеку.

Природа, фигуры-образы производят впечатление в графических листах двух циклов вневременности происходящего. Его отдельные части мировой панорамы можно рассматривать как бы с точки зрения элемента пейзажа (как горы и небо), которая иногда несет в себе некую «разрушительную» силу и одновременно такую мистически-гипнотическую тишину, в которой есть присутствие чего-то более значимого. Пейзажи, на фоне которых изображены его персонажи, предстают сквозь призму скоротечности времени, бренности земного существования, источения и угасания жизни. Поэтому «… общие судьбы символизма <…> сферы его взаимодействия с духовными исканиями общества были во многом предопределенны… глубоким конфликтом между свойственным эпохе острым восприятием своего исторического содержания и философским эгоцентризмом символических утопий, символических прорывов к постижению высшего смысла бытия»[9].

[8] Волошин М. ОдилонРедон – Максимилиан Волошин. Лики творчества. Л., 1988. С. 236.

[9] Стернин Г.Ю. Русская художественная культура второй половины XIX–начала XX века // Стернин Г.Ю. Русская художественная культура. М., 1984. С. 272.

# ФЫСТÆГ ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОНМÆ

Мæ хорз хистæр Мелитон! Зынаргъ мын дæ, ме сфæлдыстадон тæлфтмæ мын уæзданæй дæ цæст кæй дарыс, уæлдайдæр уымæй. Фарн дæм дзурæд!

Ацы фыстæг дæм рагæй фыссинаг уыдтæн, фæлæ мæ хъуыдытæ нывыл ныр бакодтон, æмæ дын сæ раргом кæнын мæ зæрды ис. Хатыр дæ курын рагацау, кæд дзы исты къæйных тæлмдзырдыл сæмбæлай, уæд.

Цал азы мыл цыдаид, нæ зонын, фæлæ ма астæуккаг скъолайы мæ ахуыры афон кæй уыд, уый бæлвырд у. Райдайæн къæлстæй фæстæмæ мæ уды рухс уыд чиныг æмæ зондджын хистæры ныхас, ирон зарæг – фыдæлты хъæлæс. Фæндзæм къласмæ цыдаин, афтæ мын уырыссаг æвзаг æмæ литературæ чи амыдта, уыцы ахуыргæнæг, Саламты Чабæхан, чингуытæ куыд уарзын, уый зонгæйæ, радон хатт балæвар кодта иу къаннæг чиныг. Йæ морæ хъæбæр цъарыл фыст – «Къоста. 100 афоризмы». Уæдмæ, афоризмтæ цы сты, уый зыдтон. Фæлæ нæ генион поэт Къостайы афоризмты чиныгыл фыццаг хатт сæмбæлдтæн. Йæ аразæг уыдтæ ды. Ноджы ма йыл Чабæхан ныффыста: «Валере с глубоким уважением!» Æмæ йæ дæ иннæ чингуыты ‘хсæнæй куы райсын, уæд, фыццаджыдæр, мæ ахуыргæнæгæн фæарфæ кæнын мæ миднымæр, уый фæстæ та – дæуæн.

Дæ удвæллойы дыккаг фæстиуæгыл та мæ цæст æрхæцыд, хистæр къæлсты ахуыргæнгæйæ. Ме ‘мдзæвгæтæ фыццаг хатт бахастон журнал «Мах дуг»-ы редакцимæ. Уæд йæ бæстыхай уыд Сабырдзинады проспекты 25-æм хæдзары. Редакцийы дуармæ та уыд, чингуытæ кæм уæй кодтой, ахæм цатыргонд. Абон дæр хорз хъуыды кæнын, ирон чингуытæ дзы уæй кодтой дыууæ хойы – Зинæ æмæ Зойæ (фаззæттæ уыдысты, фæстæдæр сын сæ мыггаг базыдтон – Беритæй). Уыдонмæ-иу арæх баздæхтæн чингуытæм. Æмæ та мæ мæнæ иуахæмы проспекты ауыдтой æмæ мæм дзурынц, ног чингуытæ райстам, зæгъгæ. Сæ иу уыд «Тугæйдзаг цыппурс». Балхæдтон æй, стæй ма цалдæр чиныджы. Де ‘мбырдгондæй дзы уыдысты, Хуссар Ирыстоны Гуырдзыстоны фыдракæндтæ уынгæйæ, нæ дзырдаивады дæснытæ цы уацмыстæ ныффыстой, уыдон. Æмæ дæ ацы фæллой дæр æз нымайын стыр хъуыддагыл.

Мелитон, хорз æй хъуыды кæнын, ды филологон наукæты кандидаты диссертаци куы хъахъхъæдтай, уæд уыцы бон дæ зонадон разамонæг Джыккайты Шамил кæй уыд, уый. Тыхстис дыл тынг. Уымæй равдыста, хæларæй хæлары ‘хсæн цы ахастдзинад хъуамæ уа, уый.

Ды дæхæдæг дæр Шамилы алы сфæлдыстадон хуынил дзурыс æнкъарæнджын, уæздан, сабыр дзырдæй.

2020 азы февралы Шамилы райгуырдыл æххæст кæны 80 азы. Нæ бон ма йын у йæ номæн аккаг кад æмæ æгъдау дæттын. Æмæ йын ды цы æгъдау скодтай, уый махæн, йæ ахуырдзаутæн, цас ныфс æмæ æнцой у, уый нæ зæрдæ хорз зоны.

Дæ арæзт чиныг «Сослан Цæразон» дæр бакастæн. Æмæ зæгъын, ды уыцы чиныгæй Дауыт-Сосланы сгуыхтытæ нæ дзыллæмæ, зæгъæн куыд нæй, афтæ фæхæстæг кодтай. Номдзыд Грис ныффыста драмæ «Сослан Цæразон», историк Тогойты Георги йын йæ цард æмæ сгуыхтытæ Иры дзыллæйæн æргом кодта. Ис рагон æмбисонд, дон дæр йæ раздæры фæд бацагуры, зæгъгæ. Адæмы хъæбултæ та сæ раттæг адæммæ æрыздæхынц, дæуау сæ фæлтæртæн чи садджын кæны æмæ рæстдзинады фæндагыл чи фæлæууы, урсæй сау, сауæй та урс зæгъын стыр тæригъæд кæмæ кæсы, рæстаг хъуыдыйыл хæст чи у, ахæм патриотты фæрцы.

Хъуыды ма йæ кæныс, 2013 азы ам, Цæгат Ирыстоны, Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон театры Грисы 100 азы куы бæрæг кодтам, уæд амбæлдыстæм театры бацæуæны? Мæ къухы уыд дæ арæзт чиныг «Ирон литературæйы истори»-йы фыццаг том. Ацы чиныг мын феххуыс, Мыртазты Барисы, Нафи æмæ Мæргъиты Къостайы сфæлдыстадон фæндæгты тыххæй бæлвырд æрмæджытæ цæттæ кæнгæйæ. Æмæ дæ чингуытæй, дæ наукон куыстытæй мæ зæрдæ хурварс кæй абады, уый дæ уырнæд.

Уæдæ нæ зæрдæйыхатт цавæр у, уый та ма ноджы хуыздæр банкъардтон, дæ арæзт æртæтомон «Ирон хæзна» куы кастæн, уæд. Нарты кадджыты ис ахæм хъуыды, зæгъгæ, нæртон адæмæн се ́лгъыст дæр æмæ сæ арфæ дæр царды цæуаг уыдысты. Афтæ мачи зæгъæд, æмæ нæ фыдæлты цæст искæмæн æвзæр уарзта. Нæ! Фæлæ сæхиуыл худинаджы гакк æвæрын цыфæнды уавæрты

дæр кæй нæ уагътой, уый арвау бæрæг дары дæ «Ирон хæзна»-йы дæр. Нæ фыдæлтæ тызмæг æмæ гуымиры уыдысты, зæгъгæ, уæд сæм уыйбæрц арфæтæ нæ уыдаид. Фæлæ зыдтой алцæмæн дæр бæрц. Тохы, кæнæ фæллойы сгуыхтыл сын куывды кады нуазæн лæвæрдтой, чи фæмард, уымæн та йæ номыл зарæг арæзтой. Ныр та давæгæй, марæгæй, фæлитойæ цы ис, уыдоныл дæр зарæг ацъапп ласынц иуæй-иу поэтгæндтæ æмæ æрдæгахуыргонд музыканттæ. Афтæмæй та нæ Хуссары æмæ Цæгаты дæр цы фыдбоны цаутæ æрцыд, уыдонæй бирæтыл нæдæр газетты фыст æрцыд, нæдæр сæ номыл зарæг ничи скодта. Ды, нæ буц хистæр, «Ирон хæзна»-йæ кæд уыцы хъуыдыйыл нæ Иры дзыллæйы бафтауис, æмæ хорзæн арфæ, рæдийæгæн уайдзæф, кæстæртæн та царды хъæр хуыздæр æмбарынæн æмбисæндтæ хæссын кæд райдаиккам…

Фыдæлты загъдау, ном вæййы адæймагæн йе 'мсæр. Лæгаулæг та вæййы йæ номы æмæ дзыллæйы аккаг. Мæ нымадæй, ацы хорзæхтæ дæу фесты сæрысуангæй, æмæ ма сæ бирæ азты амонды хорзæхтау Иры дзыллæйæн дæ бон зæрдиагæй дæттын æмæ рæдауæй лæвар кæнын куыд уа, дунейы фарн дын уыцы хъомыс ма бавгъау кæнæд!

*ГАСАНТЫ Валери*

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

## МУРАСТЫ ЭЛЬБРУС
**(1940 – 2012)**

Мурасты Габойы фырт Эльбрус райгуырд 27 сентябры 1940 азы Хуыкъалийы – Зæрæмæджы. Габо æмæ Сона (Туайон) уарзонæй хъомыл кодтой сæ бирæ цоты (дыууæ лæппуйы æмæ цыппар чызджы) хохаг зын уавæрты.

1944 азы хицауады уынаффæмæ гæсгæ Мурасты бинонтæ дæр æппæт хохаг адæмимæ сыстадысты сæ цæрæн бынатæй æмæ ралыгъдысты быдырмæ. Æрцардысты Мæхъхъæлы зæххыл, ног ном кæуыл сæвæрдтой, ахæм хъæу «Райдзаст»-ы. Эльбрус амы скъолайы фæцахуыр кодта 7-æм къласмæ. Цæмæй уырыссаг æвзаг хуыздæр базыдтаид, уый тыхæй йе ´мбæлттæй æртæ лæппуимæ ахуырмæ цыд Карабулакмæ, фылдæр фистæгæй.

1957 азы та  сæ бинонты сыстын бахъуыд – алыгъдысты Хъæдгæронмæ, фæлæ бирæ рæстæг нæ бафæстиат сты ам. Афæдзы фæстæ ног цæрæн бынатæн равзæрстой Алагир. Эльбрус астæуккаг скъола  каст фæцис ам æмæ бацыд Цæгат Ирыстоны педагогон институты историон-филологон факультетмæ. Уæд Эльбрусы æмдзæвгæтæ, уацтæ, этюдтæ цæуын райдыдтой  журнал «Мах дуг»-ы, республикон  æмæ районты газетты.

1964 азы фæзынд æрыгон фысджыты уацмысты æмбырдгонд «Цыкурайы фæрдыг». Эльбрусæн дзы уыд æхсæз этюды.

Уыцы аз Мурасы-фырт æнтыстджынæй каст фæцис институт æмæ кусынмæ бацыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон радиокомитетмæ. Арæхстджын разамонджытимæ  зæрдæргъæвд лæппуйæн уыд æнцондæр кусæн, ахуыр кодта хистæрты фæлтæрддзинадыл, фæлæ йæм уыцы аз фæсидтысты  Советон Æфсады рæнхъытæм.

Куы сыздæхт, уæд та ногæй ам кусын райдыдта – фæсивæдон редакцийы хистæр редакторæй.

Мыхуыры йын арæхæй-арæхдæр цыдысты йæ очерктæ, этюдтæ, æмдзæвгæтæ, уацтæ.

1974 азы Эльбрусы цардвæндаг фæсаджил: Беруаты Барис, Ирыстоны туристон æмæ экскурсион Советы хицау, Эльбрусы

йæхимæ куыстмæ акодта. Авд азы дæргъы бакуыста хистæр инструкторæй, стæй та – Алагиры турбазæйы  директорæй, фæлæ уыцы азты дæр йе сфæлдыстадон куыст нæ уагъта, йæ зæрдæ ахсайдта журналистикæмæ.

1982 азы Эльбрус сси телеуынынады литературон-драмон редакцийы хистæр редактор. Бакуыста дзы 13 азæй фылдæр. Стыр зæрдиагæй саразта къорд равдысты ирон фысджытæ Нафи, Грис, Шамил, Камал æмæ æндæртимæ фембæлдтытæ.

Мурасты Эльбрусæн 2010 азы джиппы рацыдысты, 40 азы дæргъы кæуыл фæфыдæбон кодта,  уыцы уацмыстæн сæ сæйрагдæртæ хицæн чиныг «Фæстаг ныфс»-æй.

Эльбрус рухс дунейæ ахицæн 2012 азы ноябры.  Хæрзаудæн кæнæд.

## ФÆНДÆГТÆ

Хæххон фæндæгтæ! Хатгай удаистæй амбæхсут пыхсхъæдты, рогвæд бауайут æртæхдзаст уыгæрдæнты, æфсургъау стæхут æмдзæхгæр къæдзæхтæм, уæндонæй бараст вæййут фыдæлтыккон лæгæттæм.

Хъæууæтты фæллад бæлццонау банцой кæнут æрдæгхæлд мæсгуытыл, цыма сын сæ рагон таурæгътæм хъусынил фæвæййут, уыйау.

Галвæндæгтæ, къахвæндæгтæ... Хæхтау – карджын. Ног чындзау – уæздан. Хъандзалбазыр цæргæсау бæрзондæй фæлгæсут быдирон над фæндæгтæм æмæ стут сæрыстыр суанг мыствæдæй дæр: уый дæр кæйдæр хъысмæты фæндаг у!

Дæрддзæф рухсытау сайут уæ фæдыл æнæнцой зæрдæйы, барджынæй йæм сидут размæ, æбæрæг тигътæ басгарынмæ, цæстысыгау сыгъдæг, ихау уазал суадæттæй йæ дойны суадзынмæ, бæрзонд æфцæгмæ схизынмæ...

О, фæндагау иугæндзон бæлццон у адæймаджы цард, нæй йын райдайæн, нæй ын кæрон...

## ЗÆРДÆЙЫ РИС

Стыр фæндаджы уæлбыл – цалдæр ингæны. Къаннæг адагмæ хæстæгдæр цыртытæн тыхджын къæвдатæ сæ бынтæ бахордтой, æмæ иуцасдæр фæкъул сты. Сæ тигътæ згъæлын, лыстæг фазтæ кæнын райдыдтой.

Зæронд мæрдтæй гыццыл дæрддзæф йе ’нусон бынат ссардта цуанон лæппу. Цыма истæмæй къæмдзæстыг у сæ разы, уыйау хибарæй

ægъдауджын кæстæрау йæхи æруагъта. Фæлæ уый цы у? Цыртдзæвæны бæсты лæппуйы ингæныл йæ марæг дур фæлдæхтæй! Сæнтсау, кæрдихсаст стыр дур. Цымæ цæмæн æвæрд ис уым? Мады зæрдæ риссын кæнынæн? Æви уыцы æбуалгъ æгъдау дард незамантæй æрцыд, æмæ йын кæддæр æндæр цыдæр, мах кæй нал зонæм, ахæм нысан ис?..

## СУСÆГ НЫСАН

Рагон хæххон хъæу. Хæлд хæдзæрттæ. Дургай-мургай мæсгуытæ. Бур-бурид футæгджын æрдузтæ, лæбырд къардиутæ. Цæугæдоны хæдсæрмæ æмæхгæд сисамады аууонæй дардмæ зыны стыр хæрис бæлас. Комы фидауц, æвæджиауы удвидар бæлас! Йæ цъæх даривæлыст къабæзтæ ивазы хурмæ. Рог уддзæф сæ бауигъы рæвдауæгау, хъавгæ сыл ракафы. Мæй йыл æнæвгъауæй фæлуары йе ’взист тынтæ. Урсбазыр цъиу ын фæкæны йæ диссаджы зарджытæ. Фæллад фæндаггон ын фæдзуры йæ зæрдæбын сагъæстæ.

Иунæг, зыбыты иунæг бæлас æгас хъæуы! Æдзæрæг уæзæгыл ивгъуыд æнустæн цыртæн баззад, æви æнусон царды нысан у?

## РОХ МУСОНГ

Хъæугæрои, дыууæ фæндаджы астæу, бирæ азты дæргъы рохуаты лæууы иу мусонг. Йæ хъилтæ фæтасыдысты, йæ фæрстæ фегæмттæ сты. Адæймагау æрзоныгыл кодта, цыма зæххæн æркувынмæ хъавы, уыйау.

Йæ бахизæны кадджын хотыхау – дзæбидыры сыкъа ауыгъд. Цымæ йæ чи æрхаста ардæм? Кæй æмæ цæмæн бахъуыд ахæм  мысайнаг?

Æрхæндæг, бæрзæйкъул мусонг... Цæуыл у йæ судзгæ сагъæс? Æви сæууон æртæхты æртытæм йæ рагбонтæ мысы?..

О, æгъдау æмæ сæ сæрыстырæй арвыста! Фыдæй фыртмæ никæй зæрдæхудты бацыд, никæуыл атигъ кодта йæхи. Хорз кæстæрау, æвæлмæцгæ, уырдыг фæлæууыд. Æнтæфы – сатæг, фыдбон – хъарм æмæ æнцойдæттæг. Ныр базæронд, ныггæвзыкк. Кæй ма хъæуы? Суанг æм йæ хуыздæр хæлæрттæ – цуанæттæ дæр – фæндаг ферох кодтой. Мусонгмæ къахвæндагыл пысыра ныггуыпп ласта, йæ зæрдæйы уидæгтæ йын басыгъта. Сидзæрау иунæг мусонг...

Æрмæст ын ирддзæст стъалытæ фæлæууынц цырагъдар. Уад куы сысты, уæд хæххон уæлдæфы апырх вæййы уынгæг къуыззитт, цуаноны сидæнау. Уый дымгæйы бардуаг Галæгон фæзары дзæбидыры сыкъайæ.

Æз хъуыстон уыцы зардмæ, æмæ мæм афтæ фæкаст, цыма

рох мусонг йæ уæззау хъысмæтыл кæуы, Галæгоны æнæрынцой фæндырдзагъд та йæ хъарæджы зæлтæ сты...

## ТУАЛГОМ

Туалгом... Мæ райгуырæн уæзæг, мæ фыдæлты хæхбæстæ. Армытъæпæнау чысыл, фæлæ хæрзиуæгау стыр дæ рæзгæ удæн. Æнæсцухæй мæм сидыс дæ митсæр хæхтæм, æвзисттау уыгæрдæнтæм, хоныс мæ дæ саджил къахвæндæгтæм, урсбарц æхсæрдзæнтæм.

Уахъæз куы радымы, уæд æй дæ фæлмæн рæвдыд фæхонын, сырх æрхуы мæй куы расимы, уæд мæм дæ хонæгау фæкæсы.

Мæ сæнтты гуырæн, мæ бæллицты суадон... Цымæ цы уаин æнæ дæу?

Рæсугъд зарæгау атадысты дæ доныбылтыл мæ сабибонтæ, мæ зæрдæйы ма мын фæндаггагау æрхæндæг фæлм ныууагътой.

Дæ цыргъытигъ мæсгуытæ – фыдæлтыккон кадæгау. Хъус сæм, æмæ дын милхуыз дуртæ фæдзурой сæ уæззау хъыгтæ, сæ цытуарз дуджы цаутæ. Уадтымыгъ азты дæр арвуромæн цæджындзтау лæууынц фидар, æнæфæцудгæ...

Туалгом...

Мæ удлæууæн...

## ÆДЗÆРÆГ УÆЗÆГ

Нæудзар рындзы сæр – мæ фыдæлты уæлмæрдтæ. Саст къæйдуртæ, иугай цыртытæ... Рæстæг сыл йе ’гъатыр къухвæд ныууагъта. Ранæйрæтты сау дуртыл – зына-нæзына дамгъæтæ. Æнусты хъыгау æрызгъæлдысты. Дард байзæддагæй æмбæхсынц сæ рагфыдæлты нæмттæ.

Æнæрынцой азым рæхойы зæрдæ: «Чи мын зæгъдзæн, чи сæ кæцы у ам? Кæй æхсарæй сæрыстыр уыдысты хистæртæ, кæй зарджытæм бæллыдысты Иры фæсивæд?» Фæлæ æдзæм, æгомыг сты цыртытæ. Уæззау æгуыппæг уаг бандзыг сæ къæйдуртыл...

Æдзæрæг райгуырæн уæзæг. Зæрдæриссæн гомкъул хæдзæрттæ. Рох суадон. Йе ’нкъард зарæг ризы донисæны сæрмæ. Зæрæстон хуымтæ цыма æмпылгæ бакодтой, уыйау айнæг къæдзæхмæ сæхи ныл хъывтой. Ныхасы дуртæ – арф скъуыдтæ, хъуынадзæф. Бæрзонд кæрдæг сæ биноныг бамбæрзта. Рог дымгæ кæцæйдæр скъæфы æрæгвæззæджы хъуыдалыйы тæф...

О, цæй зын у, цæй зын фыдæлты кæлæддзаг гæнахмæ кæсын!

Цадæггай æруагътон кæрдæгыл мæхи. Изæрмилтæ… Хæхты цъуппытыл – фæстаг рухсы тæппытæ. Уынгæг ком зæронд лæгау мысы йæ боны хабæрттæ.

Æнафоны бæлццонæн йæ цæугæдæтты иугæндзон уынæрæй, уынгæг- хъæлæс зымты уастæй цæгъды фыдæлтыккон уæззау кадæг. Арвæй æхсæвы цæссыгтау згъæлынц ирд стъалытæ. Сæ уысмæн тæмæны æнкъарын æнусты тызмæг уаг.

## ДАРД БÆЛЛИЦТÆ

Мæхицæн бынат нæ арын. Цыдæр æрдæгрох мысинаг æнæзæл зарæгау ныххауд мæ зæрдæйы. Удхарæй мæ мары. Рох? Æмæ кæд, мыййаг, мæхи сайын? Кæд мæ сонт кадæг кæронмæ нæма фæци?..

Изæры фæлм сындæггай атад. Зæрæхсид йæ сырх базыр байтыгъта мигъты рæгъæуттыл. Мæйы сыгъзæрин хъусцæг æрцауындзæг арвыл. Йæ фæлурс тынтæй æхсæвы тар суры.

Сатæг ирдгæ скъæфы цавæрдæр æнкъард мелоди. Цымæ цæуыл кæуы фæндыр? Кæй зæрдæйы рис ныппырх йæ къæрцхъус амонæнтыл?

Исдуг, фæндыры цагъдмæ хъусгæйæ, зæрдæдзæфау фæдæн...

Мæхинымæр скатай дæн. Кæд сæнттæ цæгъдын? Нæ, чидæр фæндыры хъистæ æнауæрдонæй тоны. Цагъд куы уадтымыгъау знæт нырризы, ныззæлланг кæны, куы та узæлгæ айсысы, цадæггай фæлмæн азæлдау апырх вæййы. Бæстæ æнахуыр зæлты зилдух фесты. Æврæгътæм æхсинæгау стæхынц, мæйы тынты цыхцырæджы æрбайсæфынц...

Æз джихæй кæсгæйæ баззайын. Кæм ма фехъуыстон уыцы кæлæнгæнæг мыртæ? Æви азты тарæй мæ рагбонты фæлгонц сыстад, кæнæ уый мæ сæфт бæллицты фæлдзæгъдæн у?

Æбæрæг сагъæстæ, рох бæллицтæ... Кæдæм мын ахастат мæ удæнцой?..

## ÆБÆРÆГ САГЪÆС

Йæ цæстыты цады – хуссайраг арвы цъæх. Мæ сæнтты урсбазыр бæлæттæ фæтæхынц йæ ивылгæ арфы. Дардбæстаг чызг мидбылты бахуды.

– Арв кæмдæриддæр цъæх у.

Йæ риуыл – дыууæ сау хъуымбыл дзыккуйы. Мæ сусæг сагъæсы тæгтæ цыма семæ быд сты, уыйау сæ цæст атонын нæ комы.

– Дзыккуйы рæсугъддзинад нырма ницы амоны...

Йæ хъæлæс æбæрæг цины стъæлфæнтау ссудзы æвзонг зæрдæ, дард мондæгты сонт уалдзæг сног вæййы. Хæрз дзæгъæлы!

Амонды уылæнтау уазæг чызг араст мæ цурæй. Мæстæймарæгау ма фæстæмæ иунæг каст фæкодта, стæй изæры тары аныгъуылд.

Ацыди хъал рæсугъд. Йæ дысты пæр-пæры мын ахаста мæ зæрдæ...

## СÆФТ СТЪАЛЫ

Сау мигътæ стъалыдзуан рагуылф кодтой. Кæфхъуындартау сæ зыдæй ныхъуырынц. Чысыл ма, æмæ арвы ирд цæсгом æгасæй дæр мылазон тары аныгъуылдзæн.

– Кæс-ма, дунейы конд æмæ уынд сæфы! – тарстхуыз хъæлæсæй загътай ды.

Мæ армытъæпæны дæ чысыл къух фестъæлфыд. Йæ хъарм уадидæгæн амбæлд зæрдæйыл.

Мигъты æвзæгтæ баххæссыдысты мæймæ. Сау-сауид æмвæтæн хыз ыл æрытыдтой. Æвзист цырагъдар ахуыссыд. Æрмæст ма йæ фæлурс цалх иуцасдæр тылдис æрвон тыгъдады. Ды цымыдисæй кастæ йæ фæдыл: «Уый мæ сабидуджы æвзист стъалы у»...

Æбæрæг сагъæс февзæрд дæ цæстыты. Кæд исдуг, чызгай, уымæн нал уыдтай мæн?..

Тызмæг мигътæ лæбурынц фæстаг стъалыты дзыгуырмæ. Ирддзæст хæрзиуджытæ радыгай сæ амæддаг кæнынц. Æртæ, дыууæ, иу... Арвы дуар сæхгæдтой. Æгуыппæг талынг æртыхст бæстыл.

Нæ амонды стъалы, æвæццæгæн, уыцы изæр æрхаудис!

## КЪАХВÆНДАГ

Къахвæндаг сæргой калмау астымы здыхсы. Куы хатгай фæуырдыг кæны, лæджымбæрц пыхскъудзиты аныгъуылы, куы та фатау æмраст ныййарц вæййы, стæхы бæрзонд уæлбылмæ. Æнæсцухæй тындзы размæ. Æнхъæлдтон, кæрон ын нæй, цыфæнды цæлхдурты сæрты дæр ахиздзæнис, фæлæ... Донгæрон, цыма йæ исчи æхсаргардæй æрцъыкк ласта, уыйау къахвæндаг æвиппайды æрбадæлдзæх.

Оххай, балцмондагæй йæ зынг ахуыссыд!..

## ЛÆППЫН ЦЪИУ

Арвы цъæхмæ лæппын цъиу фыццаг хатт сфардæг. Йе ´вæлтæрд чысыл базыртæ фæйнæрдæм ныппака кодта, сатæг уддзæф зыдæй

ныхъуыры. Ӕнахуыр бæрзондæй фæлгæсы дунейыл. Куыд диссаг, куыд стыр æм фæкасти! Йæ хъæлæсы дзаг ныззарыд. Сæуæхсидты тынты цыхцырæджы фыр цинæй цъыллинджытæ систа. Куы æваст хæрдмæ стæхы, куы та цæхгæр йæхи æруадзы зæхмæ.

Иуафон фæныфсджындæр. Ноджы бæрзонддæр афæлвæрдта стæхыныл, фæлæ æвиппайды, цыма йыл топпы нæмыг сæмбæлд, уыйау, сæрбихъуырæйттæгæнгæ, æрхауд.

Базгъордтон æм, фелвæстон æй. Цъиу нал змæлы, æрмæст ма йæ дзых фæхæлиу-фæхæлиу кæны. Чысыл зæрдæ атыдта фыр цинæй...

Ӕрвон фурды зилдух кодтой цæргæстæ. Хъæбатыр маргъы мæлæт сæ ничи бафиппайдта.

## ДЫУУӔ НЫВЫ

1

Музей. Историон зал. Ныллæггомау, къæсхуыртæ сылгоймаг æрбацæуджыты зонгæ кæны æвгты бын æвæрд алыхуызон экспонаттимæ. Ахуыр, æнæкъуызгæ, уыцы-иу хъæлæсы уагæй дзуры адæмæн: «Мæнæ адон та рагон ирон лæджы хотыхтæ: хъыримаг, думæданæвæрд хъама, сауфистонджын фæринк кард...»

Ӕз кастæн хæстмондагæй цъæх артуадзæг хотыхтæм, æмæ мæ нæ уырныдта, куыд фæразынц ам, куыд æнцад-æнцойæ хъусынц сылгоймаджы ныхæстæм, цæуылнæ дзурынц сæхæдæг фæлтæртæн сæ намысджын дуджы тыххæй! Кæм аззадысты рæстæджы мæйдары уыцы æбæрæг азтæ? Кæм сты, арв нæрын кæмæй нæ уæндыд, уæларвæй стъалытæ чи тыдта, зындонæй цæхæртæ чи скъæфта, уыцы хъæйтар гуырдтæ? Ныр ма сын уынæм сæ кæддæры, хуримæ æмсæр ерысгæнæг хотыхтæ, фæлæ уыдонæн дæр сæ ирдхуыз цæсгæмттæ батар сты. Ӕви сæ хатгай сынтау тар æхсæвы абырджытæ тæригъæддаг туг кæй калдтой, туджджынтæ дзы кæрæдзи кæй цагътой, уыдæттыл карз фæсмонгæнгæйæ, сæхи хæрынц æмæ æвгты бын дæр уымæн бамбæхстысты? Ӕви сæрибарыл мæлæтдзаг тохы бæгуы фидарæй равдыстой сæхи æмæ фæллад хæстонтау бахъуаджы сахатмæ сæ улæфт уадзынц – фæлтæрæй-фæлтæрмæ уæлахизы фæдисонтæ сты?..

2

Сылгоймаджы иугъæдон хъæлæс мын фескъуыдта мæ хъуыдыты хал: «Ныр та уынут æвзист сауæфтыд гогон – хæххон донхæссæн мигæнæн. Дарддæр...»

Ноджы диссагдæр ныхвæ ауадысты мæ цæстытыл. Мæ сæнтты базыртæ мæ ахастой райгуырæн хæхтæм...

Сæумæрайсом. Айнæг рындз, фынæй къардиутæ. Скæсæн сырх зæлдаг афæлдæхт. Тар æхсæв æрхыты хуыснæгау фæлидзы, фыдæмбæлæгау хаты райсомы комулæфт. Нарæг къахвæндагыл æруайы дондзау чызг. Йæ рахиз къухы – лыстæгхъуыр гогон æвзист нывæфтыдтимæ. Сæуæхсиды тын йæ ирд тæлмы йæхи найы.

Дондзау чызджы цæстыты – æбæрæг цин æмæ сусæг уарзондзинад. Йæ дари дысты рæудымгæ гæзæмæ пæр-пæр кæны, фæйлауы сæ. Йæ зарæджы зæлтæ зынджы стъæлфæнтау æмбæлынц зæрдæйы тæгтыл, судзæгау сæ кæнынц. Æрнæг къæдзæхтæ, æгайнæг хъæд, уазал суадон – иууылдæр æм æнцад хъусгæйæ баззадысты, стæй йын фæндыры хъисатау зæлланг хъæлæстæй бахъырнысдтой.

Æртæхдзагъд дзæгæрæг мидбылхудтау райхæлд зарæгмæ, зæрдæбынæй сулæфыд рог уддзæф. Дзылаты рæсугъд сыл йæ хæмпус, пылыстæг къухтæ хъавгæ æрсæрфы, рæвдауы сæ.

Хæхты сæрмæ Бонвæрнон бандзыг, цыма дондзауы æвæджиауы рæсугъддзинадмæ джихæй баззад.

Цæуы сæууон æртæхыл мæйы дондзау чызг. Къæйных ирдгæ йын йæ сау дзыккутæ узæлгæ фасы, стъалытæ йын йæ риуыгънæджыты æргъæу арт ссыгътой. Дæрддзæф бæлæсты сыфтæртæ æрттивынц. Дондзаст дидинджытæ йæм тилынц сæ кæркæ-мæркæ сæртæ...

Йæ лыстæгхъуыр гогон бадардта суадоны цыхцырæгмæ. Цæмæй зыдта хъал рæсугъд, доны тагимæ сауæфтыд гогонмæ кæйдæр сагъæс кæй фæтагъд!..

## ДОНХÆРИСТÆ

Чындзытау лæууынц доныбылты. Сæумæрайсом мигъы фæлмæй æрбабæттынц æрвгъуыз сæрбæттæнтæ, æфсæрмдзастæй, худæнбылæй фæкæсынц кæдæмдæр. Сæ цъæх къабатæ ферттивынц зазы цырæгътау. Кæм сты сæ сæрыхицæуттæ?

Сæ рæзты, хæлхæлгæнгæйæ, згъоры сатæг дон. Хæрис бæлæстæ нæ зонынц, уый се ´мбæхст сагъæс у æви кæддæры чындзхонты зарæг. Сыгъзæринхъæлæс булæмæргъ сæм сæ хъазты фæндыр фæкæсы, дымгæйы æхситт та – цинмæ хонæгау. Мæй сыл æркæны æвзист тынты пæлæз, стъалытæ сæм сæ цæстытæ фæныкъулынц къæйных лæппутау.

Донхæристæ – доны чындзытæ! Хорз амонд – уæ хай!

# «МАХ ДУГ» 2019 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА:

## ЗÆНДЖИАТЫ БÆБУ: 150 АЗЫ

**Бæбуйы тыххæй дзурынц.** I, 6.
*ЗÆНДЖИАТЫ Бæбу.* **Куыд базонгæ дæн Къостаимæ.** I, 19.

## КОЛИТИ ВИТАЛИ: 60 АНЗИ

*КОЛИТИ Витали.* **Мæ уарзт æма мæ циййес.** Амдзæвгитæ. I, 35.
*ХОЗИТЫ Барис.* **Хæдæфсарм адæймаг æмæ курдиатджын поэт.** I, 46.

## ЦЫРЫХАТЫ МИХАЛ: 100 АЗЫ

*ЦЫРЫХАТЫ Михал.* **Мæ фæндаг.** Æмдзæвгæтæ. II, 15.

## ИВАН КРЫЛОВ: 250 АЗЫ

*Иван КРЫЛОВ. Хъуыдытæ, базырджын ныхæстæ, хабæрттæ***.** II, 82.

## ОВАНЕС ТУМАНЯН: 150 АЗЫ

*Ованес ТУМАНЯН.* Æмдзæвгæтæ. II, 88.

## БОГАЗТЫ УМАР: 100 азы

*БОГАЗТЫ Умар.* **Даргъ бон.** Радзырд. IV, 8.

## ЦÆРУКЪАТЫ ВЛАДИМИР: 90 азы

*ЦÆРУКЪАТЫ Владимир.* **Мысинæгтæ.** IV, 17.

## ФИДАРАТЫ РУСЛАН: 60 АЗЫ

*ФИДАРАТЫ Руслан. Сагъæс уды хъары***.** Æмдзæвгæтæ. IV, 64.

## УОЛТ УИТМЕН: 200 АЗЫ

*Уолт УИТМЕН. Æмдзæвгæтæ, хъуыдытæ æмæ æндæр æрмæг***.** IV, 89.

## БАГАТЫ ЛАДИ:100 АЗЫ

*УАНИОН* **«Уæлахизы салдат».** V, 54.
*БАГАТЫ Лади.* Æмдзæвгæтæ. V, 59.

### АЛЕКСАНДР ФРЕЙМАН: 140 АЗЫ

*Магомет ИСАЕВ.* **А. А. Фрейман и осетиноведение.** V, 119.

### АЛЕКСАНДР ПУШКИН: 220 АЗЫ

*Александр ПУШКИН.* Æмдзæвгæтæ. VI, 7.

### ХЪАМБЕРДИАТЫ МЫСОСТ: 110 АЗЫ

*ХЪАМБЕРДИАТЫ Мысост.* Æмдзæвгæтæ. VI, 17.

### ТЕДЕТЫ ЕФИМ: 90 АЗЫ

*ТЕДЕТЫ Ефим. Æмдзæвгæтæ.* VI, 27.

### КЪИБИРТИ АМУРХАН: 75 АЗЫ

*КЪИБИРТИ Амурхан. Æмдзæвгæтæ.* VI, 48.

### ТАУТИАТЫ СОЛÆМАН: 110 АЗЫ

*ХУЫГАТЫ Геор.* Æцæг адæмон артист. Уац. VI, 58.

### ДЖУСОЙТЫ МАРАТ: 60 АЗЫ

*ДЖУСОЙТЫ Марат. Æмдзæвгæтæ.* VII, 45.

### ÆЛБОРТЫ ХАДЗЫ-УМАР: 80 АЗЫ

*ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар. Æмдзæвгæтæ. Уац.* VII, 60.

### МАМСЫРАТЫ ДÆБЕ: 110 АЗЫ.

МАМСЫРАТЫ Дæбе. Мæ царды таурæгъ. *Мысинæгтæ.* VIII, 5.

### АЙЛАРТЫ ИЗМАИЛ: 95 АЗЫ.

АЙЛАРТЫ Измаил. *Æмдзæвгæтæ, хъуыдытæ.* VIII, 19.

### СУАНТЫ СТАНИСЛАВ: 70 АЗЫ

СУАНТЫ Станислав: «Фыццаджыдæр дæн ирон лæг, уый фæстæ та – инæлар». *Интервью.* VIII, 40.

### ИКЪАТЫ СЕРАФИН: 110 АЗЫ

ХЪУЫЛАТЫ Зирæ. Йæ царды нысан. VIII, 60.

**ЦÆЛЛАГТЫ ВЛАДИМИР: 80 АЗЫ**

ЦÆЛЛАГТЫ Владимир. Хетæгкаты Къостайы публицистикæ. *Уац*. VIII, 85.

**ТЕМЫРАТЫ ДАУЫТ: 95 АЗЫ**

ТЕМЫРАТЫ Дауыт. Хъазтизæры чегъретæ. *Интермеди*. VIII, 108.

**БАЙАТЫ ГАППО: 150 АЗЫ**

БАЙАТЫ Гаппо. Тæхуды, рæсугъд тохы чи амæлы йæ бæстæйы сæрвæлтау. *Уац*. IX, 6.

**КОКАЙТЫ ТОТРАДЗ: 75 АЗЫ**

*КОКАЙТЫ Тотрадз*. Æмдзæвгæтæ. IX, 44.
*КОСТЫ Лизæ*. Æмдзæвгæтæ. IX, 54;

**ДЖУСОЙТЫ МУРАТ: 60 АЗЫ**

*ГАСАНТЫ Валери*. **Киноаивад – йæ цард æмæ йæ хъысмæт.** Интервью. IX,74.

**ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТА: 160 АЗЫ**

*ХЕТÆГКАТЫ Къоста*. Æмдзæвгæтæ. X, 6.
*ХЕТÆГКАТЫ Къоста*. **Æнæсæрфат митæ Цæгат Кавказы.** X, 20.
**Къостайы тыххæй – абон.** X, 25.
*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*. **Къоста – адæмы поэт.** X, 36.
*МАМИАТЫ Изетæ*. **«Ирон фæндыр»: поэтикон хъуыдыйы ног фæзилæнтæ.** X, 40.
*ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат*. **Къоста – кæддæриддæр.** X, 45.
*ХОДЫ Камал*. **Хохрындз.** X, 50.
**Мысинæгтæ Къостайы тыххæй**. X, 56.
**Йæ номæн – йæ кадæн.** Æмдзæвгæтæ. X, 71.
**Хетæгкаты Къостайы зарæг.** X, 84.
*АЙЛАРТЫ Измаил*. **Къостайы уарзондзинад.** X, 86.
*ХЕТÆГКАТЫ Къоста*. **Фыстæг Цæлыккаты Аннæмæ.** X, 89.
*ДЗАНТИАТЫ Анатоли*. **Къоста – нывгæнæг.** X, 91.
*ЧЕТИТЫ Рубен*. **Къостайы уацмыстæ кино æмæ театралон аивады.** Уац. X, 113.
**Зындгонд адæм – Къостайы тыххæй**. X, 119.
**Къоста – адæмон сфæлдыстады.** X, 137.
**Къостайы базырджын ныхæстæ**. X, 140.

**СКЪОДТАТЫ ЭЛЬБРУС: 60 АЗЫ**

*СКЪОДТАТЫ Эльбрус.* Æмдзæвгæтæ. XI, 53.

**ДЫГЪУЫЗТЫ ТЕНГИЗ: 60 АЗЫ**

*ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз*. Радзырдтæ, æмдзæвгæтæ. XII, 63.

**ПОЭЗИ**

*ХЪОДЗАТЫ Æхсар.* **Мæ удæн йæ хæтæн – уæларв.** Æмдзæвгæтæ, тæлмацтæ I, 57.
*ФИДАРАТЫ Руслан.* **Баппæрстон æз уады рагъыл саргъ.** Æмдзæвгæтæ. I, 71.
*БАБОЧИТИ Руслан.* **Зæрдæ æма уоди астæу.** Æмдзæвгæтæ. II, 50.
*КЪАДЗАТЫ Станислав.* **Рагсæууон.** Æмдзæвгæтæ. II, 62.
*БЫРНАЦТЫ Барон.* **Æхсæз æмдзæвгæйы.** II, 78.
**Ирыстоны поэттæ сылгоймаджы тыххæй**. III, 5, 51, 95.
*ДАУЫРÆ.* **Азтæ.** Æмдзæвгæтæ. III, 41.
*ÆЛБОРТЫ Беллæ.* **Уалдзыгон зарджытæ**. Æмдзæвгæтæ. III, 48.
*ХОХОЙТИ Маринæ.* **Седзæри зар.** Æмдзæвгæ. III, 50.
*БРЫТЪИАТЫ Аслæнбег.* **Ирон фарн цуды**. Æмдзæвгæтæ. IV, 29.
*БИАЗЫРТЫ Кромвель.* **Зонгæ гитарæйы зæрдæрухс.** Æмдзæвгæтæ. IV, 58.
*БУЛКЪАТЫ Игорь.* Прозæйæ фыст æмдзæвгæтæ. VIII, 29.
*КОСТЫ Лизæ.* Æмдзæвгæтæ. IX, 54.
*КАСАТЫ Батрадз.* **Ног азы къæсæрыл.** Æмдзæвгæ. XII, 7.
*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли.* Æмдзæвгæтæ. XII, 29.

**ПРОЗÆ**

*ЦГЪОЙТЫ Хазби.* **Рагбонты фыстæджытæ.** Новеллæ. I, 22.
*ХЪУЫЛАТЫ Ладимыр.* **Артæ зæгæлы.** Радзырд. I, 55.
*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Æртæ радзырды**. II, 22.
*ЦХУЫРБАТЫ Сергей.* **Ныв.** II, 71.
*ДЖИМИТЫ Кларæ.* **Иунæг чызг.** Уацау. III, 61**;** IV, 33.
*ДЗАССОХТЫ Васо.* **Дыууæ радзырды.** IV, 71.
*ТОКАТЫ Асæх.* **Фæндыр.** Радзырд. V, 70.
*БЕДЖЫЗАТЫ Чермен.* **«Æртæ фæкасты».** Радзырд. VI, 35.
*ДЖИМИТЫ Æхсар.* **Царды цоппай.** Мысинæгтæ. VII, 14.
*ХУЫРИАТЫ Хазби.* Радзырдтæ. IX.24.
*ТЛАТТАТЫ Бексолтан.* Радзырдтæ. XI, 73
*ДЗЕСТЫ Куыдзæг.* **Иу ногбон æхсæв.** Радзырд. XII, 8.

*ЧЕРЧЕСТЫ Хъасполат.* Радзырдтæ. XII, 16.
*ГÆБÆРАТЫ ФЕЛИКС.* **Мад.** Радзырд. XII, 22.
*САНАТЫ УАРИ.* **Чермен**. XII, 36.

**ПУБЛИЦИСТИКÆ**

*МАМИАТЫ Таймураз.* **Цъесаг лæппу.** I, 94.
*КУЧИТЫ Руслан.* **Нæ иудзинады сæрвæлтау.** Уац. I, 106.
*ТЪЕХТЫ Тамерлан.* **Хæларзæрдæ, цæстуарзон.** III, 112.
*Рашад ТУГАНОВ.* **Кабардино-Балкария в публицистике и поэзии Коста Хетагурова.** IV, 122.
*ГАСАНТЫ Валери.* **Ныфс æмæ æууæнчы уацмыстæ.** VI, 86.
*ГÆБÆРАТЫ Юри.* **Хæст, уæлахиз æмæ гуманитарон æххуыс.** VIII, 95.
*Роман БАРАНОВ.* **Фыдыбæстæмæ фæндаг.** IX, 103.
*ДЖУСОЙТЫ Клавæ.* **Къостайы фæндыры зæлтæ Нафийы сфæлдыстады.** Уац. XI, 91.
*БОЛАТАТЫ Фатимæ.* **Некоторые ракурсы символистского мышления в искусстве Азанбека Джанаева.** XII, 110.
*ГАСАНТЫ Валерий.* **Фыстæг Хъазиты Мелитонмæ.** XII, 125.

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**

*БАСИТЫ Барис.* Таурæгътæ. VII, 54.

**ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ**

*ГУÆЗДÆРТЫ Азæ, ДЗЕБОЙТЫ Азæ.* **Коцойты Арсен – радзырды дæсны.** Уац. VIII, 120.
*БРЫТЪИАТЫ Анжелæ.* **Сывæллæтты литературæ æмæ хъомылады фарстатæ.** Уац. XI, 113.

**ÆВЗАГЗОНЫНАДЫ ФАРСТАТÆ**

*ХЪÆЦМÆЗТЫ Езетхан, БОЦИТЫ Данæ.* **Миногонты стилистикæ ирон æвзаджы.** Уац. IX, 108.

**УИДÆГТÆ**

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **Ирон туджы 'ртæхтæ Америкæ æмæ Австралийы.** II, 115.
*КУЫДЗИАТЫ Олег.* **Хъантемыраты Эльбрусы мысинæгтæ.** V, 127.

*МАМИАТЫ Таймураз.* **Мамиаты-Мамиты мыггаг знонæй абонмæ.** Уац. IX, 115.

## ТÆЛМАЦТÆ

*ЗОЛОЙТЫ Аркади.* **Немыцаг æмæ англисаг поэзийæ.** I, 74.
*Мацуо БАСÆ, Кобаяси ИССА, Исикава ТАКУБОКУ.* Æмдзæвгæтæ. II,122.
*ЗОЛОЙТЫ Аркади*. **«Мах дуг»-имæ 115 азы**. V, 88.
*ТАДТАТЫ Тамерлан.* **Зынгимæ хъазт.** Радзырд. VIII, 99.

## ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИИ

*МАЛИТЫ Васо.* **Сурмейы хæдзар.** Романæй сæргонд. VII, 123.
*ГАДАТЫ Лазæр.* Радзырдтæ. VIII, 126.
*ДОЦОТЫ Зоя.* **Ханты цагъд.** Радзырд. IX, 129.
*МАЛИТЫ Хасан.* Радзырдтæ. I, 125.
*МУРАСТЫ Эльбрус.* Этюдтæ. XII, 128.

## НЕ ´ВЗАГ – НÆ ФАРН

Æвзаг – нацийы бындур. II, 5.
**Зындгонд адæймæгты хъуыдытæ мадæлон æвзаджы тыххæй.** V, 124.

## АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫССÆН

*АЙЛАРТЫ Зарæ.* **Æдзард зынгхуыст.** VI, 133.
*АЙЛАРТЫ Зарæ.* **Хетæгкаты Къостайы поэмæ «Фатимæ».** X, 124.

## РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

*ЦÆРИКЪАТЫ Мæирбег.* **Ахæм уыд Азанбег.**
(Дзанайты Азанбеджы райгуырды 100 азмæ). I, 80.
**Солæман-паддзахы тыххæй кадджытæ, æмбисæндтæ.** I, 111.
*Владимир ТАРШИС.* **Он заполнял собой весь мир.** II, 122.
*ГАСАНТЫ Валери.* **Зын, фæлæ намысджын цард**
*(Брытъиаты Зариффæйы райгуырды 100 азмæ).* III, 16.
*ДАУЫРАТЫ Дамир.* **Цæсгомæй-цæсгоммæ.** *(Уататы Бибойы райгуырды 80 азмæ).* III, 21.

## СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

*ХОДЫ Дзаххотт.* **Чи кæй?** Фельетон. I, 53.

**УÆЛÆМХАСÆН**

*Юрий ВОРОНОВ.* **Царица Тамара и «структура страсти».** Уац. I, 136.

**ФАРНХÆСДЖЫТÆ**

**Фысджытæ худынц**. VIII, 137.

**НÆ ИНТЕРВЬЮТÆ**

**Всадник на волшебном коне.** II, 93.
*КАСАТЫ Батраз.* **Хъаратæ - Дард Хурыскæсæны.** Интервью. II, 127.
*ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ.* **«Цæмæй райхъуыса зæрдæйы мелоди æмæ азæла гæххæттыл».** IV, 113.
*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **Æз рахастон мæ зæрдæйы цæхæртæ æмæ сæ арвыл байтыдтон æрмæй.** VI, 89.

**ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ**

**Литературой иугонд «Суадон»-ы уæнгты æмдзæвгæтæ.** III, 104.
*БАСИТЫ Зæлинæ.* Æмдзæвгæтæ. IV, 116.
ЦОКОЛАТЫ Катеринæ. Æмдзæвгæтæ V, 113.
БОРÆТЫ Алан-Сæрмæт. Хæрхæмбæлд. Фантази. VI, 98.
БЕТЕТЫ Фатимæ. Æмдзæвгæтæ. VII, 90.
ГАСАНТЫ Валери. Æмдзæвгæтæ. VIII, 81.
ГАБОЛАТЫ Заурбек. Æмдзæвгæтæ. XII, 76.

**МАХ ДУГ – 85**

**Арфæтæ.** V, 6.
*ХЪОДЗАТЫ Æхсар.* **50 азы журнал «Мах дуг»-ы рухс æмæ æнæнцой фæндæгтыл.** V, 15.
**«Мах дуг»-ы редактортæ.** V, 20.
*МÆХÆМÆТТЫ Ахуырбег.* **«Мах дуг» – дуджы айдæн.** V, 34.
*ГАСАНТЫ Валери.* **«Мах дуг» – мæ царды, мæ зонды, мæ хъуыдыйы.** V, 47.
*СÆЛБИТЫ Дианæ.* Этюдтæ. XI, 83.

**ДРАМАТУРГИ**

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил.* **Санаты Сем**. Комеди VI, 104; VII, 97.

## НÆ ДУДГÆ РИС – БЕСЛÆН

*КЪАДЗАТЫ Станислав.* **Минбазырон азæлд, мин-минсыфон рис.** Композици. IX, 65.
*КАСАТЫ Батрадз.* **Тугæйдзаг дзæнгæрæг.** Æмдзæвгæ. IX, 70.
*МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег.* **Беслæны азар.** Æмдзæвгæ. IX, 72.

## СЫХАДЖЫ ХОРЗÆХ

*Муталип БЕППАЕВ.* Æмдзæвгæтæ, эссе. XI, 6.
*Хасан ШАВАЕВ.* Радзырд. XI, 11.
*Мадинæ ХАКУАШЕВА.* Радзырд. XI, 19.
*Зубер ТХАГАЗИТОВ.* Æмдзæвгæтæ. XI, 27.
*Магомед КУДАЕВ.* Новеллæ. XI, 31.
*Амина ГАЗАЕВА.* Æмдзæвгæтæ. XI, 41.
*Владимир МОКАЕВ.* Æмдзæвгæтæ. XI, 45.
*Светлана МОТТАЕВА.* Æмдзæвгæтæ. XI, 48.

## КАРЗ ТОХЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ

V, 64; VII, 7; VIII,35; IX,62; XI, 64; XII, ??.

## «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

I; 85; II, 105; III, 115; IV, 97; V, 97; VI,65; VII, 65; VIII, 65; IX, 81; X, 97; XI, 97; XII, 81.

## АРВИСТОН

I, 125; II, 135; III, 134;

## ТÆФÆРФÆС

*АЙЛАРТЫ Измаил.* I, 142.
*ТЕДЕТЫ Ефим.* VI, 143.

*КЪАДЗАТЫ Станислав*

## НОГБОН ÆХСÆВ

Ногбоны къæсæрыл
Буц арфæтæ – мин!
Ногбоны къæсæрыл –
Нуазæнты цъæх дзинг.

Уарзы уын нæ зæрдæ,
Уарзы уын нæ цæст –
Ног азæн йæ хæрзтæй
Ут æдзух æфсæст!

Арфæгонд Хуыцауæй
Бинонтæ куыд уой.
Ног цинтæ уыл урæд,
Ивылæд уыл сой.

Уастырджи фæндагыл
Ахъазгæнæг уæд.
Алчидæр хæдзармæ
Дзагармæй цæуæд.

Уæд уæ амонд алкæд
Стъалытау бæрзонд!
Аразæд уæ кадмæ,
Адæммæ уæ зонд!

Цъарыл разæй:
**Фидараты Фидар.** *Æхсæвгæс Бибо*

# РАФЫССÆМ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

























Ныридæгæн цæуы 2020 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны рæстæг. Бирæ азты дæргъы йæ зæрдæ журнал «Мах дуг»-ыл чи нæ сивта, йæ зæрдæ ирон æвзаг æмæ литературæйыл æнувыд кæмæн у, уыдонæн афæдзы кæронмæ сæ бон у журнал рафыссын «Уæрæсейы пост»-ы мидæг 2020 азы фыццаг æмбисæн **347 сомы** æмæ **88 капеккæй**. Уыимæ, журнал рафыссæн ис аслам-дæрæй. Ахæм фадат «Уæрæсейы пост» дæтты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæ æмæ инвалидтæн. Уыдонæн журнал рафыссæн ис **309 сомы** æмæ **18 капеккæй**.

Уыцы хуызы «Мах дуг» рафыссæн ис редакцийы дæр.

Нæ зынаргъ журналкæсджытæ, уæ хорзæхæй, æрбалæууут «Мах дуг»-ы фарсмæ æмæ йæ рафыссут! Махæй цы аразгæ уа, ууыл та зæрдиагæй архайдзыстæм.

Ныфс нæ ис, нæ бастдзинæдтæ æнгомдæр кæй уыдзысты, ууыл.

***Редакци***